№47 (19880) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХІАКЪИКЪАТ

МАГІАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

1 декабрь 2023 с. рузман

ХАЛКЪАЛЪУЛГУН БУХЬЕН

## ЧІагояб гара-чІвариялъ чІаголъи кьеялде хьул буго



**29 ноябралда «Дагъистан» РГВКялда тІобитІана ДРялъул бетІерасул иргадулаб рагьараб эфир. Лъабгониги сагІаталъ гІададмазул суалазе жавабал кьуна Сергей Меликовас.**

**Рукъалда аскІор ругел бигьародул гъутІби къотІиялдаса байбихьун ЦІияб сонил байрамалде гІунтІун батІи-батІиял суалал кьуна дагъистанияз. РукІана гьезда гьоркьор республикаялъего кІвар бугелги кьечІого тани, къварилъи гьечІелги. Бокьун буго нижеда кІвар бугеллъун рихьарал суалал рехсезе.**

### «Россеталъул» концерт чІалгІун буго

Республикаялъул цониги шагьар яги росу батиларо, токалъул масъалаялъ ракІ унтизабичІеб. Гьелда бан кьураб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна **С. Меликовас:** *«ТІоцебесеб иргаялда кІвар буссинабизе ккола токалъул мухъалда ккараб къварилъи тІагІинабиялъул хъулухъалде. Гьелъул хІалтІи камил гьабиялде бербалагьи цІикІкІинабуна 2021 соналдаго ва гьанже, токалъул квар тІуниги, трансформатор бухІаниги, гьеб иш рукІалиде ккезабула къокъаб заманалда. Цебе кІиголъабго къоялъги къачІачІого толеб букІун батани, жакъа гьелъие хІажалъула цо чанго сагІат.*

*«Россети Северный Кавказ» абураб идараялъулгун къотІи гьабун буго СКФОялъулги ЮФОялъулги регионазда хасал бригадаби гьанирго рукІине ккеялъул хІакъалъулъ. Къварилъи ккараб бакІалде хехго ритІула гьел.*

*КІиабилеб. 2021 соналдаса байбихьана трансформаторал, токалъул кварал хисизе. 2022 соналда гьеб хІалтІи гьабуна мугІрузул районазда. Газ гьечІеб росулъ токги свараб мехалда, балагь рещтІараб хІисаб букІуна. 2023 соналда ракІалда букІана гьебго хІалтІи МахІачхъалаялда ва цогидал шагьараздаги гьабизе, амма гІарцул рахъалъ гьелъие рес кьечІо. Улкаялъул президентасулгун ва федералиял министерствабазулгун гьарурал дандчІваяздаса хадуб гьелъие гІарац щвана ва жакъа гьеб хІалтІи гьабулеб буго.*

*Лъабабилеб масъала – кІудияб къуваталъул токалъул кварал хиси. Гьеб буго 2027 соналде щвезегІан гьабизесеб хІалтІи. РакІалда буго 2030 соналде щвезегІан гьелъул болжал цІикІкІинабизе. Гьеб программаялъе хІажалъула гІемераб гІарацги заманги».*

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

ЯРМАРКА

## НигІмат гьарзалъанагІан, хиралъулеб щай багьа?

**29 ноябралда республикаялда кІодо гьабуна росдал магІишаталъул хІалтІухъанасул къо. Тахшагьаралъул аслияб майданалда кІодо гьабуна гьеб къо. Гьениб тІобитІана кІудияб ярмарка. БукІана ихтилат-кечІ, концерталъулаб программа.**

**Ярмаркаялде рачІун рукІана республикаялъул киналго районазул вакилзаби. Лъебелазул гІиял гьангун рачІана лъаратІисезул гІи-боцІухъаби, ГІандисагун Гъагъалъа гьанал къулагІабигун, хьиндаллъиялъул пихъгун хьергебдерилгун ансадерил вакилзаби, Гъуниса, Гумбеталдаса, ЧІарадаса, Хунзахъа ва цогидалги районаздаса росдал магІишаталъул хІалтІухъаби.**

**Майдан ахха-тІараде щун кьералда лъун рукІана щибаб районалъул чадрал. Цебе тІибитІун миллияб кванил нигІматгун, ахІулаго кечІгун къабул гьарулел рукІана гьез ярмаркаялде рачІарал. Майдан бакьулъ бакараб цІаялда тІад бельунеб букІана плов.**

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

БАРКУЛА



Дагъистаналъул гидроэнергетика цебетІезабиялъулъ бергьун кІудияб бутІа лъурав, ЧІикІаб, Миякьоб, Рихьуни ва ГьоцІалъ – ункъо ГЭС баялъе нухмалъи гьабурав НурмухІамад ГІалиевасда баркула гьавураб къо.

Гьарула гьесие сахлъи ва халатаб гІумру.

***Гьудул-гьалмагъзаби***

ИНСАН

### Журналистас намус бичизе бегьуларо



9 гьум. >>>

МАГІАРУХЪЛЪИ

### Росу цІилъиялъе сабаблъун ккаги



15 гьум. >>>

# Салатавиялде гъабураб сапар

**Гъал къоязда «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIасанов, заместитель Зикрула Ильясов ва отделалъул редактор ГIабаш ГIабашилов щвана Казбек районалде, дандчIавана Салатавиялъул жамагIатгун. Гъениб бицана районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, церечIарал масъалабазул ва 2024 соналде газеталъе подписка гъабиялъул хIакъалъулъ.**



Гъединго бицана магIарул мацIалде, адабияталде ва маданияталде, хасго ВатIаналде рокьи кукцай мурадгун «ХIакъикъаталъул» хIалтIухъабаз гъабулеб бугеб хIалтIул, газеталъул гъурмазда рукIунел пайдаяб макъалабазул, рорхулел кIвар бугел суалазул.

Т. ХIасановас абуна Салатавия гIодобгIьиялдаги тIадмагIаруллъиялдаги гъоркьоб бугеб сангар колин, тарихалда дагъал гьечIин хIужаби гъеб мухъалъул гIадамаз, мугIрузул районазде унел рукIарал тушбабиги щущахъ риххизарун, магIаруллъиго цIуниялъул. Авар мацI цIунулезул цебесеб кьердаги гьел рихьизе рокьилаанин, гьелде тIамулеб тIоцебесеб галилъун «ХIакъикъат» хъвай кколинги тIаде жубана гьес.

З. Ильясовас бицана миллияб мацI цIуниялда сверухъ хIалтIи гьабулел аслиял идарабилъун жакъа «ХIакъикъатги» Авар театрги кколин. Миллияб газеталъул гьурмазда гIадат-гIамалалъул, тарихалъул, адабияталъул ва маданияталъул, ай миллиябщиналъул номералдаса номералде рехсон букIунинги абуна гьес.

МагIарулазул цого-цо бугеб республикаялъулаб басмаялъе подписка гъабиги миллаталдехун бугеб рокьи загьир гъаби кколин лъазабуна Ильясовас.

Казбек районалъул бетIерасул заместитель Ильяс Шабазовас ва депутатазул собраниялъул председатель Гирисхан Гирисхановас бицана магIарул мацI цIуниялда сверухъ муниципалитеталда гъабулеб бугеб хIалтIул ва данделъаразде хитIаб гъабуна «ХIакъикъатгун» районалъул «Чапар» газетал щивас хъвазе ккелин абун.

***РЕДАКЦИЯ***

# 35 азарго гектаралде ишанги босун

**Гьал къоязда «Дагъистан» РИАялда тIобитIараб пресс-конференциялда исана ичIго моцIида жаниб гъабураб хIалтIул хIасилазул хIакъалъулъ баян кьуна ДРялъул цIолбохъанлъиялъул ва чагъир гъабиялъул комитеталъул нухмалъулесул заместитель АхIмад АхIмадовас.**

- Россиялда цIибил гIезабулеб ракьул гIаммаб гIатIилъи ккола 100,7 азарго гектар. Гьелдаса Краснодар краялда буго 29,7 азарго, Дагъистаналда - 26,6 азарго, Крымалда - 20,4 азарго ва гь. ц. Дагъистаналда цIибил гIезабула 99 гIаммаб магIишаталъ, 151 КФХялъ ва гIемерал ЛПХяз. Нилъер республикаялъул цIолбохъанлъиялда бищун лъикIал хIасилал рукIана 1984 соналда: 71 азарго гектаралдаса бакIарараб бачIиналъул къадар бахун букIана 380 азарго тоннаялде (цо гектаралдаса 74,8 центнер). Исана республикаялда бакIарана 282,7 азарго тонна (цо гектаралдаса 123 центнер). Гъоркьиса бакIарун букIана 268,7 азарго тонна (цо гектаралдаса 118,7 центнер). Гьеб рахъалъ Россиялъул регионазда гъоркьор нилъ руго тIоцебесеб бакIалда, – ян бицана А. АхIмадовас.

Масала, Краснодар краялда бакIарана 265,5 азарго тонна, Крымалда - 90,5 азарго тонна ва гь. ц. Кумек хIисабалда пачалихъалъ цIол-



бохъанлъи цебетIезабиялъе 2021 соналда биччан букIана 226,4 миллион гъурущ, 2022 соналда - 519 миллион гъурущ. Исана биччана 614 миллион гъурущ.

Журналистазул суалазе жавабал кьолаго, гьес абуна 2035 соналде щвезегIан цIолбохъанлъи цебетIезабиялъе къабул гъабураб Стратегиялда рекъон, цIибил гIезабулеб ракьалъул гIатIилъи бахинабизе ккола 34-35 азарго гектаралде.

ЛъагIалие нилъее хIажалъула ункъо миллионгIанасеб чIезе хIадур гьабураб гъабу. Цебе, гIемерисеб мехалда, гьел росулаан къватIисел пачалихъаздаса. Гьанже питомниказда нилъецаго хIадурула микьго миллионгIанасеб гъабу. Гьезул цо къадар бичула цогидал регионазе. Мисалалъе, Крымалъе бичизе буго 400 азарго гъабу.

Дагъаб захIматаб масъала буго цIибил цIунизе складал гьечIолъиялъул рахъалъ. Буго 3,6 азарго тонна цIунизе гIураб бакI.

А. АхIмадовас бицухъе, исана соналъул ичIго моцIида жаниб республикаялда къватIибе биччана 987,1 азарго дал (дал - 10 литр) коньякалъул, 1144,6 азарго дал чогърол (гъоркьиса биччаралдаса 63 проценталъ цIикIкIун), 1167,2 азарго дал полпихараб чогърол (0,3 проценталъ дагь).

Рехсараб продукция къватIибе биччалел предприятияз 2022 соналда бюджеталде (республикаялъул, шагьаразул ва гь. ц.) кьуна 6,5 миллиард гъурущ налогазул.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

# ЖамгIияб палата ва жамгIияталъе пайда

«МахIачхъалапродукт» ГКУялъул директор Марианна Останковскаялъ гIарза хъвана, жий хIалтIудаса эркен гьаеян гьарун.

Исана гIемераб ахIи-хIур бахъун букIана тахшагьаралъул школазда лъималазе квен гьабиялъе кьолел кванил ингIматазда бан. Гьединал хIужабазул халгъабиялъул хIасилалда РФялъул ЦIех-рехалъул комитеталъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул тIоцебесеб отделалъ рехсараб МКУялъул директоралъулги гьелъул заместителасулги рахъалъ ункъо уголовнияб дело рагьанин бицун букIана республикаялъул СМИязда.

«МахIачхъалапродукталъул» директоралъ гIарза хъваялъул хIакъалъулъ гьадинаб пикру загьир гьабуна ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул председателасул гIакълучи



**ГIалибег ГIалиевас:** «Гьеб буго нилъер жамгIияталъул бергьенлъи. Гьелъие квербакъана ЖамгIияб палатаялъул данделъиялда республикаялъул школазда лъималазе кьолеб кванил суал цебелъеялъ. Гьелда тIасан бахIсал гьарулаго, баянлъана, масъала тIубаялъе кIиго нух букIин: лъимал кванaзариялъул жавабчилъи тIалъулел гIадамазде ккараб «мунагь кIванагIан дагь гьаби» яги гьеб масъала балъго хутIунгутIиялъул мурадалда киналго идараби гIахьал гьариги такъсиралъул гIахьалчагIи жавабчилъиялде цIайги. Дун рази вуго жамгIиятчагIаз кIиабилеб нух тIаса бищиялдаса.

ЖамгIияб палатаялъул данделъиялде ахIун йикIана «МахIачхъалапродукталъул» директор. Гьелъие кьуна санагIат гьечIел суалал, рукIинчIо кьучI гьечIел бугьтанал – рехсана чIванкъотIарал гIадамазул цIаралги, хIужабиги, такъсиралъе квербакъарал гIиллабиги. ХIасил киназдаго бихьулеб буго жакъа», - ян.

ХIакъикъаталдаги жамгIияталъе пайдаяблъун лъугьана ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул тIолабго хIаракат.

***МадихIат ХIАЖИЕВА***

# БахIарчияй Мариям

**Гьал къоязда Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатов дандчIвана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчIужу Мариям Гунашевагун.**

«БахIарчияб ракIалъул гIадан» - гьедин абизе бегьула Болъихъа гIолохъанай тохтур-хирург Мариям Гунашевалда. Гьаб соналъул июналда, жиндиего бокьун, гьей ана Украиналда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе. Гьелда цадахъ Луганскиялъул рагъулаб госпиталалда хIалтIулей йиго гьелъул ункъгIан Малика ХIажибеговаги. Гьал къоязда, хIухьбахъиялъе ресги щун, Мариям ячIун йикIана гIагараб росулъе щвезе.

Районалъул бетIер Р. ХIамзатовас Мариям ахIана жиндихье гьоболлъухъе ва гьез бицана СВОялда бугеб ахIвал-хIалалъулги, гIумруялъулги ва аницал-мурадазулги хIакъалъулъ. Районалъул бетIерас цIехана Россиялъул цIиял регионазда кколел хисабасиязул ва гьениб гIумру гьабулел гIадамазул хIакъалъулъги. Нагагь къваригIани, хIажатаб кумекалъе жив хIадурав вугинги абуна.

Мариямица чIухIун абуна, СВОялде иналдаса цогIаги нухалда жий рекIекълъичIилан.

«Дун киданиги щаклъичIо нилъер руччабазул бахIарчияб гIамал букIиналда. Рагъулав тохтурасул нух тIаса бищарай дур мисалалъги гьеб пикру тасдикъ гьабуна. Нилъер ватIан цIунулезул сахлъиялъул хъаравуллъуда йигей дуе Аллагьас къуват ва икъбал кьеги, гьабулеб ишалъулъ квербакъаги», - ян абуна Руслан ХIамзатовас.



***М. ХIАЖИЕВА***

# ЧIагояб гара-чIвариялъ чIаголъи кьеялде хьул буго

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

## ГIемертIалаял минаби ва сверухълъи

МахIачхъалаялъул Элза Ибрагьимовалъул къотIноб бугеб №27 «б» минаялда гIумру гьабулел гIадамаз борхана азбаралда санагIат гьабиялъул масъала. Гьединабго хIал батила тахшагьаралъул гIемерисел къватIаздаги. Масала, сакъатай гIадан, инвалидазул гьакида гурони къватIие яхъине рес гьечIей Сабрина ГIалиевалъги паратхеквондоялъул рахъалъ Россиялъул анлъцIул чемпионка Сакинат МухIамадовалъги Меликовасда бицана, шагьаралъул къватIазул ахIвал-хIалалъ жидее гьарулел квекIеназул хIакъалъулъ.

Мина балев чияс гьелда сверухъ бугеб бакIалда гIадамазе санагIалъи гьабизе кколин абуна С. Меликовас. «Ставрополалда цониги хIакимас гъулбасунаро, инвалидазеги лъималазеги санагIатаб азбарги къватIги гьечIеб бакIалда бараб мина къабул гьабиялъул документалда гъоркь. Нилъеразул яхI-намус макьидаса борчIизабизе кколеб бугоха! Гьанже хIадуризе ва къабул гьабизе ккела гьел масъалаби тIураялъе квербакъулеб хасаб закон», - ан абуна гьес.

БакIал раялъул бутIаялда масъалаби гIемерлъизарулел руго байбихьудасаго законалъул тIалабал сан гьаричIолъиялъ. Ихтияр гьечIого ккураб ракьалда, изну кьолел документал щвелалдего, балеб буго мина. Проект-смета букIунаро, щуго тIала базе ихтияр кьураб бакIалда бала 10 тIала ва тIадеги – мансарда. ГIадамаз кьураб гIарац, пачалихъияб бюджеталъе мукъсанаб бутIаги кьун, рещтIуна намус гьечIел застройщиказул кисиниб. Дагъистаналъе кутакалда кIвар цIикIкIараб ва масъалаби гIемераб буго гьебанги абун, С. Меликовас ракIалде щвезабуна РосКапСтрой (Россиялъул БакIал раялъул министерствоялъул бутIа) абураб идараялъул 2020 соналда халгьабураблъи. Гьеб мехалда Дагъистаналда батана изну гьечIого бараб 457 гIемертIалаяб мина.

«Гьелеха масъалабазул гIомогороялъул кьучI. Генералияб планалда рукIарал минабазда рекъон кьолеб букIараб токалдеги, лъималдеги, коммуналиял хъулухъаздеги кколеб буго тIадецуй ва гьелъул хIасилалда ккола батIи-батIиял къварилъаби», - ян бицана Сергей Меликовас.

## Нухал ва цогидабги

Къокъго рехселин гIадамазул суалазе ДРялъул бетIерас кьурал жавабал.

- Тахшагьаралда бугеб Шамил имамасул цIаралда бугеб проспект къачIазе ккеялъул гIемер бицунеб буго. Гьелъул хIакъалъулъ мухIканго бицине буго 2024 соналда.

- СВОялда ругел ва ковидалдегун рахунел унтабазде данде къеркьолаго жигарчилъи загьир гьабурал гьоркьохъеб даражаялъул медицинаялъул хIалтIухъабазе (медсестра, медбрат) хасаб шапакъат букIине ккела. Гьелда тIад ургъизе руго.

- Живго цохIо гамидаги рекIун, кIицIул дунял сверарав машгьурав ралъдахъан Евгений Гвоздевасул 90 сон тIубай кIодо гьабизе буго. РакIалда буго гьесул цIаралда яхтазул клуб рагьизеги.



- МахIачхъалаялда сверухъ ругел поселоказда канализация гьабизе ккеялъул суал битIараб буго ва гьеб тIубазабизе ккола. Гьеб мурадалда гIумруялде бахъинабулеб буго МахIачхъалаялъул коллектор къачIаялъул проект. Хадуб цIигьаризе руго чороклъиялдаса лъим бацIцIад гьабиялъул бакIал. Гьеб мехалда байбихьила тахшагьаралъулги сверухъ ругел поселоказулги канализациялъул масъала тIубазе.

- ЖамгIияб транспорт – кIвар бугеб масъала буго. Гьеб тIубазеги буго.

- Социалияб такси. ДРялъул бетIерас рагIи кьуна гьелъие жеги 10 машина босизе.

- ГIемерал муниципалитетазда гIадамазе щолеб гьечIо бацIцIадаб лъим. Дагь-дагьккун гьеб масъала тIубалеб бугин бицана регионалъул бетIерас.

- МахIачхъалаялда бугеб Тбилисская къотIноб бан бахъараб мина биххиялда бан, С. Меликовас абуна: «Бульдозералда гъоркь егарай чIужугIадан – гьеб дица рикIкIуна застройщикас ургъараб хIиллалъун. Гьедин гьабизе бегьуларо! Ордер щвелалдего, гIадамал риччазе бегьулароан гьеб минаялъуре. Изну гьечIого бараб мина буго гьеб. Изну гьечIого гIумруги гьабулеб буго гьениб гIадамаз.

Щибха гьабилеб? ГIемерисез абулеб буго гьеб мина биххизе кколин, гьеб базе ихтияр кьурал жавабчилъиялдеги цIан. Дирги буго гьединабго пикру. Гьединлъидал жакъа ниж хIалтIулел руго прокуратурагун. Гьересиял кагътал кьурал гIадамазе гIадлу гьабизе буго.

Гьеб суал дандбана шагьаралъул мэрасулгунги. Ургъулел руго гIадамазул гIарац бецIиялда яги гьезие батIияб бакIалда рукъзал кьеялда тIад. Гьел гIадамазда лъалаан, мина базе ихтияр кьолел документал гьечIеблъи. Гьез хитIаб гьабизе ккелаан низам цIунулел идарабазухъе яги ЦУРалде (регионалъе нухмалъи гьабулеб централде). Законалда рекъон гьабизе ккола кинабго хIалтIи.

## ДРялъул бетIерасул рахъккола

ДРялъул бетIерас халкъалъулгун гьабураб гара-чIвариялъул хIакъалъулъ гьадинал пикраби загьир гьаруна нижер редакциялъе муниципалитетазул бутIрузги жавабиял хIалтIухъабазги.

**Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатов:** *«ДРялъул бетIер Сергей Меликовасулгун букIараб чIагояб гара-чIвариялда рорхана республикаялъул гIадамазе кIвар бугел ва чара гьечIого тIуразе кколел масъалаби. Гьезда гьоркьор рукIана токалъул, нухазул, МахIачхъалаялда ран ругел гIемертIалаял минабазул ва цогидал суалал. Хьул буго гьел тIуразариялъе нухал ратиялде ва республикаялъул министерствабазгун ведомствабаз халкъ разияб хIалалда гьеб хIалтIи гьабиялде.*

*БукIана гьениб нижер районалъул ГIанди росулъ лъималазул ах баялъул суалги. Гьеб буго хIакъикъаталдаги чара гьечIого хIажатаб иш: кIудияб росдае гIолеб гьечIо гьитIинаб лъималазул ах. ГIемерисел лъимал школалде хьвадизе байбихьула лъималазул ахикь щвезе рес бугеб лъайги гьечIого. Гьединал лъималазе захIмалъула цIалуда хадур гъезеги, классцоязда гьоркьор хьвадизеги. Хьул буго гьеб масъала тIубаялде».*

**БежтIа участокалъул бетIерасул ишал тIуралев Шамил Арадахов:** *«Токалъул, сахлъи цIуниялъул, сверухълъи берцин гьабиялъул, цIиял социалиял бакIал раялъул, нухазул ва жеги гIемерал суалал рорхана гIадамаз гьеб чIагояб гара-чIвариялъул заманалда. Дица абила: гьеб букIана пайдаяб гара-чIвари. Нилъеда бихьана республикаялъул бетIерасда лъугьа-бахъунеб жо лъалеб букIин, масъалаби тIуразаризе гьев хIадурав вукIин.*

*Гьабун бажаруларебги гьабизе бугин чIобогояб рагIиги гьес кьечIо. щибаб хIужаялъул бицана мухIканго, чIванкъотIун, бугеб ресги хIисабалде босун. Масала, руго масъалаби, гьабсагIатго тIуразаризе рес бугел, руго гьелъие цIикIкIараб заман хIажалъулелги. ХIакъаб жо – республикаялъул цебетIеялъе кIудияб кIвар бугел суалалги масъалабиги тIоцебесеб иргаялда тIуразаризе хIаракат бахъулеб буго гьес.*

*Жакъа нилъ руго парахатго, жинди-жиндир рокъор чIун. Гьединаб рес кьолеб буго нилъее СВОялда къалул коронир къеркьолел ругел нилъер бахIарчиял гIолохъабаз. Щивасда лъала, рагъда чIварал бахIарзазул цIарал даимлъизаризеги гьезул хъизамазеги С. Меликовасул хIаракаталдалъун кумек гьабулеб бугеблъи. Гьеб рахъалъ дица тIубанго рахъккола Сергей Меликовасул политикаялъул.*

*ГIадамаз кьурал суалазул рахъалъ абуни, щивас суал кьола жиндир ракIалъул тIалабалда рекъон. Щиб тIалаб гьабулеб бугеб щивасул ракIалъ – гьеб бараб буго батIи-батIиял гIиллабазда. Рукъалъул кIалтIа бугеб гъветI къотIийищ кIвар бугеб яги росулъе лъим, газ бачин ва нухал гьарийищ – гьеб тIаса бищула щивав чияс жинцаго.*

*Гьенир рехсарал масъалаби хасиятал руго БежтIа участокалъеги. Хьул буго, ДРялъул бетIерасулги, ДРялъул хIукуматалъулги ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъулги цадахъаб хIаракаталдалъун рехсаралги гьоркьор хутIаралги масъалаби тIуразариялде».*

**ДРялъул бетIерасул кумекчи МухIамад ХIажимухIамадов:** *«Республикаялъул бетIерас рагьараб эфир тIобитIи дица лъикIаб ишлъун рикIкIуна. Бихьулеб буго, С. Меликовас халкъалъул тIалаб гьабулеб букIин, гьезул пикруялъухъ гIенеккулев вукIин. АнцIго суалалда гьоркьоса щугониги тIубазе ресги батизе бегьила. Гьединлъидал, дир гьари буго, цоцаца какулел рукIинчIого, гъункун, цолъун, бажарараб кумек гьабейин абураб. Нилъерго Дагъистанги, мацIги, гIадатги цIунизе, нилъ рукIине ккола цолъун. Нилъер умумузул букIараб вацлъи-цолъи кIочене бегьуларо. Гьез малъухъе хьвадани, нилъер иш битIун ккезе буго.*

*Жакъа дун ун вукIана нилъер муфти АхIмад-апандиясухъе. Гьес гьоболлъухъе ахIун букIана Палестинаялдаса лъутун рачIарал гIадамазул къокъа, къварилъиялда ругел нилъер диналъул вацал. Муфтиясухъе щведал, хIикмалъун хутIана гьел. Гьез абулеб букIана Ал-Акъса мажгиталде щвараб гIадаб хIисаб бугин жидер ракIазулин абун. Гьаб щиб бакI, жидеда бичIчIулеб гьечIо, кире рачун ругелалиян гьарана гьез дида. Дица бицана, Дагъистаналъул муфтиясул рукъ бугин гьабин абун. Бицана, муфти гуребги, АхIмад-апанди шайихги кколин, дагъистанияз кутакалда адаб-хIурмат гьабулев устарги вугин абун. Гьеб мехалда гьез Аллагьасе щукру гьабуна, гьедигIан кIудияб даражаялъул чиясухъе щвезе жидее рес кьуралъухъиланги абун.*

*Муфтиясухъе гьалбал рачиналъе кIудияб кумек гьабуна ДРялъул бетIер Сергей Меликовас. Ругеб бакIалдаса бокьухъе къватIире риччаларо дол. АхIмад-апандиясухъе щвезе ихтиярги кьуна гьезие С. Меликовас, гьел досухъе рачине машинабиги кьуна, гьезда цадахъ, щиб кканигиян абун, полициялъул машинабиги ритIана.*

*Палестинаялдаса 250 чи вачIун вуго Дагъистаналде. Республикаялъ гьезие гьабулеб буго бажарараб кумекги. Дун ун вукIана дове, Палестинаялъе рахIмуялъул кумекги босун, республикаялъул вакил хIисабалда. Гьезги нилъее кIудияб баркала кьуна, жидее дугIа гьабеян гьарана».*

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# НигIмат гьарзалъанагIан, хиралъулеб щай багьа?

## ГIиял хIанги, гьанги, тIинчIнайил гьоцIоги, «учузал» багьабиги




*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Официалияб къагIидаялъ ярмарка сагIат анцIгоялда рагьулеб букIаниги, радалго вахьун щвана гьениве республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликовги. СагIат ичIго тIубалалдего, хадуб гьабун хIакимзабазул читIиргун, щибаб районалъул чодрода цевесан сверизе ана бетIер.

Хадуб букIана официалияб бутIа. Сергей Меликовас баркана хурухъабаздагун ахихъабазда ва гIи-боцIухъабазда росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къо. Экономикаялъе захIматал къоял рачIараб гьаб заманалда гьез улкаялъул чвантинибе гIарац бачIинабизе бахъулеб хIаракаталъулги, гIадамил лъимер бакьичIого хутIизе тIолеб гIетIалъулги, чед гIезабизе, кьегIер хьихьизе, пихьилгун ролъул бачIин цIикIкIинабизе гьез кьолеб захIматалъулги бицана республикаялъул бетIерас ва гьеб киналъухъго баркала кьуна магIишатчагIазе. Исана соналда жаниб росдал магIишат цебетIезабиялда жаниб кIудияб бутIа лъурал, тIокIлъи бихьизабурал цо-цо захIматчагIазе баркалаялъул кагъталги, дипломалги, цогидал шапакъаталги кьуна С. Меликовас. Гьезда гьоркьор рукIана хурухъаби, боцIухъаби, агрономал, цIибил, пиринчI, гени-гIеч гIезабулел ахихъабиги. Чанги захIматалъ кIвекIарал, цIадакьги гIазукьги чIун, жидерго магIишат гIезабулаго пинкьал рахьарал кверaз шапакъатги каранде къан, разиго ана сценаялдаса гьоркье лъугьун гьел.

Гьединаб букIана официалияб бутIа.

### «Щибаб жо гIемерлъанагIан, гIадат букIана учузлъулеб»

Дагь-дагькку рачIун цIуна гIадамаз Ленинил цIаралда бугеб майдан. Гьел гьенире рачIун рукIана, ярмарка тIобитIулеб бугелъул, учузго кванил нигIмат босизе хьулгун. Амма багьаби...

Багьабазул халгьабидал, гьелъ батIаго ракI гIодобе биччазабулеб хIал букIинчIо.

Байбихьилин пихьидасан. Бищун учузаб гIечул килограммалъул багьа букIана 40-50 гьурущ. Гени жеги хираго букIана. Базаралда бугелдаса цIакьго кIудияб батIалъи букIинчIо мандариналъул, апельсиналъул, хурмадул ва гьеб гуреб цогидалъул. Бугониги, халкъалъ даран гьабулеб букIана. Пихь бичулезул кьерги жибго тун, щвана гьанал багьа цIехезе.



480 гьурщиде кило гьабун бичулеб букIана цояс гIиял гьан. Лавашаса АхIсан бугин жинда цIарин бицана гьес.

- Росулъ дица оптовияб багьаялде 550 гьурщиде бичула гьанал килограмм. Гьедин инеги уна дихъа гьеб. Жакъа ярмаркаялда 480 гьурщиде бичулеб буго. Гьеб хираго гьечIо, гьабсагIат ругел багьабазухъ балагьани, - ян абуна АхIсаница.

### ЦIураб бакь, хIан, гIанкIуял, ханал

Лъебелазул машгъураб гIиял хIанги букIана ярмаркаялда. Гъоркьнусиса ва ГьоргIалиса кIиго гIолохъанчи вугоан кьотIун гIадамазе хIалбихьизе гьеб кьолел. 1300 гьурщиде букIана килограмм.

- ЧIахIилъги жемун гьабураб бугищ гьаб, - илан цIехолеб бугоан цIоробералги рарай цо гIаданалъ.

- Гуро, долъул багьа жеги хираго букIуна, 1800-2000 гьурущ, - илан жаваб кьуна гьелъие, цогидай гIаданалъе кьотIун кIиго килограмм бахъулеб гIадаб кесекги цIадирабазда рекъезабулаго гьезул цояс. Цоцазда хадур ирга гьабун рачIун босизе байбихьана гьезухъа гIиял хIан. АнцIго батIияб жоги жубан бичулеб «Голландиялъул хIанги», «Италиялъул моцарреллаги», цогидабги нусго батIияб цIарги лъун бичулеб хIанидаса, магIарухъ гIезабураб нигIмат тIаса бищизе лъалеб букIана гIадамазда. Татуяб, бацIцIадаб, нилъерго кверaлъ гIезабураб нигIмат шагьаралда жакъа кан бакун балагьизе кколеб хIал буго.

ХIан бичулезда хьибилалда букIана лъебелазул мугIрузда гIезабураб гIиял гьан бичулезул кьерги. 500 гьурщиде букIана кило.

Помидор-охцералъул багьа базаралда бугелдаса гIемер учузго букIинчIо, букIаниги гIадамаз босулеб букIана.

ДандбитIун рахьалда рукIана Гъизляралъул рахьдал ва гьанал комбинаталъул вакилзабазул чадрал. Урицкий гьанал комбинаталъул вакилзабиги рачIун рукIана. Республикаялъул тукабахъ гьезул цIураб бакь камураб тукен гьечIо. Нусго батIияб нигIмат букIана гьеб къоялъ ярмаркаялде бачIунги.



- Жакъа нижер шагьаралда буго кIудияб рохел. Рахьдал нигIматал хIадур гьарулеб цоги цIияб завод рагьулеб буго Гъизляралда. Чанго соналъ цебе къучI лъун букIана гьелъие ва гьале жакъа рагIалде бахъана.

Нижер Урицкий комбинаталъ абуни жиндирго марка хвезе течIо, чан сон аниги. Балагье, анцI-анцI батIияб нигIмат буго жакъа нижеца гьанибе бачIун, - ин бихьизабуна гьезул вакилалъ цIураб бакь босизе иргаялда чIарал гIадамазде кверги битIун.

Дагьаб гьоркьегIан букIана гьоцIо бичулезул чадрал.

Дагъистаналъул найихъабазул ассоциациялъул нухмалъулев Надир АхIмадов вугоан цебе тIибитIун гIемераб гьоцIогун. 800 гьурщидаса бахъараб букIана гьацIул килоялъул багьа.

- Нилъер найихъабаз гIезабураб гьоцIо жакъа нужеда батила Россиялъул бокьараб регионалда. Дагьаб цебегIан улкаялъул киналго найихъаби ракIарараб конкурсалда нилъер гьоцIо гIезабулез босана тIоцебесеб бакI. Россиялдаго лъана Дагъистаналда бацIцIадаб ва даруяб гьоцIо гIезабулеб букIин. Амма дун рекIекълъараб жо буго нилъерго гьаниб гьелъул къимат бичIчIулел чагIи дагьал гурони гьечIолъи.

Чакар гIезабулел чагIаз нахъе цулел руго ниж. Бокьарав сахлъи цIуниялъул хIалтIухъанасда гьикье - гьес нужее бицина чакаралъул бугеб заралги гьеб дагь гурони хIалтIизабизе бегьулареблъиги. Амма, гIажаибаб жо буго, цIикIкIун гьелъул бицанагIан гIемерлъун гурони, дагьлъулел гьечIо чакар хIалтIизабулел.

Чакар загьру букIин, гьоцIо дару букIин цIикIкIун бицине кваригIун буго. Гьеле пикру кьуни бокьилаан, - ин абуна найихъабазул цевехъан Надир АхIмадовас.

ГIанкIудал ханалги рукIана ярмаркаялда. 430 гьурщиде лъеберго хоно тIад бугеб лоток.

КIиго анкьалъ цебе циндаго багьа бахана гьезул. Ярмаркаялда учузго ратилародайин гьелин абураб хьулалда рачIун рукIана гIадамал. Амма гьезул къасдал хIорго хутIана.

Гьединаб букIана МахIачхъалаялъул ярмаркаялда тIамураб цо къо. Амма бичулеб жоялъул абизегIанасеб гьарзалъи букIинчIо. Ярмаркаби къо гьоркьоб бахъун гIадин тIоритIула республикаялда. Багьабазул абуни батIалъиго бихьулеб гьечIо…

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Ирсилазе гьабулеб хIалтIи

**ЦерегIанго къоязда чотIахъабазул къокъа лъабабилеб нухалъ бахъана сапаралъ. Исана гьез сапар бухьана АхIулгохIде ва гьенисан Сугъралъе. Мурад букIана 1877 соналда гьениб ккараб гъазаваталъул ишал ракIалде щвезари. ЧотIахъабаз жидедаго цебелъураб суал ккола, Дагъисталъул тарихиял бакIазде щвей, гьел лъазари, умумузул бахIарчияб нух, гьез жидерго ватIан цIуниялъе гIоло гьарурал гьунарал, гьениб букIараб ахIвал-хIал ракIалде щвезаби.**

**- Нилъер гIемерисезда лъала АхIулгохIда ккарал лъугьа-бахъинал. Амма руго жеги къватIире загьирлъичIел цо-цо баяналги. Масала, исана нижеда мухIкан гьабизе кIвана 1839 соналъул август моцIалъ хъизанлъималгун, гьудул-гьалмагъзабигун гIоралда тIасан Шамил кIанцIараб бакI. Нижеца гьениб чIвана игIланги.**

**Генуб ккола кIиго имамасул росу. Гендерил росдал ва гIадамазул хIакъалъулъ бечедаб тарихги буго. Бугониги, Генуре щведал, гьеб росдал тарихги цIехон, аслияб мурад букIана, гьениса цIар ракIарав гIалим, XIX гIасруялъ вукIарав ГIабдула-хIажил зияраталде щвей. Гьевги ккола ан 1877 соналъ букIараб багъа-бачариялъул гIахьалчи.**

**Кинха щвечIого рукIинел Шамилхъалаялде. Гьениб бана сордоги. Унсоколо районалъул нухмалъулез нижее лъикIаб гьоболлъиги гьабуна. Щвана Хьаргабире. Гьенибги кIудияб гьоболлъи гьабуна хьергебдерил жамагIаталъ. Гьединго гьабуна мажлис. Гьениб бицана росдал тарихалъул, ккарал рагъазул, хасго наиб Идрисил хIакъалъулъ.**



Гьенисан щвана СалтIа росулъе. ЦIар ракIарав наиб ГIумардибирасулги Кавказалъул эмирлъун вукIарав УзунхIажилги ватIан ккола гьеб.

ГIурусазул хирург Пироговас тIоцебе СалтIа гьабуна, наркозги кьун, операцияги.

Гьеб сапаралда цадахъ рукIана Чачаналъа, Ингушетиялдаса, МахIачхъалаялдаса, Хасавюрталдаса, Казбекалдаса, Шамил, Болъихъ, Хьаргаби, ГIахьвахъ, Лаваша районаздаса гIолохъаби. Байбихьудаса 29 чотIахъан вукIун ватIани, СалтIе щвелалде, гьезул къадар бахана 38-ясде.

ЧотIахъаби данделъун гьединал сапарал гьариялъ гьуинлъи ва гъунки цIикIкIинабула, тарихалде рокьи бижизабула. Гьединлъидал гьел гIолохъабазе баркалаги кьезе ккола. Гьел къватIире рахъуна гьабулелъуб гьабулебги тун, гьава-бакъалъухъ балагьичIого.

Буго цо магIаруласул конституция. РакIалде ккола, гьебги цIунун хьвадилин нилъер гIолеб гIел, гIадамазулъ гьуинлъи, гьудуллъи, цоцаде бугеб бербалагьи хвезе теларин абун, - ан бицана Салатавиялдаса тарихчи, мугIалим МухIамадапанди Дадаевас.

Гьесулгун ккараб гара-чIвариялдаса хадуб, нижеца бухьен ккуна къокъадулъ рукIарал цо-цо гIолохъабазулгунги.

**Хьаргабиса ГIабдулмажид**



- Лъабабилеб нухалда сапар гьабулеб буго дица гьаб къокъаялда цадахъ. Дир мурадги букIана умумузул баракат щвей. ГIолеб гIелалъ мисал босизе бокьи.

Бищунго ракIалда чIана нухазда гIадамаз гьарурал дандчIваял. Дида цадахъ рукIаразул цо-цоязда магIуцин ккезе кIолеб букIинчIо.

ГIемер руго Дагъистаналда иман бугел гIадамал. ЦIакъ нечезаруна гьез. Аллагь разилъаги киназдасаго.

**ЦIолодаса Усама**



- Сапаралъ вахъиналъул мурад букIана жеги цIикIкIун тарих лъазаби. Бищун ракIалда чIана росабалъ гьарурал дандчIваял.

Сапар бокьанищин абуни, кутакалда бокьана. Амма гIадлу гьабизе цевехъан дагъав лебалав гьечIолъи гурони, абизе ракIи гьечIо. ГIадамалги батIи-батIиял рукIунелъулха. ГIемерав чи цадахъ къватIиве вахъараб мехалъ гIунгутIаби гьечIого рукIунаро.

**ГIандиса Абакар**

- Ниж ана Шамилил сухъмахъаздасан, гьесул наибзаби рукIараб бакIазде щвана. Нижеца гьадинал сапаралги гьарулел руго, нилъерго тарих бокьиялъ, хадуб бачIунеб гIелалъги гьелъул тIалаб гьабизелъун букIине. ГIемераб жоги бихьана, батIи-батIиял бакIалги лъана, гIемерал гIадамазулгун лъайхьвай ккана.

Нижеца ихдалги гьабизе буго



сапар Гъуниса Даргъоялде. Нижее цIакъ бокьун буго гьеб сапар такрар гьабизе.

Дида ракIалда чIараб жо, гIадамазул нижедаса букIараб рохел, гьез нижеда гьабураб дандчIвай.

**КъулецIмаса ХIасан**



- Щванщинаб бакIалда цIакъ лъикI къабул гьаруна ниж. Нижеда лъикIал дандчIваялги гьаруна. БитIараб бицани, инчIого бегьуларел бакIал рукIана гьел. Бищун ракIалда чIараб жо буго, цо росдаца нижее нух битIи гьабулеб мех, дирго бадиса лъачIого гирана магIил гарал. ГьедигIанги хIурматалда нухарегIана ниж.

Дун цIакъ вохана гьеб сапаралдаса, щвана зияратазде, лъана гIемераб цIияб жо.

**НитIаса ГIабдула**



- Дие цIакъ рокьула чуял ва рекIун гьездагун сапарал гьаризе. Гьелъ вахъун вукIана къватIиве, Шамилил сухъмахъаздасан, тарихчагIигун цадахъ. Жеги рихьичIел районал ва росаби рихьана, Шамил щварал бакIал, гьесул сухъмахъал ва зияратал лъана. МагIарулаз гьабураб лъикIаб гьоболлъиги, дандчIвайги сундухъ кьолеб?

Баркала буго гьаб сапар бухьине квербакъаразе ва къокъацоязе.

Гьайгьай баркала буго гьеб сапар гьабизе пикру ккарал МухIамад-Апанди Дадаевасе, Гьайирбег ГIабдулаевасе ва гьединго тарих лъазабиялъул мурадалда жидерго хIалтIи тун сапаралъ рахъарал гIолохъабазе. Гьез гьабулеб хIалтIи, тарих лъазаби, зияраталъ ин, гьеб буго кIудияб иш. БачIунеб гIелалъеги ирсие нахъе хутIизе бугеб.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

# Къуркьи гьечIев «Аварав»

**Дагъал церегIан къоязда «ХIакъикъаталъул» Телеграм-каналалде хъван бачIана пуланав чиясул хIакъалъулъ макъала газеталда бахъиларищин абун. Гьедин нижехъеги хъван, тIокIаб кинабгIаги баянги кьечIого, чанго къоялъ сихI къотIун чIана Хьаргабиса Руслан ГIумаров. Гьал къояздаахIун бачIиндал бичIчIана Руслан СВОялда хъулухъ гьабулев вукIин ва гьесие жидерго бахIарчияв командир, Хунзахъ районалъул Харахьиса ГIиса МухIамаевасул хIакъалъулъ бицине бокьун букIин.**

**Хьаргабиса Руслан ГIумаровги Харахьиса ГIиса МухIамаевги Донецк республикаялда Херсон ва Запорожье областазда, 150-дивизияльул Волгоградалъулаб №33 мотострелковияб «Шторм» полкалда рагъулаб хъулухъ тIубазабулел руго. СВОялде гьел ана жидеего бокьун. Гьев кIиявго гьудул, рагъухъаби – «Шахги» «Аваравги» магIарулазе хасиятаб къадруги яхIги цIунун къеркьолел руго.**

**ГIиса МухIамаев СВОялде аралдаса анлъго моцI буго, амма гьев рагъулаб хъулухъ тIубалев вукIин я эбел-инсуда, я росулъа гIадамазда лъалароан гьанжелъизегIан. Гьале, итни къоялъ, аскариясул ратIлилъ, кодоб тIугьдузул кваццIигун вас тIаде щведал рохелги, хIинкъиги, васасул бахIарчилъиялдаса чIухIиги жубараб асар гьабуна эбел ПатIиматие ва эмен ХIайбулае. Гьал къоязда гьев отпускалъ вачIана Дагъистаналде.**



## ГIагарлъиялдаса балъго ана СВОялде

Эбел-инсуда ургъел чIвачIого букIине, жив Санкт-Петербургалда сварщикльун хIалтIулев вугин абулеб букIана ГIисаца. Хъизамалда цо вугев вас ккола гьев. СВОялда цебесеб кьерда гIакьаллъулев вукIин лъани, эбелалъе гьеб хIакъикъат захIмалъилин абун, живго вугеб бакI балъго гьабизе ккана ГIисаца.

ГIицIго кIудияй яцалда бицана живго вугеб бакI.

ГIиса лъукъараб сордоялъ яцалда бичIчIана вацасе цо къварилъи ккун букIин. Гьей радакь макьилъ вацги вихьун йорчIана. РакIалъ рахIат течIого, радал щугоялда ахIана вацасухъе, жинда цIакъ хIинкъараб макьу бихьанин, мун кин вугевин абун.

Лъукъарав вацасул загIипаб гьаракьалъ гьелъул рекIелъ жеги щаклъи цIикIкIинабуна. Цо вугев вацасе щиб бугониги ккун букIин гьаналъго бицана гьелда. ТIокIалъ бахчун бальголъи тIубалареблъиги бичIчIун, ГIисаца видеобухьенги гьабун бихьизабуна живго вегараб больница. Жив СВОялда вугин ва лъукъун больницаялде кканин абуна гьес.

Телефоналъ яцалда кIалъалагоцин гьей гIодараб мехалда ГIисадаги магIу ккевзе кIвечIо. Гьалмагъасулгьаракьги квералги сороле рихьидал, Русланица гьесухъа телефонги босун абуна, нужер вас бахIарчиго ВатIан цIунулев вугин, нуж гьесдаса чIухIизе бегьулин абун.

Маялдаса нахъе вуго ГIиса МухIамаев СВОялда. Жиндир кIудияв эменги КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран вукIанин, живги бихьинал хIажатаб бакIалде бихьинчи гIадин анин абула ГIисаца. Кин букIаниги СВОялда рагъулаб хъулухъ тIубазабулев вукIин эбел-инсуда кин бицинебали лъаларого, гьереси бицун чIана гьев. КигIанго къвакIарав, бахIарчияв командирлъун къайицадахъазда гьоркьов вукIаниги, эбелалъул бицунелъул, бадиб магIу хулула гьесул. ГIисал ракIбащадав гьудул Русланил хьул бугоан васасул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ бицунеб рагIидал, эбелинсул ракIал хIеккинин ва гьездаса балъго гьабураб ишалдаса тIасаги лъугьинин гьел абун.

СВОялде унелъул хIадурлъи гьабулеб бакIалда ГIисаца жиндирго бажари бихьизабуна. Гьес речIчIараб 15 гуллил анцIила щуябго гIужда щвана. Гьаб лъица речIчIарабин инструкторас цIехедал, борхун бетIергун ГIисаца жаваб кьуна, «Аварас» речIчIанин абун. Инструкторас гьесда абуна позывной хисеян, мун гьанжеялдаса «ГъалбацI» вугин.

## КIиго анкьида жаниб кверде босана

Русланилги ГIисалги гьудуллъи щулалъана иргадулаб гьужумалда ккараб лъугьа-бахъиналдаса хадуб.

«Донецкиялда аскIоб буго Звероферма абураб бакI. 11 моцIалъ нильеразда кверде босизе кIвечIеб бакI букIана гьеб. Сверухъ бетоналъул къедги бан, цIакъ щула гьабураб бакIалда рахчун кьвагьдолел рукIана тушбаби. Туннелалдаругоан гьез рахъун. Туннелалъуса баккун бачIунаан танк ва, речIчIун нижедагун, тIадбуссунаан. Хадуб кодобе щолароан гьеб. Дроназдасанги речIчIулаан. Гьенибе гьабураб гьужумалда дун лъукъун вукIана. Цадахъ вукIарав аскарияв чIарбиде рехун, вугелъуго дунги тун, лъутана. Гьанже дир иш лъугIанин абун, шагьадат битIана дица. Цойидасан ГIисал гьвараараб гьаракь рагIана. Лъукъарав рагъухъанги ваччун унев вугоан гьев. Дица ахIана: Аварав, Аварав, дур вац вуго гьанив лъукъун абун. Рагъухъанги хIинкъи гьечIеб рахьалдегIан цIан, гьев дида аскIове векерана. Гьеб мехалда нижеда аскIоб речIчIараб миномеаталъ гьевги гIодов ккезавуна. Дида ккана гьев чIван вугин абун. Щубица биччараб херги бетIун, гьесул гьурмада кьабуна гьеб. Лъавуде вачIингун гьес дие, шокалде данде, укол гьабуна. Дун цIакъ загIиплъун вукIана. Гьанже рухI ахиралде щолеб бугинги ккун, дица шагьадатги битIун, берал къанщана. Гьеб мехалда ГIисаца дида къвалги бан абуна: «Хвезе ккани гьаб бакIалда нилъ кIиялго цадахъ хвела, дир вац», - абун бицана Русланица.

Жиндасаго гIезегIан бакIав, лъукъарав Русланги гъажалда вазавун, рорчIана гьениса кIиявго магIарулав. 11 моцIалъ кверде босизе кIвечIеб бакI кIиго анкьида жаниб бахъана МухIамаевасул нухмалъиялда бугеб ротаялъ.

## Шапакъаталъе вихьизавуна

ГIиса МухIамаевас бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло полкалъул нухмалъиялъ гьев Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикъавлъун вихьизавеян абураб кагъат хъван буго.

ГIисаги жеги ункъо аскариявги жанив рекIун гьужумалъ унеб букIараб танк тушманасул дроналъ хвезабуна. Гьесда цадахъ рукIарал лъабгояз гьеб бакIалдаго хвана. Танкалъуса ГIисаги асатIинавги гурони къватIире рорчIичIо. КIиялго лъукъун рукIана. ЗахIматго лъукъарав, 110 кило цIайи бугев асатIинав танкалъуса къватIивеги вахъун ваччизе захIматго букIана 60 кило гурони бакIлъи гьечIев ГIисае. Танкалдаса гIезегIанго рикIкIад манзилалъ ваччун асатIинавгун, хIухьбахъизе гIодов вегарав ГIисада аскIобе щолеб дрон бихьана. БитIахъе асатIинасда тIаде щун граната рехизехъин букIараб дроналде ГIисаца ишан босана ва автоматалъ биччараб иргаялъ гIодобе бортизабуна. Цояб гьеж лъукъун букIаниги, цогидаб, сахаб гьежалда бажарана тушманасул дрон бортизабизе.

Гьеб лъугьа-бахъиналъул дроналъ бахъараб видео-роликги буго.

ГIиса 40-гIанасеб къоялъ вегана больницаялда, мадар лъугьарабго цIидасан СВОялде ана. Гьесда цадахъ вукIаравин абуни жакъа къоялдаги вуго больницаялдаго.

Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуби ГIисал эбел-инсуе баркалаялъул кагъат битIулеб букIана командованиялъ, амма гьес гьарана битIугеян абун. Эбел-инсуда жив гьанив вукIин лъаларин абуна гьес.

## «Долгун Байден ватани, дунгун Аллагь вуго»

ГIиса ккола гьужумалъулаб лъабабилеб ротаялъул командир. Гьесухъа бажарула гIемерав чи жиндаго ходув цIазеги. Къайицадахъазда гьоркьовги къадруялда вугин гьев абун бицана ГIисал ротаялдаса аскарияв Русланица.

«33-абилеб полкалъул цогидал командирзабазда дандеккун жиндирго аскариялгун цевехун унев цевехъан вуго ГIиса. Цогидал гIадин, кабинеталда кIусун гьев чIоларо, жиндирго аскариялгун цадахъ уна гьев щибаб тIадкъаялде.

ГIисал буго 05 регионалъул номерал ругеб «Приора» машинаги. Гьев командир вукIинги лъан, гьесул машинаялда хадуб халкккун букIун буго тушбабаз. Машинаги бачун унев гьесда тIад боржунеб букIун буго дрон. Тохлъукьего речIчIарал гуллбуз борлъ-борлъун бан бугоан гьесул машина. КъуркьичIо гьев гьединал ишаздаса хадувги. Гьелъул гIаксалда, жеги цIикIкIун гьира бана тушбабаздаса ватIан цIунизе. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб гьес абуна живгун Аллагь, долгун Байден вугин абун.

Гьев вуго как гьоркьоб биччаларев бусурбанчи. Бихьулеб буго гьев хваликьа хIинкъуларевлъиги. Жиндие Аллагьас кумек гьабулин, тIокIав щивго хIажат гьечIин абула гьес.

ГIисал машина бихьидал, ниж гIажаиблъун хутIана. Кин гьанив чи чIаго хутIизе рес бугебин абун ракIалде кколеб хIал буго гьелъул. Машинаялъул хьибилаб рахьалда гуллбуз рахъарал картIазул цIун буго, нахъисеб цIерги гъурун буго. Рулалда нахъа кIусараб рахьалъул цебесеб цIералъе щибго ккун гьечIо. Гьедин Аллагьасде мугъги чIван, жив Аллагьасда цеве вацIцIадав вугин абун тIуралел руго гьес ВатIан цIуниялъул тIалабалъ», - ан бицана Русланица.

*П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА*



ГIиса гIагарлъигун цадахъ

# «ВатIаналде къоккедал, рахчун тIураларо»

**Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда тIобитIана СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе кумек-квербакъи гьабиялъул бицараб данделъи.**

**Гьеб гIуцIун букIана ДРялъул бетIерасул ва хIукуматалъул квербакъиялдалъун РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Султан ХIамзаевас.**

**Гьенир гIахьаллъана гьабсагIаталда ватIан цIунулел ругезул цоцоялги, гьезул хъизамалги, гIага-божаралги, улбулги. ВатIаналде къоккедал, къватIире рахьине хIадурал васал гIезаруралъухъ, гьезие тарбия кьуралъухъ улбузе баркала кьеялдалъун байбихьана данделъи. ГIемерал кIвар бугел суалал рорхана гьенир, жидедаго ракIалда бугелъул бицана СВОялъул гIахьалчагIазгун гьезул хъизамаз.**

**Гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби районалъул ГIаймаки росулъа МухIамадамир ЛатIиповасги. Гьев ккола Росгвардиялъул хIалтIухъан. СВО байбихьарал тIоцересел къоялдаса нахъе гьенив вукIанин абизе бегьула МухIамадамир (2022 соналъул щуабилеб февралалда Крымалде хIадурлъиялде арал чагIи гьениса ритIула Украиналде).**

**Дагьаб заман базе отпускалъ вачIаниги, бокьараб мехалда кор боркьараб кьалул майданалде витIизе бегьула гьев хIалтIудаса.**

**Гьеб данделъи араб куцалъул, СВОялда бихьа-таралъул бицине «ХIакъикъаталде» гьоболлъухъ щвана МухIамадамир.**




**- Байбихьилин депутатасулгун букIараб дандчIваялдаса. Дуего хIажаталъул, гIолел-гIоларел рахъазул суалал рорхичIого, росулъ спортивияб зал, лъималазе щвалде щвараб ясли-ах гьечIолъиялъул бицана дуца гьениб.**

- ГIемерисез гьарулеб букIана ракь, мина, гIумру гьабиялъе шартIал чIезареян абун. ГIадамазда гьорлъе вахъунаго киналго пикраби рихххулелъул, гьедин ккун батизеги бегьула дир кIалъайги, гьенive унелъул диего щиб батаниги гьарилин абун дун вукIинчIо. Росдае щиб батаниги кумек-квербакъи гьабизе бокьилин абун вукIана. Дида бихьаралъулги гIумруялъулги хIисаб гьабидал, хасго жакъа дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъухъ балагьидал, Аллагьасе щукру-рецц гьаби гурони, гьаризе жоги дида батичIо.

Росулъ гIурав, цIаларав, дагьаб заманалъниги гьенив школалда хIалтIарав чи вугелъул, гIолел-гIоларел рахьал рихьулел рукIана.

Школалда хIалтIулеб заманалда дида бихьулеб букIана росулъ гIолилазе заман тIамиялъе санагIалъаби, спорталде машгъуллъизе бокьаразе шартIал гьечIолъи. Авал-мажгиталдеги ун ругьун гьарулел рукIана спортивиял секциязде яги гордалцин гьечIеб минаялъур тIоритIулаан тренировкаби.

Гьединго, отпускалъул заманалда росулъе щваравго ясли-ахалъул хIалтIухъабаз ахIун ана дун гьенибе. Цебе байбихьул школа букIараб бакIалда, гьебги дагьаб къачIа-кIатIан гьабун буго ясли-ах. Гьебги буго росулъ ругел киналго гьитIичазе гIураб бакI гьечIеб. Гьединлъидал рорхана дица гьел суалал данделъиялда, хIукуматалъул рахьалдасан кумек-квербакъи букIинин абураб хьулалда. Бокьилаан дунго гIураб росулъ ясли-ах, спортивияб школа, гIолилазе лъикIал шартIал рукIунеб куц гьабизе. (**ГьитIинаб росуги гьечIо ГIаймаки, лъабазаргоялде гIагарун чи вуго гьенив - автор**).

**- ХIасил ккеладайха?**

- ХIасилги ккелеб батила. ЧIорогосел рагIаби кьезе жиндие бокьуларин, цIех-рех гьабилин абуна депутатас гьеб данделъи лъугIун хадубги.

Сон дихъе кIалъан рачIана, жидеца цIех-рех гьабулеб бугин абун. Гьеб хIужаялъги дагьаб ракI бохизабуна, заман иналдего хIалтIи гьабизе байбихьун бугин.

**- Дур гьеб хитIабалъги, лъугьа-бахъунелде бугеб бербалагьиялъги бихьулеб буго мун ватIан, росу, ракь бокьулев чи вукIин. Дуда кин кколеб, цогидал СВОялде арал гIолохъаби ВатIаналде бугеб рокьиялъищ гьенире арал яги гIарцуе гIолойищ?**

- Нилъерго рекIелъ бугеб цогиясулъги бихьулин абухъего, дида ккола гIемерисел гьенире унин нилъго гIураб ВатIаналде бугеб рокьиялъ, нижеда бихьараб рокьукълъиги чороклъиги нилъер хъизамазда, лъималазда, бачIунеб гIелалда бихьичIого букIинелъун. Ратила гьезда гьоркьор гIарцуе яги цогидал гIиллабазе гIоло аралги.

ГIарцуе гIоло рагъде иналъул бицани, абизегIан гIемераб гIарацги гьениса щоларо, щварабги тIадруссиндал сахлъи рукIалиде ккезабулаго харж гьабизе ккола.


М. ЛатIипов

**- Гьаб бугин ахирин ккараб лъугьа-бахъин букIаниш, кинал захIмалъабигун гьенир дандчIварал?**

- РетIине, квине, кинабго хIажатабщинаб нижее чIезабун букIана. Ярагъ, танкал нижехъ рукIунаро, нижеда тIадаб жо ккола шагьаралда яги росабалъ кколелда хадуб халкквей, гьениб гIадлу-низам чIезаби.

Гьаб бакIалдасаги рорчIанин абурал лъугьа-бахъинал камилищха - рагъ буго рагъ. Аллагьасул цIобалдалъун ниж гьединал бакIаздаса чIаго-гIатIго рорчIана. Гьеб дица рикIкIуна командирасул бажарилъун, как-диналде бугеб гьесул ва цадахъ ругезул бербалагьиялъул хIасиллъун. Ниж щвараб шагьаралдаса нахъе ана ингушал, чачанал - лъалаго хвалде унел чагIи ругин нужиланги абун.

Ниж рукIана бомбоубежищеялда, бункеразда жанир. Хамерсилан абун къуватал ракетаби руго нилъер дандиязул, чанго гьеб ракета нилъераз зодобго кьвагьизабуниги, цояб бачIана лъабтIалаяб минагIанасеб бункерги борлъун жанибе. Гьелъул къуватalъ рахъ-рахъалде речIчIизарун ана киналго. КIинусгогIан чи вукIана гьенив жанив. ТалихI ккана гьеб кьвагьичIолъи, кьвагьарабани, чIаго чи гьениса къватIиве ворчIи щакаб жо букIана.

Дун рекIараб микьго машина бухIана, къватIиве кIанцIизе заман гIуна. Дунго ине кколев гьечIониги, цогидазе гIоло кьваригIелаз, квентIех босизе унагоги чанги речIчIулеб жоялда гьоркье кколаан.

Шагьар кверде босун хадуб, посталда рукIаго, речIчIун бачIараб жоялъ цадахъ рукIарал анкьго-микьгоял чIвана.

**- Гьезул росабалъ, шагьаразда ругел ракълилал гIадамазул кинаб бербалагьи букIунеб нужедехун?**

- Нижедехун лъикIаб бербалагьи букIана гьезул, хасго дагъистанияздехун. Нижги халгьабизе кколеб бакIалдецин гьикъун, гьезухъа ихтияrги босун уна.

Гьез жанирeги риччала, халгьабейинги абула. Щибго рокьукълъи гьезулъ дида бихьичIо. КъваригIараб жо кьезеги хIадур рукIана гьел.

**- Гьединал лъугьа-бахъиназдаса хадуб, рокъовеги вачIун цоги нухалда унаго ракI хIинкъун букIунарищ? Кинал пикрабигун унев?**

- БитIараб бицани, ругьунлъун вукIиналъги батизе бегьула, гьанже дун гьелде букIине кколеб жоялде гIадин валагьула. ТIоцебесеб заманалъ стресс букIана, рекIее парахалъи букIинчIо. Рокъор хъизанлъимерги, эбел-эменги, гIагарлъиги тун, рагъул майданалде унаго кинха букIинеб ракI... Амма нилъерго гIорхъи бахун хадуб сундуе гIоло къватIире рахъарал, церечIерал масъалаби кинал ругел, киве ва сундуе гIоло мун унев вугевин абураб бихьизаби букIуна ботIролъ.

**- Мун гьенив вукIин эбел-инсуда тIоцересел къоялдаго лъалеб букIанищ? Кин къабул гьабураб гьез гьеб хабар?**

- Кинай эбелалъе бокьилеб вас рагъде ине, ун вукIин лъазе, кин букIинеб гьелъул ракI. ТIоцебесеб заманалда дица гьезда лъазеги течIо, Крымалда ругьунлъабазда рукIаралъул ниж, гьенивго вугин абулаан. Заманалдаса кIалъазе щолеб гьечIониги, лъадиялда абулаан - кIалъанин, лъикI вугилан абейилан. Хадуб бицана кинабго, унге, дуе гьеб щайилан гьез дида абичIо. Кинабго лъикI бугеб мехалда хIалтIун, тIаде къо ккедал лъутун дандекколарин абуна. Хасго инсуца гьеб рахъалъ лъикIал малъа-хъваял гьарула дие. Гьев дир гьудул-гьалмагъ гIадин вукIуна, гьес куцан батила диль патриотизмги росу-ракьалде рокьиги. ТIоцеве росулъа унаго гьес абурал рагIаби рукIуна кидаго дир ботIролъ - кIолеб батани заралги гьабуге, бажарулеб бугони кумекги гьабейилан. Гьел рагIабаздаса пайда босула дица жакъаги гIумруялъул нухда.

Ахиралдаги дие бокьилаан дирго учительзабазе - Равзанат Жалиловнаялъе ва ХIалимат ГIисаевнаялъе, киналго дарсал кьуралщиназе, дие кьураб тарбиялъухъ, лъай-гIакълуялъухъ баркала кьезе. Жакъа нилъ щаллъун лъугьун ратаниги, гьеб дица рикIкIуна учительзабазул тарбиялъул, хIалтIул хIасиллъун. Дида цадахъ цIаларал васал-ясазги гIемер цIехола дун, щиб кумек кьваригIаниги хIадур рукIуна къватIире рахьине. Баркала буго киназего.

**МухIамадамирго гIадин, ватIаналде къоккедал къватIире рахъарал гIолохъаби гIезегIан руго ГIаймаки росулъа.**

**Аллагьас киналго рукъалде лъикI рачаги, хехго рагъ-кьалалъул сасги къотIаги.**

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# ЗахIмат бихьичIого рахIатги бокьун

**Россиялда гIумруялде бахъинабулеб буго «Демография» абураб миллияб проект. Гьелда рекъон лъимал гьарурал хъизамазе кьолеб буго Эбелалъул капиталги.**

**Гьал къоязда бачIана цIияб хабар: 25 сон баледе тIоцебесеб лъимер гьабурай гIаданалъе цо нухалда кьезе бугила 200 азарго гъурущ.**

**Дида ракIалде щвана нилъер умумул. Кьолеб гIарцухъги, мина-русеналъул ресазухъги балагьичIого, гьарулаан гьез лъимал. Лъималги рикIкIунаан къимат тIокIаб бечелъилъунги хъизамалъул аслияб хазиналъунги. Дир, мисалалъе, вуго нусгоялдаса цIикIкIун вацгIалгун яцгIал. Гьезул цонигияв я вакъун, я ратIликъ хутIичIо. Пачалихъалъ пособие кьеялъухъ балагьараб заманги букIун батуларо гьезул.**

## Улкаялъул ахIиги къабул гьабун

Эбелалъул бицун кIудияй яц Хадижатил букIана 10 лъимер. Дида лъай батаралдаса нахъе гьей йикIана бецлъарай гIадан. Кин гьелъ хьихьараб гьеб хъизам? ХIалтIулаан колхозалда, тIубалаан рукъ, хьихьулаан боцIи ва бекьулаан хур. РакIалда буго Хадижат-ада больницаялда егун йикIараб заман. МахIачхъалаялде щварай дун ана гьелде яккизе. Салам кьурабго, гьелъ дида абуна: «Хъухьикьан бакъ гIадин, киса мун гьание щварай?» - ян. Гьелда бицине ккечIо дун щияли, гьаркьидалъунго лъана. Ниж цоцада рихьичIого бан букIана щугониги сон. Гьединаб цIодораб букIана гьелъул ракI.

Гьелъул лъималазулги гIуна хъизамал ва гьезулги хъизамал. Жакъа Украинаялда, СВОялда гIахьаллъулел бежтIадерида гьоркьорги руго Хадижат-адал наслаби. Гьеле гьеб буго хIакъикъаталдаги демографиялъул масъала тIубазаби. ХIисаб гьабуни, дир эбелалъул вукIана лъабго вацги кIиго яцги – эбелги малъун, кинабниги анлъго лъимер. Гьезул щивасул хъизамазда гьарурал лъималазул къадар бахана 49 чиясде. Инсул хъизамалда букIана анлъго лъимер. Гьезул лъималазул къадар бахана 32 чиясде. Дица рехсолел руго балугълъиялде рахинегIан чIаго хутIарал лъимал, ай рехсолел гьечIо гьитIинго хварал (масала, инсул яцалъул букIана 16 лъимер, жакъа чIаго буго кIиго).

## Лъабгониги лъимер букIине ккола

Ахираб заманалда гIемер бицунеб буго дунялалъул къисмат кодосеб кинабалиго къокъаялъ гIадамал дагьлъизариялъул мурадалда хасаб политика гIумруялде бахъинабулеб бугин абун. Гьелъие гIиллалъунги рехсолеб буго дунялалда тIад гIадамал цIакъго гIемерлъиялда бан, тIабигIиял ва цогидал балагьал рещтIиналъул хIинкъи букIин. Гьединал харбал рагIидал, дица пикру гьабулаан, щайдай нилъер улкаялъул нухмалъиялъ Эбелалъул капитал ургъарабин абун. Унго-унголъунги, балъгояб къуваталъул хIаракат халкъал тIагIинариялде буссинабун батани, Россиялъ щай хIаракат бахъулеб бугеб халкъалъул къадар цIикIкIинабизе?

Гьелъие жаваб рагIана ракIалдаго гьечIеб бакIалда – маршруткаялда рекIун йикIаго. Радиоялдаса бицунеб бугоан, Россиялда херазул къадар гIолохъабаздаса кутакалда цIикIкIунеб бугин ва, гьединаб хIал хутIани, Россиялъул халкъ тIагIиналъул хIинкъи бугин абун. ГIалимзабаз абулеб буго, улкаялъул халкъ цIунун хутIизе ккани, щибаб хъизамалда лъабгониги лъимер букIине кколин абун.

1992 соналдаса нахъе дагьлъулеб буго Россиялъул халкъ. Экспертазул пикруялда рекъон, гьединаб хIал бугони, улкаялъул миллат тIагIиналъул хIинкъи буго. Гьез рехсарал баяназда рекъон, халкъ цIикIкIине ккани, щибаб хъизамалда букIине ккола лъабгоялдаса цIикIкIун лъимер. Амма пикру гьабураб мехалда, 1990-абилел соназда гьарурал лъималазда бан буго лъебергоялдаса цIикIкIун сон, ва гьез жеги хъизам гьабун гьечIо яги гьезул хъизамалда лъимер гьечIо. Гьебго заманалда хвелалги дагьлъулел гьечIо. ЦIикIкIунеб буго херазул къадарги. Кинха гIемерлъилеб халкъ?

Гьединлъидал Россиялъул президентас хIаракат бахъулеб буго, батIибатIиял къагIидабиги хIалтIизарун, хъизамазда лъимал гIемерлъизаризе. Къабул гьабун буго «Демография» абураб миллияб проектги. Гьелда гьоркьоре уна лъималазул ахал райги, улбузе гIарцулаб кумек гьабиги, лъимадул эбелалъул бакIалда инсуе яги кIудияй эбелалъе декретнияб отпуск босизе ихтияр кьейги ва цогидабги.



## ХIалтIун щвараб гурони букIинчIо

Кинаб хIал букIараб советияб заманалда лъимал гьарурай эбелалъул? Мунагьал чураяй якьадалъ дида абулаан, лъимер гьабун хадуб, баччун кинигун, колхозалъул хурзабахъе хьвадизе кколаанин абун. Декретнияб отпускалъул болжал букIана цIакъго къокъаб. Киназего гуро кьолеб букIараб пособие. Амма кинавго чи хIалтIулаан – колхозалда, совхозалда ва цогидал бакIазда. ТIасан ккараб бечелъиги ресги гьечIони, чед-хинкI камун чи хутIулароан. РукIинчIо доб заманалда жакъа гIадинал рахIмуялъул фондалги. Бесдалазе яги ятимазе кумек щолеб бакIлъун букIана гIицIго росдал жамагIаталъул, мадугьал-къоноялъул, гIагарлъиялъул кверчIвай яги кIалбиччанкъоялъул сахI. «Бесдаллъуда гIолей йигельул, кIалбиччанкъоялде эбелалъ дун йитIулаан Гьинухъ росулъе – КIалбиччанкъоялъул гIидалъул сахI бакIаризе. БакIарун щвараб бугIагун тIадюссунаан дун росулъе. Ва эбелалъ гьелъул тIех гьабулаан. ГIицIго нижеца гуребги, гьеб кваналаан бесдаллъуда ругел цогидал росуцоязги мискинзабазги. Эбелалъ бикьулаан гьеб, нилъедасаги кваникъ ругин долиланги абун», - ан бицуна эбелалъ.

Гьединлъидалги батила, дол созназда гьарзаго хIалтIизабулаан ракь. Хуриса щвараб тIорщелалъ хьихьулаан хъизамги, тIубалаан гьоболлъи-гьудуллъиялъул намусги.

## Жакъасеб гIел «свакан» буго

Жакъасел улбулин абуни, пачалихъалъ кьураб гIарцул бадиреги ралагьун, рега-рахъун гIумру тIамулел руго. Я бекьулеб хур гуро, я хьихьулеб боцIи гуро. Вай, гIарац гIолеб гьечIин зигардиги буго. Киналго ратичIониги, гIемерисел гьедин руго. ХIатта, цо къоялъниги лъималаздаса эркенлъулел анищанцин рукIуна. Сваканха, лъималаз гIумру чIамучIлъизабун.

Пачалихъалъ кьолеб гIарцуца лъимер хьихьуларин абун, цокIигоялдаса тIаде лъимер гьабизеги бокьулеб гьечIо. Гьеб рахъалъ гIайиб буго жамгIияталдаги. ЧанцIулго дидаго рагIана, гьаб захIматаб заманалда гьалгоцинал лъималгIаги щайдай гьарулелан гаргадулел гIадамал. Заман щвечIодай, жакъа къоялъул гуребги, метериселъулги пикру гьабизе?

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***



Жакъасел улбулин абуни, пачалихъалъ кьураб гIарцул бадиреги ралагьун, рега-рахъун гIумру тIамулел руго. Я бекьулеб хур гуро, я хьихьулеб боцIи гуро. Вай, гIарац гIолеб гьечIин зигардиги буго. Киналго ратичIониги, гIемерисел гьедин руго. ХIатта, цо къоялъниги лъималаздаса эркенлъулел анищанцин рукIуна. Сваканха, лъималаз гIумру чIамучIлъизабун.



Источник: Росстат

# Журналистас намус бичизе бегьуларо

**Журналистас журналистасулгун гара-чIвари гьаби ккола пикраби дандрай, цоцазе хIалбихьи бикьи. ГIемерал соназ республикаялъул СМИязда хIалтIарав журналистасулгун гьабураб гара-чIвариялъул хIасиллъун ккола аралъул пикруги бачIунелъул ургъелги гьаби.**

**Жакъайин абуни нижеца гара-чIвари гьабулеб буго ЦIумада районалъул Инхокъвари росулъа Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъ яшав гьабун вугев машгъурав журналист, 1976 соналда «Меседил перо» абураб цIаралъе мустахIикълъарав, ДРялъул Культуралъул мустахIикъав хIалтIухъан Гирай ХIайдаровасулгун.**

**- Гирай, журналистасул махщел тIасабищиялъе гIилла щиб букIараб?**

- Анкьго класс лъугIизегIан дида лъалеб букIинчIо тохтурлъиялъе ва учительлъиялъе гурони цогидал махщелазе цIализе кире ине кколелалицин. Дие дарсал кьолев вукIарав мугIалимас абуна, Хасавюрталъул паркалда цебе кIитIалаяб мина бугин, гьениве айин мунилан абун. Гьеб букIун буго педучилище.

ГIагараб росулъ школаги лъугIизабун, ана Хасавюрталъул педучилищеялде цIализе. Дунгун цадахъ цIалулел рукIана лъикIал гьудулзаби - Инликов МухIамадзагьид, Дилималдаса ХIажи МуртазагIалиев. Ункъо соналъ цадахъ цIамги чедги кванарал чагIи руго гьел. Жакъаги нижеца гьудуллъи тIезе тун гьечIо.

ПалхIасил, гьебги лъугIизабун, росулъе тIадвуссана. Дун хIалтIулеб заманалда, гIурус мацI лъикI лъалеб букIин бихьарав школалъул директорас, вачIинахъего тIамуна щуабилеб классалъул лъималазе гIурус мацIалъул ва литератураялъул дарсал кьезе. Гьенив хIалтIулаго, заочно цIализе лъугьана ДГУялде. Гьениб лъабабилев курсалда цIалулаго, кинабго рехунги тун, дун ана Партиялъул ТIадегIанаб школалде.

1966 сон букIанин ккола, росулъ бана гьобо. Гьелъул хIакъалъулъ хъвана дица «Дагестанская правда» газеталде. Гьениб букIун батила 7-8 мухъ. Казият къватIибе бачIараб мехалъ, дирго макъалаги бихьун, унго, дун вохун вукIараб куцха. БукIинчIеб гIамалкIодолъицин бачIана рекIелъе.

1966 сон букIанин ккола, росулъ бана гьобо. Гьелъул хIакъалъулъ хъвана дица «Дагестанская правда» газеталде. Гьениб букIун батила 7-8 мухъ. Казият къватIибе бачIараб мехалъ, дирго макъалаги бихьун, унго, дун вохун вукIараб куцха. БукIинчIеб гIамалкIодолъицин бачIана рекIелъе.

Школалда хIалтIулев вугониги, дие учительлъи рекIее гIолеб букIинчIо. Ва цо къоялъ радиоялдасан кьолеб рагIана Гъизилюрт шагьаралда къватIибе биччазе байбихьун бугин «Заря Сулака» абураб газета. ХъваштIан вахъун ана Гъизилюрталде, редакциялде. Жакъаги ракIалда буго, гьеб букIана 1971 соналъул 18 май. ЧIарадаса МухIамадов ГIали абун вукIана редактор. Дица абуна гьеса, дун гьадинаб мурадгун вачIарав чи вугин абун. Мун гIадинал чагIи чанги рачIанин ва макъалаби хъвазе рагIиги кьун унин ва тIокIал раккуларин абуна гьес.

- Валлагь дир вачIинеги инеги заманги гьечIо, дун школалда хIалтIулев мугIалим ккола. Дир жакъа дагьаб эркенаб къо бугелъул, вачIун вуго. Кье дие тIадкъай, цинги балагьила, - ян абуна дица.

МугIалимги вугелъул аха школалде, хъвайха макъалагиян абуна гьес.

Гьениса къватIие лъугьиндал, цIехана гIагардегIан бугеб школа. Батана Юсуп Акаевасул цIаралда бугеб школа. Гьенисан хъвана макъала ва тIадвуссун щвана редакциялде. ПалхIасил, гьезие дир макъала бокьана ва метер мун хIалтIуде вачIаян лъазабуна. Метер бажаруларин абидал, кодобе кагъатги кьун, гьес дун витIана Хасавюрт райисполкомалда хIалтIулев гьалмагъасухъе. Щвана гьесухъе, ва гьес райОНОялдеги ахIун, эркен гьавуна школалъул хIалтIудаса. «Заря Сулака» газеталде хIалтIизе лъугьана литературияб отделалъул хIалтIухъанлъун.

Цинги лъагIалидасан, 1972 соналда дун ана армиялде. Гьенив вугониги, казияталъулгун бухьен къотIизе течIо. Гьениб букIана Прикарпатиялъул рагъулаб округалъул «Слава Родины» абураб казият. Нахъе вачIине заман щолеб мехалъ, вачIана дихъе политрук, мун офицерзабазул курсазде ине вугищин гьикъизе. Щай унаревинги абун, ана ва, гьебги лъугIизабун, лейтенантасул чинги щвана. Прикарпатиялъул рагъулаб округалъул командир Воленниковас гъулбасараб «За активное участие в прессе» абураб грамотаги кьуна. Гьеб букIана дир тIоцебесеб шапакъат. Рокъове тIадвуссиндал, хIалтIизе лъугьана Буйнакскиялъул «Луч коммунизма» казияталде.

**- Мунго хIалтIулев вукIараб «Заря Сулака» казияталде щай тIадвуссинчIев?**

- Гьенив дир бакIалде цоги чи восун ватана. Гьелъ дунги Буйнакскиялде ккана. Гьенив хIалтIана 1974 соналдаса нахъе 1981 соналъул февраль моцIалде щвезегIан мухбирлъун. Гьенив хIалтIулевгIан заманалда жаниб хъвадарулаан «Дагъправда», «БагIараб байрахъ» ва даргиязул «Ленинла байрахъ» казиятазде. Буйнакскиялъул «Луч коммунизмаялдаса» индал, хIалтIизе лъугьана «Дагъправдаялде» хасав мухбирлъун, хадув - росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулевлъун. Гьенив хIалтIана 1991 соналде щвезегIан. Гьелдаса хадуб биха-хочараб заманги бачIун, нахъе ана. ИнчIого кинхъа вукIинев, цIивачIанщинав генералияв секретарас пулеб зурмида гъоркь къурдун чIалгIана. Унгейилан абун ахIдолей йикIана бетIерай редактор Бейбутова Галина Федоровнаги. ПалхIасил, шагьаралдаса росулъе гочана. Цо къоялъ дихъе рачIана мунагьал чураял дир гьудулзаби, КъулецIмаса Садуев МухIамад ва ЧIугIлиса Муса МухIамадов. Гьел кIиязго гьарулеб букIана дида «ХIакъикъаталде» хIалтIизе вачIаян.



Дица нухмалъи гьабуна Хасавюрталъул «Дружба» казияталъеги. Цинги магIарулги, лъарагIги, гIурусги казиятал дандран, гьенив бетIерав редакторлъун тана МухIамадрасул ШайихмухIамадов.

Дун хъвадарулев вукIана «Народы Дагестана» журналалде. Дица гьенире хъварал макъалаби ритIана ЖамгIияб палаталъ тIобитIараб къецалде ва щвана кIиабилеб бакI. Гьеб мехалда къуна дие «Народный журналист» абураб цIарги. Гьениве хъвадарана 2019 соналде щвезегIан. «ХIакъикъаталда» хIалтIана 2014 соналде щвезегIан.

**- Журналистикаялъе чан сон къураб?**

- 1971 соналдаса нахъе 2014 соналде щвезегIан хIалтIана журналистикаялда. Кинабниги 45 сон кколеб бугоха.

**- Журналистлъун вахъине ккани, щиб гьабизе ва щиб лъазе ккола?**

- ХIалтIи бокьизе ккола. Гьеб буго захIматаб хIалтIи. Дуца хъвараб жо цIалдолезе бокьизе ккани, хъвазе ккола ракI-ракIалъ, мунго гьеб ишалда, лъугьа-бахьиналда гIахьаллъулев вугев гIадин. Дуцаго хъвалеб темаги лъазе ккола гъваридго. Масала, заводалде ани, дуда лъазе ккола гьениб бугеб хIалтIул, хIалтIухъабазул ва заводалъул тарихалъул хIакъалъулъ. Амма дун киданиги рази вукIинчIо дицаго хъвараб жоялдаса, гIадамаз веццулев вукIаниги. «ХIакъикъаталдаса» нахъе аниги, дора цо-цо дир макъалаби рукIунелъул, чангояс ахIун бачIуна дихъе гьелги реццун. Гьелъ лъикIаб асар гьабичIогоги телищха.

**- Кинал суалал рорхизе кколел журналистас, масала, гара-чIвари гьабулелъул?**

- Гьеб бараб буго дуца гара-чIвари гьабулев чиясда. Дуда лъазе ккола гьесул хIакъалъулъ кинабго жо. Пикру гьабизе ккола гьесулгун гьабулеб гара-чIвари кинаб нухдасан унеб бугебали. Мухбирас гьесда бичIчIизабизе ккола, дуда гьесул хIакъалъулъ кинабго лъалеб букIин. Ва байбихьизе ккола бищун гIадатиял суалаздасан.

**- Дуца абунаха журналистика бигьаяб хIалтIи гурилан. Ккани цогIаги нухалъ хIинкъи бугеб ишго?**

- Цо нухалъ судалде ккана дун. Карамахъи росулъ вукIана цо мацIихъан, председателасда тIасан хъвадарулев. Гьес редакциялда гуребги, судалда цебеги лъазабуна гьел жал жинца хъвачIин абун. Амма дида кIвана гьеб кагъат гьес хъвараблъи чIезабизе. Гьелдаса хадуб, председателасул чагIи судалда дунги цIунун рукIана, гьев чияс дие щибниги жо гьабилин абун хIинкъун. Гьединал жал ккечIого хутIулароан.

**- Пуланаб макъала хъвазе бокьаразул цо-цояз абула «лъикIав» журналист хIажат вугилан абун…**

- ЛъикIав журналист вуго гьанже заманалда, гIарацги босун, макъалаби хъвалев чи. Амма нилъеца нилъерго яхI, намус бичизе бегьуларо. ГIарацги кьун бокьараб жо хъвалеб буго гьанже. Гьел журналистал гуро. Гьел руго базаргаби. Дица абуна цо журналисталда, гьал кучIдул ругин пуланав чиясул, гьалъие къимат кьейилан абун. Гьелъ рагьун абуна гIарац гьечIого гьабулеб жо гьеб гурилан. Гьединал журналисталги камулел гьечIоха.

**- Ахиралдаги, щибха абилеб гIолохъанал журналистазда?**

- Дие бокьилаан журналистаз жалго ругеб къагIида цIунизе, ай намусги бичичIого. Жиндирго творчество, гьумер, яхI-намус цIунизе ккола щивав журналистас. Гьев журналист ватаниха.

*Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА*



# ТІехь нилъеца таниги, тІахьаз нилъ тезе гьечІо

**ТІехь ва лъай буголъи Дагъистаналда кидаго букІана къиматалда. Гьединав чиясул адаб-хІурматги гьабулаан. ТІахьал цоцазе кьолаан лъай гІатІид гьабизе, гьудуллъи щула гьабизе. ХІоцоса Нажмудиница (1859-1925) кутакалда къимат гьабулаан гІалимчи Алкъадариса ХІасанилгун (1834-1910) букІараб гьудуллъиялъул. Гьес ХІасание сайгъат гьабуна жиндирго библиотекагицин. Цо нухалда турк мацІалда бугеб «Шайитзада» абулеб энциклопедиялъулаб словарь гьес гьарана Хунзахъа гІалимчи МалламухІамадида. Жиндир гьеб батичІелъул, МалламухІамадица мадрасаялъул мутагІалим ХІусен гьелда хадув витІана Крымалде. Амма гьенибги диниял тІахьазда гьоркьоб гьеб батичІелъул, гьес гьари бана Крымалъул ханасде. Ханасул тІахьазулъги «Шайитзада» батичІеб мехалда, рикІкІадаб Дагъистаналдаса гьоболасул гьари тІубачІого тезе бокьичІев Крымалъул ханас чапар витІана Стамбулалде. Гьениса, меседги кьун, босун бачІараб тІехьгун ханас ХІусен Дагъистаналде нухарегІана.**

**1743 соналда Дагъистаналъул халкъазул цолъарал аскараз Надиршагь щущахъ виххизавураб мехалда гьесухъа бахъараб меседалдаги, хІамузда тІад раччулел гьесул тІахьаздаги щиб гьабилебали хІукму къотІулаго, «месед халкъалъе бикьизе, амма тІахьал нахъе росун цІунизе», - ян абураб пикруялде рачІана нилъер рагъулал церехъаби ва хараби. Щайгурелъул тІахьал меседалдасаги къиматал рукІун ва халкъалъе гІелму-лъай хІажат букІун.**

**Гьединал хІужаби руго нилъее умумузул тарихалъ нахъе цІунун. ТІехьалъул къимат, гІадамазул гІелму-лъаялдехун бугеб рокьи загьир гьабизе тІокІабги кинаб мисалха букІинеб!**

### ТІехьги лъайги лъараца унареб

ТІехь, газета, журнал цІализе бажари жакъа ккола инсан жамгІияталда жанив вукІине ва гьениб жиграб гІахьаллъи гьабиялъе гьечІого гІолареб шартІлъун.

Дараби гьекъолелъул гьезул баян цІализе ккеялдасан байбихьун, дуньялалда кколел батІи-батІиял лъугьабахъиназе, сверухъ ругел гІадамазе къимат кьезе бажариялде, жиндир сундуе бугониги БетІергьанас кьураб гьунар камил гьабиялде гІунтІун пикру гьабизе ккани, тІахьазул кумек гьечІого гІоларо.

ГІажаибаб жо буго инсанасул хасият: цІакъго дагьаб жо гурони жинда лъалеб гьечІониги, гьесда кколеб буго кинабго лъалилан. РакІалда буго, Москваялда, Академиялда дарсал кьолаго, академик Леонид Иванович Абалкиница (1987 соналдаса хадув гьев вукІана СССРалъул хІукуматалъул председателасул заместительлъунги) нужее доскаялда бахъулаан цо гьитІинаб ва цо кІудияб кІиго гор. Гьес абулаан гьаб гьитІинаб горалда жаниб бугила пуланав жагьилав инсанасул лъайгІакълуйилан. Гор бахун къватІиб бугеб кколила гьесда жеги лъалареб балъголъи. Гьеса кколила жинда кинабго лъалин, щайгурелъул гьесул ботІролъ бугеб лъаялъул доб «лъалареб балъголъиялъулгун» цоцада хъвай, гІорхъи гьитІинаб букІун.

Гьанже гІемераб лъай ботІрольв бугев цогидав инсан восани, гьесул лъаялъул гор, узухъда, буго кІудияб. Гьеб гьесул лъаялъул кІудияб горалда сверухъ «лъалареб балъголъиялъулгун» бугеб гІорхъиги, узухъда, кІудияб кколеб буго. Гьединлъидал гьесда кколеб буго жиндир лъай (ялъуни жинда лъалеб жо) «жинда лъалареялде» дандеккун цІакъго дагьаб бугилан. Афиназул философ Сократил ва гьесул цІалдохъабазул гьеб мисалалдалъун гьес бичІчІизабулаан гІадамасул гІадалнахалъул тІабигІат ва щибаб кьойил лъай гІатІид гьабизе ккеялъул магІна.

Балъгояб жо гуро, советияб заманалде дандеккун, гьанже тІахьал цІалиялде кьолеб кІвар нахъе ккараб букІин. Доб заманалда киса-кирего рихьулаан «СССР - бищунго гІемер цІалдолезул улка», «ТІехь – лъаялъул иццу», «ЦІали – канлъи, цІалунгутІи - бецІлъи» абурал гІадал лозунгал. 1950 соналда гьарурал цІех-рехаз бихьизабуна СССРалда советияв инсанас анкьида жаниб тІахьал цІалиялъе 11 сагІат кьолеб букІин. Гьеб кколаан США-ялъул, Англиялъул ва Францалъул улкабаздаса кІиго нухалда цІикІкІун. Амма гьениб цого-цо дандеккунгутІи букІанин абизе бегьула - халкъалъе цІализе бокьулеб литератураялдаги, гьезие библиотекабазда, тукабазда цІализе кьолел тІахьаздаги гьоркьоб бугеб батІалъи.



### ТІахьазеги заман кье

Дуньялалда гьаб XXI гІасруялда, техникаги гІелмуги хІалуцун цебетІолеб заманалда, лъаялдехун лъикІаб гуреб бербалагьи бугилан абиги хІакъикъиялъун букІинарин ккола. Гьел шартІазда тІехьалъул къимат цІикІкІинчІого букІиницха. Жакъа хІалтІизабулеб къагІидаялда рекъон дуньялалдаго бищун цІикІкІун гІадамал цІалдолеб улкалъун рикІкІун буго Индия. Дуньялалъул культурияб цебетІей борцунеб идараялъул баяназда рекъон, цІалдеялъе бищунго гІемераб заман харж гьабулеб буго гьеб улкаялда. Цо анкьида жаниб гІадамаз гьениб цІалуе кьолеб буго 10 сагІатгун 42 минут.

Киналниги улкабазда гьоркьоб цІалуе харж гьабулеб заманалъул рахъалъ кІиабилеб бакІалде бачІун буго Таиланд. Гьениб цІалуде машгъуллъиялда балеб буго 9 сагІатгун 24 минут.

Лъабабилеб бакІалда буго Китай. Гьениб цІала-къалиялъе анкьида жаниб кьолеб буго 8 сагІат. Ункъабилеб бакІалда буго Филиппина, щуабилеб бакІалде бачІуна Египет.

2021 соналда Россия, анкьида жаниб цІалуе харж гьабулеб заманалде балагьун, Китаялдаса хадуб кколаан кІиабилеб бакІалде. Жакъа Россиялда тІехь хІалтІизабулеб буго халкъалъул 57 проценталъ. Ахираб 10 соналда жаниб Россиялда тІахьал цІализе хІалтІизабулеб заманалъул къадар цІикІкІун буго 10 проценталъ - 2013 соналда букІараб 47 проценталдаса, 2023 соналда – 57 процентанде щвезегІан. Гьелдаго цадахъ нилъер улкаялда цІикІкІун буго тІахьал ричун росулезул къадарги. 2013 соналда гьеб букІун батани 17 процент, исана гьеб бахуна 28 процентанде. Гьезул лъабго бутІаги гьабун, кІиго бутІа ккола гІолилал. Борхулеб буго рокъор ругел библиотекабазул къадарги. Россиялъул халкъазул рокъор жидерго библиотекаби ругезул къадар бахунеб буго 87 процентанде.

1869 соналда гІурусазул гІалимчи П. Усларица хъвана: «Дагъистаналъул халкъазул къадарги гьенир ругел мадрасабазул сияхІги босани, дагъистаниязул канлъи-лъаялъул, гьезул церетІеялъул даража европаялъулаздаса гІемерго цебетІураб буго», - ян.

Шамил имамасул заманалдаги кІудияб кІвар кьолеб букІана гІолеб гІелалъе лъай кьеялде. Байтулмалалъул гІарцудасан жиб-жиб росулъ мадраса базе гІарац биччалаан. ГІелмуялъе махщел бугел гІолохъаби имамас гьазаваталдаса эркен гьарун, цІализе ритІулаан.

Нилъер заманалда халкъалъул цІализе-хъвазе лъай цебе букІараб мехалде дандеккун цІикІкІана 10 нухалда.

Россиялъул субъектаздайин абуни 2023 соналъул «Бищунго гІемер цІалдолеб регион» абураб конкурсалъул хІасилалда Россиялъул ТІахьазул союзалъул хІукмуялда рекъон, цогидаздаса цІикІкІун цІалиялдехун гьира бугеб, цересел бакІал ккураллъун рикІкІана Татарстан, Ставрополь край, Нижегородалъул ва Ленинградалъул областал. Гьеб конкурсалда гІахьаллъи гьабуна Россиялъул 89 регионалъ.

Россиялъул ТІахьазул союзалъул нухмалъулев Сергей Степашинил баяназда рекъон, бищунго гІемер цІалдолел субъектазде гьорлъе уна Москва, Санкт-Петербург, Башкортостан, Архангельск, Астрахань, Воронеж, Новосибирск, Самара, Саратов, Ульяновск ва Челябинск областазул, Краснодар ва Красноярск краял, Ненец ва Ханты-Мансийскиялъул автономиял округалги.

### ТІехь, газет, журнал ва Дагъистаналъул жакъасеб къо

РухІияб бечелъи кидаго букІана миллат цІуниялъул аслияб шартІлъун. Гьеб кІудияб малалъулъ маданияб ирс ккола гьечІого гІолареб алатлъун, ай цересел гІелаз гІасрабаз гІезабураб ва хадусел кьераз такрар гьабулеб рухІияб ва материалияб хІалбихьиялъул цо хасаб бутІа. Маданияб ирсалъул, узухъда, щулияб къучІлъун ккола жиндалъун кинабго бечелъи цІунизе кІолеб хъвай-хъвагІай, тІахьал. Дагъистаналъул халкъаз жиндир заманалда, бечедаб гІараб мацІалъул алипги кьочІое босун, гІуцІана дунялалда кибниги букІинчІеб ва гьечІеб мацІ ва хъвай-хъвагІай – гІажам, лъазаруна исламалъул гІелмабазул гъваридлъаби.

Дагъистаналда 1905 соналда басмаханаялъе къучІ лъурав махщелчи, республикаялда миллияв мацІазда тІахьал къватІире ричазе байбихьарав чи ккола ЧІохъа МухІамадмирза Мавраев. Гьелде щвезегІанги Дагъисталналде тІахьал рачІунаан къватІиса ва гьезул копиял гьарулаан кверала хъван. Гьединаб букІана ва буго нилъер халкъазул лъаялдехун бугеб гьира.

Северияб Кавказалда 2020 соналъул хІасилалда рекъон Дагъистан букІана СКФОялда жаниб бищунго гІелму-лъаялдехун цІайи бугеб субъектлъун. ТІахьал цІализе бугеб гьира нилъер республикаялда дагь-дагьккун цІикІкІунеб буго. Рагьулел руго тІахьал ричулел цІиял тукаби, гІемерлъулел руго цІиял тІахьазул церелъеял. Библиотекабазде рачІунезул къадарги квешаб гьечІо. Р. ХІамзатовасул цІаралда бугеб китабханаялде исана рачІаразул къадар 200 азаргоялдаса цІикІкІунеб буго. Республикаялда жакъа къоялде библиотекабазул къадар бахуна 1065-ялде. Амма ахирал сонаzда гьезул къадар дагьлъана 15-ялъ. Гьеби нилъер гІумруялъул лъикІаб гІаламат гуро.

Дагъистаналъул интеллигенциялъул конгрессалъул, «Дагъистан» басмаханаялъул хІаракаталдалъун республикаялда тІобитІараб Северияб Кавказалъул тІахьазул «Тарки-Тау» фестивалалде гІахьаллъана гІемерал субъектазул вакилзаби ва тІахьазул издательстваби. Ахирал сонаzда тІахьазул «Тарки-Тау» фестиваль лъугьана республикаялъул культурияб гІумруялъул аслияб гІаламатлъун. Миллияб адабият ва маданият цебетІезабиялъулъ кІудияб хІалтІи гьабулеб буго «Дагъистан» басмаханаялъул рукъалъ.

Узухъда, фестивалаз ва цогидалги тадбираз тІахьазде рокьи бижизабула, амма рокъоб эбел-инсуца лъимадул лъай борхизабиялде кІвар кьечІони, жагьиллъи цІидасан нилъер гІумрудулъе баккизе буго.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# ЦохIо къисмат бугел чIегIерал кIазал

**ЦохIо къисмат бугел чIегIерал кIазал, жакъаги нужецехъе гьоболлъухъ щвана. Жакъаги ахIана нужеца сарин, сири базабулеб, гIодун свакараб. ЧIегIерал кIазаца магIуги бацIцIун, угьдулел улбузухъ йиго ялагьун. Жакъаги бачIана гьез цадахъ босун васазухъ гIодулеб жидерго анищ. ЦохIо къисмат бугел чIегIерал кIазаз ахIулеб буго кечI, дунял сороле. Санал свераниги, сахлъизе гьечIел, судулел ругьназул пашманаб къиса...**



Санал свераниги, сасине гьечIел, сири базабулел сариназул дандчIвай

**Эбел, дур бадисан**
**бецIцIараб магIу**
**Рагъул байдабазда бихьула дида.**
**Гьел магIил гараца**
**къисас босеян**
**Бугеб рухIалдалъун**
**ахIула диде…**
***Р. ХIАМЗАТОВ***

МахIачхъалаялда, «Россия – дир тарих» паркалда тIобитIана СВОялда чIварал васазул улбузе сайгъат гьабураб тадбир. Гьезда эбелалъул байрам баркизе рачIун рукIана Дагъистаналъул халкъиял артисткаби Зайнаб Махаева ва Зульфия Ильясова. Улбузул хIакъалъулъ гьез ахIарал кучIдуз гIенеккаразе кIудияб асар гьабуна. Гьединго байрамалда гIахьаллъана Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат СултIан ХIамзаевги. Улбуздехун вуссун гьес гьабураб кIалъаялъулъ бихьулеб букIана бухIиги рухIелги:

*- ХIурматиял улбул! Нужер щиялъе жакъа бутIрул къулула нижеца. Нужер рухIелалъул бищун хIалкIвеларо. Амма нужеца гьеб бакIаб гьир баччун бугеб сабруялдаги бахиллъизе бачIуна. Баркула нужеда улбузул байрам. Нужеца ракьалда толел руго мустахIикъал лъалкIал – нужер васаз гIумру кьуна ватIаналъул парахалъиялъе гIоло. Баркала нужее бахIарчиял, ВатIаналъул цIаралъе мустахIикъал васазухъ,* - илан абуна гьес.

Унго-унголъунги, дун дагьайго йихха-хочана, дандельабазул залалде жание лъугьиндал. Гвангъараб кьералъул кIазги чIван, гьение щварай дир нусабго лага букIкIун араб гIадаб хIисаб гьабулеб букIана, кисакибего чIегIераб кьер бихьидал.

ЦохIо къисматалъ данде гьарурал улбул. ЦохIо бухIиялъ цолъизаруралгьезул къуватги гIолеб букIана рохизеги, цоцазе гьимизеги, кечIбакъаналъухъ гIенеккизеги. Улбуз хIаракат бахъулеб букIана пашманлъи бахчизе, амма бухIи цIидасанги цIилъун бачIунеб букIана эбелалъе сайгъат гьарурал кучIдул ахIулаго, гIанабиги чурулаго, чIегIерал кIазазул рагIалаль гьез бацIцIунеб букIараб магIуялъ.

ТалихIалъул цодагьалго лахIзатал улбузе сайгъат гьаруна тадбир гIуцIизе квербакъарай «Сила матерей» цолъиялъул нухмалъулей Сефижат МухIамадрасуловаль ва «Бизнесалъул руччаби» гIуцIиялъ.

**- Эбел, жеги дида**
**хвел данде чIвачIо,**
**Амма гьелъие дир**
**ххвел букIинаро.**
**Хирияб ракьалда**
**урхъун квалги бан,**
**КъваригIани, гIумру**
**майилан кьела.**
***Р. ХIамзатов***

Гьадинаб букIана васазул улбузеги ватIаналъеги балеб гьа. Гьадинал-го квакIарал рукIана КIудияб Бергьенлъиялъул солдатазул улбулги. Наслабаз наслабахъе кьун, цIунулеб буго жакъаги васазул бахIарчилъиги улбузул сабруги.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

***

Хунзахъ районалъул нухмалъиялъ кIудияб кIвар кьолеб буго районалдаса СВОялъул гIахьалчагIазул, гьенир васал чIварал хъизамазде. Зама-заманалдасан щола гьезул улбузухъе, лъудбузухъе, лъималазухъе сайгъаталгун, ахIула жидехъего администрациялде. Гьедин букIана СВО байбихьаралдаса. Гьелъул щивав гIахьалчиясул рокъоре хьвадана, кирехун гьел ругониги, районалъул бетIер Н. Задиевги, лъай кьеялъул управлениялъул начальник П. ХIамзатоваги, гIолилазул ишазул рахъалъ управлениялъул нухмалъулей Ш. ГIумароваги. Гьездаго цадахъ – ТIануси СПКялъул председатель З. МухIамадовги.

Гьале гьаб нухалдаги данделъун рукIана Эбелалъул къоялъул хIурматалда.

Дандеруссиналда гIахьаллъана НурмухIамад Задиев, Шамай ГIумарова, рагъулав комиссар Шамил МухIамадов.

Солдатазул улбул, гьединго лъудби иргадулаб нухалдаги дандельун рукIана жидерго васал, росал ракIалде щвезаризе. Гьел ракIалдаса араб заман букIунебго батиларо гьезул. Амма цадахъ ракIаридал, дагьабго бигьалъигIаги бачIунеб батила. Ургъелги тIадагьлъун инарищха. Къварилъиги рохелги гIахьал гьаби, СВОялъул цогидал гIахьалчагIазе сахлъи гьари, цоцазе кумек гьаби, ургъел бикьи – гьеб кинабго цолъун букIана дандеруссиналда.





## Лирикиял накъищал

## Эбелалъул гьаракь

Ракьалде бачIиндал, тIоцебе лъимералде дандчIвайги гьабула гьелъ. Гьеб гьаракьалъ дунялалъего бицуна жиндирго талихIалъул рохел. ТалихIалда квалги бан, гьеб боржуна зодор бищунго берцинал цIвабзахъеги. Гьезул маржаналги гьарун, жиндирго лъимадул горбода дализарула.

Цинги кинидеги къулун йигей эбелалъул гьаракь гаргадула лъимергун, цо гьеб гьаракьалъ лъимер беэдун толеб куцха! Гьеб гьаркьица ахIарал лъугIи гьечIел сариназ нухарегIула нилъ талихIалде данде. Амма цо-цоял нух къосун ккедал, гьеб гьаркьил талихI къуна. Гьелъул угьи-зигара рагIани, зобалги ракьалги цоцалъ къабгIила.

Унго-унгоги гьелъул букIунеб зиграги зваргъиги, лъимер бельулеб мехалда. Лъимералъул талихIалда баулелъул, гьеб гьелчезе лъугьунеб куц!

ГIенекке гьалъухъги цо лахIзаталъ. РагIулеб гьечIищ, васасул зонода квалги бан, инагьдулей эбелалъул гьаркьил хъуди. Гьелъул гъугъадиялъ гъугъ гьабула гIумругицин, гьелъул гьелегьиналдаса лъугьараб пириги речIчIун, кьолболъанго чIурхIун рехула къисматалъул гъветI.

Гьале цоги лахIзат. Берккеялда хIинкъи бугеб. Васасе ригьин гьабулелъул, гьелъул гьаракь кьурдилеб букIуна. Бакъул чIоразул кунчIигун жубараб гьеб рокьул дандерижилъун бессула лъималазул нусабго логолъ. Цинги цIидасанги – эбелги лъимерги. РекIел тIиналдасан роргьун рачIунел талихIалъул сариназуль тIепун руго кIиялго.

Эбелалъул гьаракь. ГIемеркьеразулаб: хъахIабги чIегIерабги, бохарабги пашманабги, гъугъабги зирарабги…

Эбелалъул гьаракь. Гьелда хъахIаб кьер чIвала, лъималазул талихIалда бакъул чIорал квалидал. Гьеб зирула, лъималазул къисматалъул щибаб тIанчида щубалъ расенал угьидал. Бохула, бельула, лъималазул талихIги къисматги, къватI тун, рокъоре тIад руссиндал.

Гьелъ чIегIер бала, лъималазул талихIалда балагь кIетIедал. Гьеб гъугълъула, гьезул къисматалде гьегъ байдал, пашманлъула, лъималазул талихIги къисматги, рукъ тун, къватIир хутIидал.

Эбелалъул гьаракь. Гьелда хъахIаб кьер чIвала, лъималазул талихIалда бакъул чIорал квалидал. Гьеб зирула, лъималазул къисматалъул щибаб тIанчида щубалъ расенал угьидал. Бохула, бельула, лъималазул талихIги къисматги, къватI тун, рокъоре тIад руссиндал.

Эбелалъул гьаракь. ГIемеркьеразулаб. Кинаб кьералъулдай гьеб букIараб, бугеб ва букIине бугеб гьаб тадбиралда гIахьаллъарал улбузул?!

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# МагIарул театралъухъ урхъун батана Гъизляр

## Араб анкьалъул ахиралда Авар театралъ Гъизляралъул магIарулазе бихьизабуна «Саба-Меседо»

**Исана ихдал Авар театралда гьеб спектаклялъул премьераялъухъ балагьун хадуб, Ибрагьим АхIматIовас абун букIана гьаб тарихияб драма Гъизляралдаги бихьизабуни бокьилаанин. АхIматIовасул ахIиги къабул гьабун, Авар театралъул коллективгун цадахъ, 24 ноябралда ниж рещтIана КЭМЗалда.**

**Авар театралъул директор МухIамад БисавгIалиевгун ва бетIерав режиссер МухIамад-ГIарип Сурхатиловгун цадахъ ниж Ибрагьимица рачана, ахирал соназ заводалъ цIикIкIун кIвар кьолел бакIазде: самолеталгун вертолетал, армиялъе хIажатаб къайи гьабулел цехазде, дандчIвана заводалъул махщелчагIигун.**

**«Дун цо батIияб дунялалде щварай гIадин йиго», - ян абулеб букIана советияб заманалдаса нахъе цIунарал цехал, станокал ва гьезда нахъа хIалтIулел руччаби рихьидал, сапаралда цадахъ йикIарай Баху МухIидиновалъ. Заводалда тира-сверун, культураялъул кIалгIаялде ниж щвелалде байбихьун батана спектаклялъухъ балагьизе рачIунезул чвахи.**





### КIиябго рахъалъе рохел къураб дандчIвай

«Лъебергоялдасаги цIикIкIун сон буго дица гьаб шагьаралда гIумру гьабулаго, магIарул театр бачIиналъул хабар цониги нухалъ рагIичIо», - ян такрар гьабулеб букIана чIахIияб гIелалъ. ГIемерал рукIана хъизамалго цадахъ рачIун. МагIарухъълъиялдаса рикIкIадаб шагьаралда гIураб цIияб гIелалъейин абуни, миллияб театралияб искусствоялъулгун лъай-хъвай гьабулеблъун лъугьана гьеб сордо.

Ниж рачIиналъухъ баркала кьолеб букIана гьенир дандчIванщинал ракьцояз: «Валлагьги рохун руго ниж жакъа. МахIачхъалаялда ругел нужееги щиб, бокьараб мехалъ рахъун театралде ине рес буго, 150 километралъ рикIкIад ругел ниж кидаго гьенире рачIун бажаруларо», - ян абулеб букIана гьез.

«Гьаниб нижер гIелалда лъазецин лъаларо магIарул театр щибали. Эбел-инсул гьира бихьун нижги рачIана цадахъ», - ин абулеб букIана гIолилаз.

КЭМЗалъул кIалгIаялъул жанахIалъуб рагIарабщиналъул хIисаб гьабидал, кингIагидай къабул гьабила спектаклин букIана васвасди. Актеразе аслияб сайгъатлъун цIураб залги, чIвалеб хъатги бугелъул.

Спектакль байбихьилалде М. БисавгIалиевас кьокьго баян кьуна тарихияб рахъалъ «Саба-Меседо» асаралъул кIваральул, бицана ГIандуникI-нуцалица тараб васиятальул.

Миллияб адабияталъул, тарихалъул бицунел чIахIиял тадбирал къанагIатаб шагьаралъул гIадамазе гьеб цеберагIи цIакъ хIажатги букIана.

Актеразул гьабураб хIурматалъухъ балагьунги бихьулеб букIана гIадлу, адаб, гьоболасул хIурмат гьабулеб, миллияб тарих бичIчIизе хIаракат бахъулел магIарулал гьенир рукIин. ХIакъикъаталдаги спектаклялде бачIун букIана Гъизляралъул интеллигенция - щибаб сюжет, пардав хисулаго, жидерго разилъи загьир гьабун балеб хъат, хутIаралъуб – хIухьел ккураб гIадаб сихIкъотIи.

Цониги вихьичIо залалда хьвадулев, нахъе вахъун унев чиги. «ГьадигIан гIадилаб публика магIарулазул букIине кканиха», - ян шуршулел рукIана, спектаклялъул заманалъги цоцазул рахIатхвеялъул агъаз гьабуларел, махIачхъалаялъулазде ругьунлъарал ниж.

«Кинабго рахъалъ Авар театралъулалдаса даража бугеб заводалъул культураялъул кIалгIаялъги гIажаиблъизавуна», - ян абулеб букIана живгоги тIоцебесеб нухалъ гьениве щварав БисавгIалиевас.

МагIу кквезе кIвечIин бицунеб букIана руччабаз спектаклялдаса хадуб. «Бокьилаан релъизарулел спектаклял росунги санайил рачIани», - ян гьариги разилъиги загьир гьабуна гIемераз.

«Турказул тарихиял кино-фильмазул пикру гьабулев вукIуна дун, гьез жидерго миллияб рухIалъе къуват кьолеб магIна лъун букIуна жаниб. Нилъер бахIарчияб тарих бихьизабизе гьанже цохIого-цо Авар театр хутIун буго. Дица нужеда гьарилаан гьеб рахъалде цIикIкIун кIвар кьеян», - ин абуна Ибрагьим АхIматIовас спектаклялдаса хадуб гьалбадерие гIуцIараб тепси ялда кIалъалаго.

Авар театралъул нухмалъулезги бицана гьабсагIат жидерго репертуаралда ругел, жеги цIиял лъезе хIисабалде росарал тарихиял асаразул.

Къадеялдего Гъизляралде щварал гьалбал къаси нухарегIизегIан хьолбохъ вукIана живго АхIматIов, гьесул хъизан, заводалъул жавабиял хъулухъазда хIалтIулел магIарулал.

Гьеб букIана унго-унгоги кIиябго рахъалъе рохел къураб дандчIвай.

### ЦIи-цIиял спектаклялгун рачIа нижехъе

Заводалъул хIалтIухъабазул, спектаклялда рукIарал гьудул-гьалмагъльиялъул рахъалдаса баркала загьир гьабун гьадинаб кагъат бачIана концерн «КЭМЗалъул» рекламаялъулгун маркетингалъул бутIаялъул нухмалъулев, ЧIарада районалдаса ГIабдусалам Халиловас:

*«МагIарухъ гIурав дие гьитIинаб мехалдаса нахъего къиматаб буго магIарул театр. Авар театр росулъе бачIинги байрамлъун букIунаан гIисиназегун чIахIиязе. ГьитIинаб мехалъго гIадин гьираялда балагьун вукIана гьанжеги авар театралъулал Гъизляралде рачIиналъухъ. Дирго бугеб разилъиялъ гьеб хабар цIикIкIун магIарулазда рагIизабулев вукIана гьал къоязда.*

*Дир гIелалда Авар театр щибали лъаниги заводалда хIалтIулел магIарул гIолилазул бичIчIи батичIо. МагIарул адабият, маданият, тарих кIварго гьечIого тезе бегьулареблъи гьазда бицунев вукIуна дун рес рекъанщинахъе. Спектакль лъугIун хадуб гIолилазгун чIахIияз жал гьенире ахIиялъухъ баркала загьир гьабидал, диргоцин букIараб рохел! Цоги нухалъ баркала Авар театралъул нухмалъулезе, тIолабго коллективалъе, «ХIакъикъат» газеталъе ва «МагIарулай» журналалъе Гъизляралъул магIарулал кIодо гьарун нижехъе рачIаралъухъ. Хъул буго хадубккунги цIи-цIиял спектаклялгун Авар театр Гъизляралде бачIинин абураб».*



***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

# «Имеретиялдаса бахIарай» – ирс бикьулезе дарс

**Иргадулаб нухалъ бахъун чIун занкIун цIураб залалъ хъат балеб спектаклялъул премьера букIана 22 ноябралда Авар театралда. Музыкалияб комедия, «Имеретиялдаса бахIарай» йихьизе бокьанщиназе бакIал щвечIого къватIир хутIана. Къо бахъанагIан халкъ театралдехун цIалеб букIинги лъикI гьечIищха.**

Гвангъараб, махсара-хочIалъ, кечIбакьаналъ бечедаб спектаклялъул бицине дагьай кватIана дун. ГIамм гьабун абуни, цIакъ лъикI къабул гьабуна премьера балагьараз.

«Имеретиялдаса бахIарай» сценаялда лъезелъун Авар театралъ Кабардино-Балкариялдаса ахIун вукIана гьеб республикаялъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, машгьурав режиссер Роман Дабагов. Гуржиязул хъвадарухъан Давид Клдиашвилил асарги кьочIое босун гIуцIараб гьеб спектакль батIибатIиял мацIазда лъуна Россиялъул ва цогидал улкабазул гIемерал театраз.

Лъади хун къороллъарав Бекинил лъимал хIинкъун ругоан инсуца цIияй чIужу ячинин. Гьадинги мукъсанаб магIишат бесдалэбел рокъое ячIун гьелъ гьарурал ирсилазе кIибикьизе ккелин ургъалилъ ругоан гьел. Лъимал гьаруларей гIадай гIадан инсуе балагьизе хIаракат бахъулел гьел, гIолохъанай гурони жиндие кIваричIин 70 сониде вахарав Бекин – кополаб ахIвал-хIал. Инсуе рачинеян лъималаз тIаса рищарал херал, бецал, рекъал, къуларал къоролзабазул къокъа цебе бачIиндалги релъун рекIедаса инаруна балагьарал.

Пикру гьабурасе лъикIаб дарс гьечIищха, эбел-инсул ирс бикьулаго цоцалъ кьал ахIи ризлъараб гьаб заманалъе. МагIишат аслияблъун бихьичIого, инсул чIужуялъ гьарурал лъимал бечелъилъун рикIкIана ахирги Бекинил лъималаз.

ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго щибаб цIияб спектакль бихьизабилалде гьелъухъ балагьизе рачIаразе театралъул директорас, режиссерас магIнаяб цебергIи аби.

ТIубан спектаклялъул бицани - гIезегIан магIна бугеб пьесаги лъикIаб постановкаги бугоан, декорациялгун актеразул хIайги цIакъ бокьана.

Балъго гьабиларо, диего байбихьи дагьаб чIамучIлъана. Комедиялъухъ



балагьизе рачIаразе бокьулелъул, бачIинахъего рекIелъе бортулеб каламалъул кIарчанлъи.

«ЦIакъ бокьана диеги гьаб комедия. Амма тIад квартIа кIутIизе бакIго букIинчIинги абиларо. Нилъерго театр жеги лъикIаблъун лъугьинлъидал нилъер мурад. Цо-цо бакIал ричIчIунгутIи - гьеб батизе бегьула нилъее магIарулин абулебщинаб къиматлъиялъул, операялдеги оперетаялдеги ругьунлъичIолъиялъул асар», - ан абуна аскIой йикIараб Баху МухIидиновалъги.

Премьераялдаса хадуб, къватIиса чи вугин течIого, режиссер Роман Дабагов цоцахъа вахъулев вукIана гIадамаз, гьевгун сурат рахьизе бокьиялъ.

*ПатIимат ГЬИТIИНОВА*

## ШАГIИР ХЕРЛЪУЛАРО, ШАГIИР ХОЛАРО

# Расулги Дагъистанги

24 ноябралда МахIачхъала шагьаралъул №11 гимназиялда тIобитIана «Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан» абураб конкурс.

Гьеб цIаралда гьоркь конкурс санайил тIобитIула шагьаралъул школазул коллективазда гьоркьоб.

Конкурсалда гIахьалчагIаз бихьизабизе ккола Дагъистаналъул хъвадарухъабазул, шагIирзабазул асаразда дасан гIуцIараб литературияб музыкалияб композиция, ай пасихIго кечI цIали, гьеб ахIи, кьурди. Гьоркьоб букIине бегьула гьитIинабго сценкаги. Конкурсалъул цоги хаслъи кола гьениб цохIо цIалдохъабаз гуребги, гьезул мугIалимзабиги гIахьаллъизе кколеблъи.

Расул ХIамзатовасул асаралдаса мухъал конкурсалъе цIарлъун кьей гуребги, исана гьеб сайгъат гьабун букIана шагIир гьавуралдаса 100 сон тIубаялъе, ай киналго цеерахъинал гIуцIизе кколаан Расул ХIамзатовасул асаралги кьочIое росун. Араб соналъ гьеб конкурс тIобитIун букIана ДРялъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъул творчествоялъе сайгъат гьабун.

Исана конкурсалда гIахьаллъи гьабуна тахшгьаралъул 22 школалъ. Гьезда гьокьор рукIана авар, дарги, лъарагI, лезги, тум, табасаран мацIазда хIадурарал композициял.

Кидаго гIадин, бишун гIемер рукIана магIарул мацIалда лъурал церерахъинал. Кинабниги букIана микьго церерахъин. Щибаб миллаталъул вакилзаби гьорлъ ругеб диванчагIазул къокъаялъ къимат кьуна гьеб къоялъ гьенир рихьизарурал церерахъиназе.

Цоядаса цоял интересал церерахъинал рихьизаруна №11 гимназиялда.

Щибаб мацIалда ахIулел ва цIалулел кучIдузухъ гIенеккидалги, рихьизарулел миллиял кьурдабазухъ балагьидалги цебечIолеб букIана берцинал тIугьдуздасан гIуцIараб кваcIи - Дагъистаналъул сипат.

Конкурсалъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалде бачIана №5 лицеялъул къокъа. Гьез жидерго церерахъин гIуцIун букIана гьитIинабго театралияб постановка хIисабалда. ГьитIинав СагIидица бихьараб макьу чIагояб хIалалъ бихьизабуна гьес. Гьесда макьилъ бихьула жидерго росулъе щвезе вачIунев Расул ХIамзатов, росуцоязе гьес цIалулел кучIдул, годекIанир цIалулел ва ахIулел Расулил кучIдул, гьоркьове гьевги ккезавун кьурдул горсвери. Гьеб кинабго - «макьилъ бихьаралъ» асар гьабурав гьитIинав СагIидица эбелалъе ракIи кьола, кIудияв гIейгун, живги Расул ХIамзатовго гIадав машгьуравлъун вахьине хIаракат бахъизе бугин.

КIиабилеб бакIалде бачIана №11 гимназиялъул ва ДДК №1 (кадетазул школалъул) къокъаби.

№11 гимназиялъул цIалдохъа-базгун мугIалимзабаз бихьизабураб церерахъиналъ асарги гьабичIев, бадиб магIуги ххулизабичIев чи гьеб къоялъ залалда къанагIатги хутIун ватиларо.

Гьезул церерахъиналда цIар букIана «Улбул цIуне» абураб. Композициялъе байбихьи лъуна Расулица эбелалъул хIакъалъулъ хъварал кучIдуз.

**«… Дихъе бачIана кагъат**
**цIадул рагъдаса вацаз,**
**ЦIуне нилъер эбелин,**
**цохIого цохIо йигей,**
**Дихъа гьеб бажаричIо,**
**дица ахIулеб буго:**
**«Эбел, эбелин» абун.**
**Эбел, щай ячIунарей?»**

Хадур цере рачIуна рагъда ругел Расулил вацал – МухIамадги Ахилчиги, гьезухъе кагъат хъвалей эбелги. КигIан васазухъ урхъун, гьезда хIинкъун йигониги, эбелалъ цIунизе, анцIго рухIалдаги барахщизе гьечIин. ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго «хъахIал къункърабазде» сверарал васаз сверун ккола эбел, гьелъул хъахIаб шал чIегIералъ хисула. «Васал ралагьулей эбел» абураб цIаралда бихьизабуна кьурди.

Хадур цере рачIана жакъасел бахIарзазул улбул. ГьитIинал лъималгун цадахъ, гьез тIугьдул лъуна «Рагъухъанасул эбелги лъимерги» памятникалда цере ва цIалана эбелалъул хIакъалъулъ кучIдул.

Ахиралда гьез цадахъ ахIана «Квен кьурайги мун, эбел» абураб кечIги.

ДДК №1 къокъаялъул церерахъиналъул тема букIана «ВатIан». Гьез цIалана ва ахIана ВатIаналъул хIакъалъулъ кучIдул, бихьизабуна миллияб кьурди.

Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана №37 гимназиялъул коллектив. Гьез бихьизабуна гIахьвалазул тIаргъал рехиялъул гIадат.

ТIубараб къоялъ батIи-батIиял мацIазда цIалулел ва ахIулел кучIдузулги кьурдул бакъаналъулги сасалъ кIудияв шагIирасул асаразе хвел гьечIин абулеб бугин кколеб букIана.

*МухIамад МАНАПОВ*



# Бохдул къотIаниги, къуркьичIо

Советияб школалда цIаларав чиясда лъала Алексей Мересьевасул къисмат. Гьеб рагьун буго Борис Полевояс хъвараб «Унго-унгояв инсанасул хIакъалъулъ къисаялда».



А. Мересьевасул гIадинаб къисмат букIана Совет Союзалъул БахIарчи, летчик-истребитель Леонид Белоусовасулги. 1944 соналдаса нахъе, кIиябго бох къотIун бугониги, тушмангун вагъана гьев.

Гьев гьавуна 1909 соналда Одесса шагьаралда. Гражданияб рагъул заманалда бесдаллъарав Леня ккана разведчиказул къокъаялде.

Граждан рагъ лъугIун хадуб лъабго соналъ хIалтIана паровозал къачIалеб цехалда.

1930 соналда цIализе лъугьана Одессаялъул пехотаялъул училищеялде. ГьеблъугIизабурав Леня витIана Борисоглебск шагьаралда бугеб рагъулал летчиказул школалде. 1935 соналда рехсараб школа лъугIизабурав гьесие ихтияр кьуна рагъулаб хъулухъ гьабизесеб бакI тIаса бищизе. Гьалмагъзабазда цадахъ гьев ана Ленинградалда гIагарлъухъ букIараб БагIарбайрахъулаб Балтиялъул флоталде.

1938 соналъул февралалда Л. Белоусовасул самолеталъ авария гьабула ва, гьеб рещтIинабулаго, цIа рекIуна. Леонидил гьумер бухIула. Гьеб сахлъизабулаго, Леонидие гьабула, наркозги кьечIого, 35 операция. ТIубанго сахлъичIониги, гьев тIадвуссуна полкалде ва гIахьаллъула 1939-1940 соналзда финназулгун ккараб рагъулъ.

1940 соналъул ноябралда гьев тIамула истребителазул 13-абилеб полкалъулункъабилеб эскадрильялъул командирлъун. Гьелъул чIей букIана Ханко абураб бащдаб чIинкIиллъиялда. Гьенивго хутIула 1941 соналъул октябралде щвезегIан. Ва анкьабилеб ноябралда эскадрилья гочуна Ладога хIорил рагIалда бугеб Выстава поселокалде, ва 1942 соналъул ахиралде щвезегIан, полкалъул командирасул заместителасул хъулухъалда, гьез цIунула Ладогаялдасан букIараб «ГIумруялъул нух».

«Цо заманалда дида халлъана бохдул «гIенеккулел гьечIеблъи». Маххул рахсал ран ругеб хIал букIунаан. ГIорхъода вукIаго, цIадул балагьалде ккарав дир гьел рухIун рукIана. Гьале гьанжеги байбихьана санагIатбахъи», - ян хъван буго летчикасул ракIалдещвеязда.

Унтул хIасилалда байбихьана кваранаб бохалъул гангрена. Алма-Атаялъул госпиталалда къотIана цин кваранаб, хадуб – квегIаб бох. Кваранаб къотIана накадасаги эхедегIан. Госпиталалдаса виччарав Л. Белоусов тIадвуссана Ленинградалде. 1944 сонада, гьалмагъзабазул кумекалдалъун, цIидасанги байбихьана самолеталда воржине.

1945 соналъул февралалде командирасул кумекчи Леонид Белоусовасул сияхIалда букIана лъабнусго роржен, гьес хвезабуна тушманасул лъабго самолет ва вагьана рагь лъугIизегIан.

1957 сонада, СССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалда рекьон, рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъги бихьинчилъиялъухъги Леонид Белоусовасе кьуна Совет Союзалъул БахIарчи абураб цIарги, «Меседил ЦIваялъул» медальги Ленинил орденги.

Рагъда хадусел сонazда вукIана Ленинградалъул аэроклубалъул начальниклъун, хIалтIана гIурул транспорталда, таксомоторияб паркалъул нухмалъулевлъун. «Веление долга» абураб тIехьги хъвана гьес.





Цояб бер гьечIев летчик

Михаил Ворожбиев (1908-1993) вукIана лётчик-штурмовиклъун. Цояб бер бахъун хадубги рагъулаб хъулухъалдаса нахъе инчIо гьев.

Михаил хIалтIулев вукIана Симферополалъул аэроклубалда летчик-инструкторлъун. 1938 соналда, Централияб аэроклубалда лъайги камил гьабун, гьев хIалтIана Николаевскиялъул аэроклубалъул ♦ орженазул рахьалъ начальниклъун.

КIудияб ВатIанияб рагъда вукIана 1942 соналдаса нахъе: цин пилотлъун, хадув – самолетазул звенсялъул командирлъун. У-2 самолеталда 90 нухалъ воржана, жавабчилъи цIикIкIарал рагъулал тIадкъаял тIуразариялъул мурадалда.

1941 соналъул 15 августалда Запорожьеялда М. Ворожбиевасда лъазабуна, аэродромалъе хъулухъ гьабулеб батальоналъухъе хехаб пакет щвезабизе ккола абун. ЗахIматаб ахIвал-хIал бугониги, буюрухъ ракIбацIцIадго тIубазабуна.

Гьес хвезабуна тушманасул анлъго танк, 17 машина, кIиго автобус, чIвана кIинусгогIанасев фашист ва офицер.

***ИНТЕРНЕТАЛДАСА***

# ВатIаналъе гIоло кьуна рухI




Къойилго рагIулел руго нилъеда СВОялда нилъер гIолохъабаз бихьизабулеб бахIарчилъиялъулги гьунаразулги хIакъалъулъ бицунеб. Гьайгьай, кколел руго къварилъабиги камиялги. ХIакъаб жо, гьел рагъухъаби мустахIикъалги руго бищун тIадегIанал шапакъатазеги, бищунго лъикIал рагIабазеги.

СВОялда чIваразул цIарал лъолел руго школазда, ясли-ахазда, къватIазда ва цогидалги бакIазда.

БетIергьанасул къадарги щун СВОялда чIвана Шамил районалъул КъахIиб росулъа ГьитIихIмадибир Жамалудиновги.

40 сонил ригьалде вахарав гьев вукIана сундулго рахъалъ цеветIурав, лебалав, тIадкъараб бокьараб иш тIубазабизе бажари бугев инсан. Гьес гIемер абулаан чIаго рукIаго бикьизе кколин цогидазе рокьиги, гьабизе кколин кIвараб кумекги, кьогейин ирсалъе рокьукълъи, бекьугейин бачIин гIемераб жахIдайилан. Гьединав инсан вукIиналъ гьесда сверухъ ракIарулаан гIолохъаби, гьудулзабазул къадар букIана цIакъго цIикIкIараб.

ГIамал-хасият берцинав чи вукIиналъ, гьесул адаб-хIурматги гьабулаан.

ГьитIихIмадибирие цIакъ бокьулаан спорт. Гьев вукIана эркенаб гугариялъул рахъалъ спорталъул мастер, лъикIаб махщел букIана футбол хIазеги.

ДГУ лъугIун хадуб, 2004 соналъ ана ватIаналда цебе тIадаб налъи тIубазе ва, гьениса тIадвуссиндал, контрактги хъван, хъулухъ гьабизе ана РФялъул Рагъулабгун Ралъдал флоталъул №7852 полкалде. Исана март моцIалдайин абуни, жиндиего бокьун контрактги хъван, ана СВОялде.

Умумузул аби буго къварилъи нилъеда гьикъун бачIунарин ва Аллагьас хъвараб бихьичIого хутIуларин абураб. Гьедин, Запорожье областалъул ракьалда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда ГьитIихIмадибир захIматго лъукъула ва 7 июлалда гIумруялдаса ватIалъула.



РФялъул президентасул указалда рекьон, гьесие кьуна «Орден Мужества». Жиндирго гIумру гьес къурбан гьабуна ватIаналъул букIинеселъе гIоло.

ГьитIихIмадибирил нахъе хутIана лъабго вас.

ЦерегIанго къоязда МахIачхъалаялъул «Спартак» стадионалда рагьана ГьитIихIмадибир Жамалудинов ракIалде щвезавиялъул хIурматалда футболалъул рахъалъ «КъахIиб Кубок» абураб турнир. Гьеб ккола исана щуабилеб нухалда тIобитIараблъун. Исана тIобитIараб абуни сайгьат гьабун букIана ГьитIихIмадибирие ва СВОялда чIварал цогидалги рагъухъабазе. Турниралда гIахьаллъи гьабуна микьго командаялъ, ва бергьенлъи босана къехIдерил командаялъ.

Футболалъул гьеб кубокалъул гIахьалчагIаз кIудияб кьимат кьуна СВОялда накълулъарасе. Гьединаз тIибитIизабула ракьалда ритIухълъи, гьединазул кумекалдалъун тIегьала гIумру, гьединаз кIигъеж гьабун рачун рукIуна къисматазул захIмалъаби. Гьеле гьединаб кьимат кьуна турниралъул гIахьалчагIаз гьесие.

Гьайгьай, бергьаразе кьуна кубокал, медалал, грамотаби ва цогидалги шапакъатал.

***МухIамадрасул ГIУМАРАСХIАБОВ,***
***Шамил районалъул Ветеранзул советалъул председатель***

# Росу цIилъиялъе сабаблъун ккаги

**ЦIуриса инсул ва Кулласа эбелалъул яс ГIайшат Расулова гьаюна 1944 соналда ЦIуриб росулъ. ГIайшат, микьго класс лъугIидал, эбел-инсуе кумекги гьабун, хIалтIана колхозалда. Дагьаб хадуб гьелда тIадкъана лъималазул ахалъе нухмалъи гьабизе.**



Эркенаб заман гIадада биччалароан ва гIолохъанго хъвазе байбихьана кучIдул. Гьелги рукIана жиндирго ва росуцоязул къваридаб къисматалъул ва батIи-батIиял лъугьа-бахъиназул темабазда хъварал. Эбелалъул росулъ гIумру гьабун йикIарай ГIайшатида бичIчIулеб букIинчIо щай гIадамал росуги тун цогидал бакIазде гочунел ругелали. ГIайшатица жиндирго рекIел унти гьадинал рагIабаздалъун загьир гьабулеб буго:

**«Дир ракIалда бугеб кIалалъ бицани,**
**КIиго-лъабго мегIер данде гIодила.**
**КIиго-лъабго рагIул магIна гьабуни,**
**Хваралги гIодулеб хIисаб букIина»**, - ян.

Гьей жиндиего кьураб рагIуе хилиплъичIо ва росулъ гIумру гьабун чIана. Гьединго жиндаго цебе масъалаги лъуна росулъе гIадамал тIадруссинариялъе бажарарабщинаб гьабизе бугин абураб. Гьединлъидал гьелъул кучIдузулъ хасаб бакI ккола росдал тIабигIаталъ, захIмалъаби къулчIарал ва къуркьичIел умумуз, Украинаялда унеб СВОялда гIахьаллъулел росуцояз.

**«Рорхатал мугIруца жаниб бачараб,**
**Гъваридал кIкIалабаз берцин гьабураб,**
**Чанги лебалав чи жанив вукIараб,**
**ГIаданлъи цIикIкIараб дир Куллаб росу».**

Гьадин загьир гьабулеб буго ГIайшатица росдал берцинлъи ва росуцояздаса бугеб чIухIи.

Хадубги ГIайшатица хас гьабун росдал тIалъи ва гIадамал гьадин ракIалде щвезарулел руго:

**«Рилълъа нижгун цадахъ цо Бакъдарехун,**
**Куллаб оц баялъул байрам гьабизе».**

Яги:

**«Макьар» кулиялъул курорт гьабурав,**
**Щоларищ ракIалде нилъер ЖахIбархан?»**

Ялъуни:

**«Байгинатгун Асбат гьечIищ ракIалда,**
**Чанги фестивалал нухда тIамурал?»**

Цоги:

**«Рилълъа нижгун цадахъ нуж магIарухъе,**
**Хварал умумузул хIалги бохизе».**

ЦохIо кулласел гурелги, цогидалги, ай магIарулълъиги тун гIодоблъиялде гочарал ургъизе тIамулел мухъал гIемер руго ГIайшатил тIехьалда. Буго гьелъ мунагьал чураяв бетIергьанчи Расулов ХIажиде, гьев чIаго вукIаго гьабураб махсарадул кечIги.

**«Дунги цо гьедигIан къиматго гьечIей,**
**АлхIу-хIурухъ ятун гIурайги гуро…**
**КIияйго эбелалъ хьихьун гIурай дун,**
**Нужер рокьой щведал къварид гьаюге».**

ГIайшатил аслияб мурадлъун лъугьараб чIунтараб росу цIилъизабиялъул ахIи загьирлъулеб буго гьелъул киналго кучIдузулъ ва хьул къотIулеб гьечIо ахIиялъе жаваб щвеялда.

**«Чанги бетIерлъуда хIакимги вугин,**
**БукIунарищ кумек нилъер росдае.**
**Росуго бахилал, цIалун лъугIарал,**
**Нилъер гIолохъаби щай кIалъаларел?**
**Росуги цIилъаги, чи гIемерлъаги,**
**Росу ккурал нилъги рохун хутIаги».**

Эбелалъ ракIгъеялъе, ургъел чучиялъе ва цIаларал кантIиялъе хъварал кучIдулги данде гьарун, тIехь биччазе ракIалде ккана гьелъул ясалда, авар ва гIурус мацIазул мугIалим, МахIачхъала шагьаралъул №34 школалъул авар мацIалъул учительница Расулова ПатIиматида. Гьедин къватIибе бачIараб «Дир рекIел жугьаби» абураб тIехьалъул цебелъеялда гIахьаллъизе Куллаб росулъе рачIараз ГIайшатил азбар гьункун цIун букIана. ИчIго цIараки гурони хутIичIеб




Абакарова ГIайшатица, ЧIарада районалдаса вацал Музар ва ТIагьир Муслимоваз, ГIайшатил мадугьал Ибрагьимов Баширица хIакъикъияб къимат кьуна гьелъ росдал ва росуцоязул хIакъалъулъ ракIунтун хъварал кучIдузе.

Хадуб ГIайшатицаги бицана кучIдузде гьитIинго бижараб рокьул хIакъалъулъ ва рикIкIана цо-цо кучIдулги.

КIалъаязда гьоркьор кочIодалъун данделъи берцин гьабуна кочIохъаби: чIарадисезул хоралъул артист ШагIбанов Къурбаница, БацIадаса культураялъул рукъалъул хIалтIухъаби Шапиева Шамсиятица, Закариев ХIажимурадица.



Куллаб росулъ тIобитIараб тадбиралъ данде гьаруна МахIачхъалаялдаса, Буйнакскиялдаса, Гъуниса росуцоял, ГIайшатил инсул росу ЦIуриса гIагарлъи ва цогидалги.

Байбихьудаса лъугIизегIан ГIайшатил тIехьалдаса асаралги цIалулаго, данделъи нухда бачана ЧIарада районалъул прокурор МухIамадов Запирица.

КIалъазе рахъарал Расулов ГIабдурахIимица (ГIайшатил бетIергьанчиясул вацасул вас), росдал депутат ИсмагIилов ХIизбулагьица, хIалхьиялда ругел мугIалимзаби: МухIамадов ГIайласица, Данделъиялда гIахьаллъарав, гIемерал соназ улкаялъул батIи-батIиял регионазда гIумру гьабун вукIарав Анварбегил МухIамадица, ГIайшатил рекIел жугьабазе жаваб гьабун, Куллаб росулъ чIунтун букIараб инсул мина къачIазе байбихьана ва абуна гIумру гьабизе росулъе тIадвуссине вугиланги.

Киналго разияб, аваданаб данделъиялда ГIайшатие тавпикъги гьарун, чIарадисезул гимнги ахIулаго, гьалбалги нухарегIун, лъугIизе тана тадбир.

*ГIумар ГIУМАРОВ*

# Анищлъун хутIараб эбелалъул кечI

**ДагъистаналъултIахьазул басмаханаялъ дагъаб цебе къватIибе биччана мунагьал чураяв шагIир МахIмуд Апандил «ТIасалъугьа, дир вас» абураб жиндирго къисматалъул хIакъалъулъ хъвараб тIехь. Къисаялъул цо-цо бутIаби «ХIакъикъат» газеталдаги рахъун рукIана.**

**Анищлъун хутIараб эбелалъул кинидахъ кечIги, бесдал эбелалъул кьогIлъиги, кьогIлъиялъ лъалъараб лъимерлъиги – гьеб лъидасаго бахчуляроан мунагьал чурадица. Гьесул гьурмада рещтIунеб букIараб талихIкъиналъул рагIад, лъимерлъиялъул сухъмахъазухъе тIадвуссунеб мехалда. Ва гьалеха цIалдолезухъе щвана тIехьалде данде гьарурал гьесул лъимерлъиялъул шагьрабиги сухъмахъалги жанире рачараб къиса.**

**Цо нухалда газеталде вачIарав МахIмуд Апандица диеги бицун букIана жиндирго гIумруялъул къиса. Гьеса щибго абичIого, «ТIасалъугьа, дир вас» абураб хабарги хъван букIана дица. Гьенив аслияв геройлъун живго ватарав гьев вачIана дихъе ва жиндаги ракIалде кканила гьединаб цIарги кьун къиса хъвазейилан абуна. Жиндиралда къисмат релълъарав васги вугин гьенивилан велъана гьев.**

**БичIчIиларищха МахIмуд Апандида гьев вас живго вукIин. ГIодовеги виччан, гьес бицунелъухъ гIенеккизеги цIакъ бокьулаан дие. Жеги рагIун букIинчIо гьаракь борхун кIалъалевги. Эбелалъул хIеренлъинедегьлъиялъухъ урхъун араб гIумруялъухъ угьдулеб хутIана гьесул ракI.**

**Къисаялъул аслияй багьадурги дица талихIкъарай чIужугIаданлъун рикIкIуна – тIоцебесеб лъимералда вокьулин абизе рес гьечIей, каранде гьевги къан, пикрабазе эркенлъи кьезе рес ккечIей магIарулай. ТIокIабги кIудияб бакIлъи щибха эбелалъе букIинеб - чIаго вугев гьитIичидаса абадиялъго рикIкIалъизе ккей. Амма къисаялъул ахиралда магIу талихIаб бугониги, гьеб тIубараб гIумруялъ рагIдукь букIана.**




**КIиго магIу – кIиго къисмат. Цо магIу - анищлъун хутIараб эбелалъул кечIалъухъ васас тIураб магIу, кIиабилеб – васасе ахIичIого хутIараб кечIги каранде къан, талихI биларай магIарулалъ тIубараб гIумруялъ тIураб магIу. Кинабдай гьеб бакIаб?**

**ТIехьалда руго басмаялде рахъун рукIарал, цересел тIахьаздаса росарал кучIдулги, гьесул творчествоялъул хIакъалъулъ шагIирзабаз, гIалимзабаз хъван рукIарал макъалабиги. Гьаниб гьоркьехун кьолеб буго тIехьалдаса цо гьитIинабго кесекги. Дицаго цIарги кьуна гьелъие.**

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

## ТалихIаб магIу

- Дица мун вачине витIун вукIана дирго вац ГIали. КигIан гьес гьараниги дир росасул гIагарлъиялда, гьез мун кьезе инкар гьабун буго. Бусурбабазул къануналда рекъон, эбел-эмен ратIалъараб мехалда, вас инсуда аскIов тезе кколев вукIун вуго. Гьеб заманалде дур инсуца жидерго росулъа гIаданги ячун йикIун йиго. Гьеб рагIизе дие къабуллъичIеб ругьелги дихъе босун вачIана дирго вац ГIали. Дур ургъалица дун гIакълуялдаса ине дагьалъ хутIана. ГIемер гIодун свакан рукIана берал. Дур инсуеги аза-азар нагIана кьолеб букIана, гьев дида тIуванго рихинегIан, дие гьев вугониги гьечIониги батIалъи гьечIеблъун лъугьинегIан. Духьин абуни, дун чIалгIун йикIана тIолабго гIумруялъ. Цо-цо мехалъ ракIалде кколаан гьеб чIалгIеналъ дун хвелилан…

- Щайха, эбел, гьанжелъизегIан мун юцIцIухIун чIун йикIарай? Цебего бицине ккол аан дуца дие гьеб кинабго.

- Биц аниги-бицинчIониги, гьелъул ккезе жо щиб букIараб? Араб нахъбуссинабизе кIолареллъулха. Хадуй дагь-дагькккун дун ругьунлъана мун гьечIолъиялде. ГIадан сундего ругьунлъула. Чанго сон индал, дун эбел-инсуца дидаса кIудияв, ункъо лъимерги бугев чиясе росасе кьуна. КватIичIого нижееги гьаруна лъимал. Гьеб кIудияб хьизамалъул тIалаб-агьаз гьабулаго, дир бетIер сверулеб букIана, дицаго гьабулеб жо лъалареб хIалалъ. Амма мун дие киназдасаго хиривиги гIагаравги вукIана. Квеш ккараб жо букIана гьеб рокьи бихьизабизе дир рес гьечIолъи.

- Щай?

- Щайгурелъул гьеб росасе бокьиларин хIинкъана. Гьеб мехалда дица, сабру гьабун, къинаруна мунги дунги цадахъ рукIине гьарурал хьулал, амма балъго мун лъидасаго цIакъ вокьулаан…

ГьабсагIатги гьединго вокьула… мун дир тIоцебесеб лъимер кколелъулха.

- Эбел, гьанже мун дир йиго. Мун дихъе тIадюссана. Аллагь тIаса лъугьине ватила нилъедаса.

- Мунги тIасалъугьа, дир вас, дидаса.

Ниж ракI-ракIалъ цоцалъги хурхун гIодана. Гьеб букIана нижер кIиязулго талихIаб магIу.

### ЛъикIлъиялде кантIизарулеб асар

**«ТIасалъугьа, дир вас» абураб къиса буго гIун бачIунеб гIелалъе гIамал – хасияталъулабгун хьвада-чIвадиялъулаб тарбия кьеялъул дарслъун рикIкIине бегьулеб асар. Абизе бегьула гьеб бугин авторас жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ, щибго батIияб жо ургъичIого, релъаби журачIого хъвараб къиса. Гьединлъидал гьеб цIалдолезул рекIее гIагараблъун лъугьуна ва къабулги гьабула жидерго ккезе бегьулеб букIараб гIадин.**

**Къисаялъ малъула ритIухъаллъун рукIине, гIумруялда жиндирго бакI балагьизе, рекIее бокьараб жо тIубазабулеллъун рукIине, гьитIинго кIудиял гIезе ва цоги-далги лъикIал хасиятазе.**

*МухIамад ГIАБДУЛХIАЛИМОВ,*
*Дагъистаналъул Халкъияв хъвадарухъан*

### Огь, эбелалъул ракI…

**ТIоцебе гIурус мацIалда биччан букIараб гьеб дихъе щун букIинчIо цIализе. Гьанже гьев хун хадуб магIарул мацIалда биччараб тIехь сайгъат гьабуна гьесул лъади Залихаца. Дихъе щвараб къоялъго тIаса бер босичIого цIалунги лъугIизабуна. ИчIго моцIалъ рекIеда гьоркь лъун ваччарав, жиндир цо бугеб рижи - васасдехун, чохьол эбел гьедин хисизе ккани абураб пикруялъ рахIат толеб букIинчIо. ЦIакъ захIмат букIана гьеб кинабго къабул гьабизе. Амма ахир-къадги эбелалъул ракIги хIеккана… Гьелъ асар гьабичIого хутIуларо.**

**ЦIакъ бокьилаан Эбел абураб рагIул лъимадуе букIунеб къиматги бичIчIизе, гьеб рагIуда дунялалъул рокъоб щибниги бащалъулареблъиги нилъедаго лъазе.**

*Ашахан ЮСУПОВ*

## Дур цIар буго щурулеб

1

ЗанкIун гIазул цIураб хасалил сардилъ
АллагьасхIа ячун чода лъурай мун.
Лермонтов кинигин, дур абурас дун,
Ирга дий бугилан, танчий ахIичIо.
Хадуб, кверал росун, рекъел гьабуна,
Аб нилъер рокьиги къалда бергьана,
Йокъун щварай мунги дий хиралъана.

2

Дие хинлъи босун, хасало щварай,
Ихдал гIазу гIадин, йилиладай мун?
Цудунго баккараб тIегь азунелъул,
АхIуд рахъараца яхъун инадай?

3

Дирни мурад буго дуда талихI лъай,
АхIулеб дир кочIолъ мун кIодо гьайи,
ИцгIан яIцIцIадай мун матIулъун цIуни,
МагIарул ясалъул намус борхат кквей.

4

Дун ассалде щвезе, Аллагьас кьурай,
Урхъи буссинадай свин гьечIеб рекIел,
РекIее гIеладай дун тун батIияв?

5

Ихдал цIер кинигин, унин ракI биун,
Абго щиб гIаламат – хасало рии,
Рораб дир керен кинан танкулеб!

6

Бакъул гвангъи дие мукъсанлъун уна,
Унго-унголъун мун дие гьимани.
Гуржиязул ясал басралъун уна,
Огьо-гьой, дур лазат дирго беразе.

7

Щурула кидаго мун йокъулилан,
Угьула кидаго дир хIасратилан.
Рогьуна гьал сардал дур пикрабазда,
Уна къоял даим дур хиялазда.
ЛахIгIан чIегIерабги хьахIлъула дие,
Елъулаго, диде мун ялагьани,
Бераз ишан гьабун, дун веэдани.

## Йокъула

Йокъула мун, йокъула,
Йокъизе гIадай ятун,
ГIащикъ вуго, къеч буго,
Къвал базе гIадай йикIун.

Мун гьечIони, гьечIо дун,
ГьечIо гIумру, гьечIо ракI,
ГьечIо рохелги кепги,
КечIги, бакъанги, къоги.

Къабуллъуларо дие
Дур гуреб цIар ахIизе.
Ахикь розаби гIадал,
ГIемер ясал лъаниги.

Лъаларо дида магIна
Дур гурел рагIабазул,
Берцинаб калам щварай
Щий дида кIалъаниги.

Кьоларо дица къимат
Дур гуреб суратальe,
Суратгицин анищал
Щедевраби лъаниги.

Мун йикьичIеб сордо-къо –
Свараб гIумруялъул сон.
Дунго дидаго рихун,
Хвалил кьогIлъи лъалеб къо

Йокъула мун, йокъула,
Йокъизе гIадай ятун.
ГIащикъ вуго, къеч буго,
Къвал базе гIадай йикIун.

*МАХIМУД-АПАНДИ*

# Хабарги гьуинав, каламги магIнаяв

**ЛъаратIа районалъул Хидиб росулъа 92 сонил ригьалде вахарав Халилов СагIадулаца 50 соналъ гьабуна педагогикияб хIалтIи. Къисматалъ кигIан кIвекIаниги, гIумруялдехунги гIадамаздехунги рокьиги хинлъиги ссвинчIев, бицараб рагIизе гIинда бакIлъунги, хъвараб цIализе канлъукъгоги вугониги, хабар гьуинав, калам магIнаяв инсан вуго гьев. Советияб заманалдаго данде гьарурал политикиялгун партиялъул ва цIалул тIахьаз къед цIураб гьесул рокъоб нижер ккана гьадинаб гара-чIвари.**



**- СагIадула, гIагараб росу гIемер ракIалде щолищ, росулъе щвечIого заман банищ?**

- Дун гьавуна ва 8 сон базегIан вукIана Хидив. Дида лъала лъора ругел киналго лъаралги щобалги, лъелго дица сверичIеб бакI лъоба хутIунго батиларо. Дие кутакалда бокьунги буго росулъе щвезе, кIудияб гьираялда инеги инаан, черхги буго лъикIаб хIалалда. Амма гьал дир гIагарал васазул беркьан буго дун лъове вачине, нухда бокьараб ккезе бегьулелъул, гьезие ургъел буго дир ригьалъулги сахлъиялъулги.

**- Дур лъимерлъи ун буго Буйнакскиялда. Гьениб араб гIумруялъул ракIалда чIараб гIемер бугищ?**

- Щай букIунареб, дуда бихьулеб гьечIищ дир квегIаб квер гьечIеблъи. Гьеб шагьаралда ккана гьадинаб иш. Нижер мадугьалихъ вукIана дидаса дагьав кIудияв вас, Иван. Печь бакизе цIул, балагьизе кидаго эбелалъ гьев витIулаан аскариязул букIараб казармаялде. Накалде бахун гIазуги бараб, гIодоб цIерги къараб, цIорораб цо къоялъ школалде унев дида дандчIвана цIулада хадув унев гьев, ва гьес вачана дунги цадахъ. Рокъове щведал, дун викIарулев вукIана добаса босараб цо алаталда, гьебги къвагьана дида кодоб. Мадугьалас хехго вачана больницаялде ва гьениб къотIизе ккана дир квер. Гьелдаса хадуб кинха дида кIочон телеб Буйнакск. Гьебин абуни букIана дун кIиабилеб классалда цIалулеб заман. ЦIализеги квешав вукIинчIо. Школа лъугIана цониги лъабил къимат ккечIого.

**- Школа лъугIун хадуб пединституталде, тарихияб факультеталде лъугьиналъе гIилла щиб ккараб?**

- Хасаб гIилла букIинчIо, дие кутакалда бокьулаан тарих, дир тIабигIаталъулъ бессун буго гьеб. Гьединлъидал институталдаги дун цIалана лъикIго, цониги лъабилаб ккечIого.

ЦIали лъугIун хадуб хIалтIизе витIана Чачаналде (1944 соналда добе гочинабун букIана нижер росдал жамагIат). ХIалтIана Ведено районалъул Гуни росдал школалъул директорлъун. Дир кIудияв эбел йикIана гIакълу-лъай бугей, цIодорай, магIишатияй гIадан. ГIолохъанчи вукIиналъ захIмалъи цIикIкIун лъачIо, амма кIодоэбелалъул тадбир гуребани, нижер иш лъикI букIинароан, бихьилаан ракьи-кьеч.

Дораса руссиндал, хIалтIана Гъизилюрталъул, Бавтугъаялъул школазда директорлъун. Хадур ниж гочана МахIачхъалаялде, ралел бакIазул техникумалда дица кьолаан политэкономия. Пенсиялде индал гьебги тана.

**- Дур гьаниб цIакъ гIемер бихьулеб буго цебесеб литература, тIахьал. Киса гьабщинаб бечелъи?**

- Дир кIудияв эмен ИмаммухIамад вукIана цIаларав чи. Абулаан, дагьабниги пайдаяб тIехьалдаса хирияб сайгъат букIинчIин гьесие, бокьоб бугеб гIака къунги босулаанин тIехьилан абун. Гьесдаса щвана диеги тIахьазде рокьи. Гьанже дидаги кIоларо гьал цIализе, лъаларо гьазда гьабизе жоги. Гьанибго абила цо гьадинаб жоги. ХIуригат ккун хадусел соназда, гIараб цIали бугев чи хIисабалда жив толаревлъиги лъан, гьев ун вуго Закаталаялде, гьенив щвана Аллагьасул къадаралде.

Хадусел соназда гьение щварай гьесул хъизам (дир кIодоэбел) ПатIиматида батун буго гьесул хоб ва гьитIинаб зиярат. Цо нухалда гьениб как балей йикIарай гьей йихьун йиго советиял органазул хIалтIухъабазда ва гьелда ахIдезе лъугьун руго. Гьелъ абун буго нужеца дие щиб гьабуниги, дир анкьавго вац чIваниги, дида тIадаб как бачIого дица толарин абун. Гьединай гIадан йикIана мунагьал чурад.

**- Мун вуго кIудияб ригьалъул чи, бихьун батила лъикIабги квешабги, хIехьезе ккун буго гIезегIан къварилъи. Гьанже сунде вуссун вукIунев, пикраби сундул гьарулел?**

- ХIакъикъаталдаги бихьана гIумруялъул кIиябго рахъ. Дие рокьула гIадамал, бокьула хабар-кIал бицине. Амма щалгун гьанже гIодов чIелев, гьаб гIагарлъи тун батIияв щив вачIинев дихъе. Гьале гьанже ина мун, цинги кIиго къо букIине бегьула тIаде батIияв чи щвечIого. ХутIила дунго, дирго пикрабигун. Гьединлъидал рогьалилъ тIаде вахьиндал, цо-цо мехалъ дица гьарула Аллагьасда гIелин гьанжелъизегIан тарав, вачейин ахираталъул рокъовейилан абун.

СагIадулал рахъалъ чанго рагIи абуна гьесул яцгIалалъул вас ГIалиасхIаб МалагIалиевасги.

- СагIадула ккола нижер гIагарлъиялда гьоркьов ва росулъ бищун кIудияв чи, къадруяв, магIнаяв, лъикIав инсан. Дир хIисабалда, ЛъаратIа районалда къанагIат гурони ватиларо гьев лъаларев чи. Кинаб къваригIел кканиги, киналго унаан гьесда аскIоре, мурад тIубачIого цониги чи гьесги нахъчIвалароан. Гьесда бихьана гIемераб къварилъи: бесдаллъи, авариялде ккун хвана дурц, чIвана вас, дагьай цее хвана хъизан ГIайшат.

Амма кигIан къварилъи бихьаниги, гьев согIлъичIо, чIечIо живго жиндаго. Гьев вуго рагьарав, ракIбацIцIадав, гIадамал хирияв, гьудул-гьалмагъзлъи гIемерав инсан. Гьев кидаго вукIана къадруялда, вуго жакъаги.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

## БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

**РФялъул Миллияб гвардиялъул 116-абилеб бригадаялъул рагъухъабаз битIун бачIараб видео-хитIабалда баркала кьолеб буго Болъихъ районалъул Муни росулъа ХIусен МухIамадовасе. Гьесие битIун бачIана №6962 рагъулаб часталъул командирас гъулбасараб ведомствоялъулаб грамотаги.**

**«Грамота кьолеб буго ХIусен МухIамадовасе - № 6962 рагъулаб часталъул аскарияб рагъулаб хъулухъги хасаб рагъулаб операциялъул масъалабиги тIуразе хIадур гьариялъухъ», - ан хъван буго грамотаялда.**

**СВОялда ругел рагъухъабазеги мобилизациялда рекъон гьенире арал росуцоязеги кIудияб кумек гьабулеб буго Муниса ГъазимухIамад ГъазимухIамадовасги. ЧанцIулго гьес Украинаялда ругел аскариязе битIана рахIмуялъулаб кумек.**

## ПАЙДАЯЛ МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

**Лаваша районалъул Хъуппа росулъа 104 сонил ригьалде вахарав Жамалудинида цIехедал, гIумру халалъиялъе сабаб щиб ккарабин абун, гьес абурабила кинабго бараб бугин Аллагьасул хIукму-къадаралда. Амма жинца гIумру гьабунин бусурбанчиясда тIадал ишал тIуралаго. Масала, киданиги ва лъида бугониги жив щим бахъун кIалъачIин ва гIадамазе къимат кьезеги лъугьинчIин. Дие квешлъи гьабурав тIаса лъугьунги танин, гьесда бецIизейин абураб хиял рекIелъеги биччачIин. Гьединго Жамалудиница гьадин бицун буго:**

«Унтабазе ва чорхое бищун лъикIаб дару дида батана как баялъулъ, кIал ккеялъулъ ва черхалде хIал кколареб хIалтIи гьабиялъулъ.

РахIатхун вугони, гIемер хьвадизе ккола, хасго авлахъалдасан, рохьосан, лъим чвахулеб бакI ккун. Лъехь ралагьидал, пикрабиги роцIуна, ургьелалги чучлъула.

КигIан витIарав вукIин лъалеб бугониги, дун киданиги дагIбадичIо. Кинабго тIамун толаан Аллагьасде.

Кверал квалквадулел ругони, нервабазде хIал кколаро, чорхолъе рухI бачIуна, бетIер роцIун букIуна.

Лъица бугониги дир хIакъалъулъ гьадин абун рагIулин бициндал, битIараб бугинги абун, дица гьелъул кIварго гьабуларoан. Аллагьасда цеве вацIцIадавлъун вукIин букIана аслияб мурад.

Киданиги лъугьинчIо бечелъиялда хадув, бугелда гIей гьабиялъулъ батана баракатги рахIатги.

Киданиги хIинкъичIо щиб бугониги цо цIияб иш гьабизе.

ЧIараб заман букIунароан. Умумузги гIадада гурелъулха абулеб чвахун унеб лъим махIцунарилан. Гьаризе ракIалде ккарал ишал, ургъалаби гIемер рукIуна, амма гьел нилъеда тIад ханлъи гьабизе риччазе бегьуларо.

ГIадамалгун рукIине ккола тамахго, гьезие бажараб кумек гьабулеллъун. Щивасдасан щвезе рес буго дарс.

Бакъ баккилалде гьабулеб хIалтIуда баракатги лъола, чорхол сахлъиги щулалъула.

ГIужда рахъа, гIужда рега.

КIал ккеялъ черх щулаги гьабула, къуватги бачIинабула, ракI чIагольунги рукIуна.

Бищун лъикIаб квенлъун батана чIалкIутIан.

Бакъалъ хинлъизарурал гурони пихъал кваназе лъикIал гьечIо. Гьелин абуни ккола: хъабахъ, багIаргьоло, гIисинпихъ, пилпил, помидорал, гIеч, цIибил, кокон.

Къечалъ хIал гьабизегIан чIечIого гьекъе лъим, гьебги бацIцIадаб. Гьеб буго бищун лъикIаб дару.

Анкьида жаниб цо къоялъ гIицIго цIулакьогун гIеч кванан чIеялда тIадчIей гьабизе хIаракат бахъе. Гьелги кваназе ккола кIи-кIи сагIаталдасан. Масала, кванала цо гIеч ва цо цIулакьо, цинги кIиго сагIат индал гьебго такрар гьабила. Гьедин гьабулеб бугони, тIубараб къоялъ нилъер кванирукъ хIалтIулеб букIуна.

Сваканищ – хIалхьи гьабе. Кьоге чорхое гIакъуба.

Квен букIине ккола бищунго гIадатияб. ГIемер батIи-батIияб жо ургьиб чIваялъ, унтаби цIикIкIинарула.

Чай гьабизе бищун лъикIаб заварка буго гIолохъанал генул гьутIбузул гIаркьалаби. Гьединаб чаялъ чорхолъа цIам бачахъула ва рищалабазе мадар гьабула.

Овощал кваназе лъикIал руго релъинеги гьарун. Кваналелъул хIаракат бахъе лъим гьекъечIого чIезе. Кванан хадубги лъикIаб гьечIо лъим гьекъезе.

ГIемер кванаге. БугIун цIезабураб кваниругъалъ кIвахIаллъи, тIаде цIала.

Хехго свакалев вугони, къойида жаниб кIигольабго ламадур кванай. Гьелъ къуват бачIинабула.

Гьоркьо-гьоркьоб цIулакьо кваназе лъикIаб буго. Гьелъ гIадалнах лъикI хIалтIизабула.

Цогидаздаса пайда щвезелъун сихIирлъи хIалтIизабуге. ХIаракат бахъе цогидазе пайдаявлъун мунго вукIине.

Щибаб къоялъухъ Аллагьасе рецц гьабе, гIадамазда гьимун кIалъай, Аллагьас дуе къураб щибаб къоялдаса разилъи загьир гьабе.

РакIги рухIги бацIцIадго чIезабе.

Щибаб къойил, хIалкIун, гIемер рецц гьабе БетIергьанасе.

***Интернеталдаса***

# Сураталъул лъалкIда хадур

**Дагъистаналъул адабияталъеги тарихалъеги къимат тIокIаб хIакъикъияб фотоаппаратальъ бахъараб ХъахIабросулъа МахIмудил сурат батун нижехъе щвезабуна Унсоколо районалъул ЦIатIанихъа МахIмудил гьудул Сулиманил МухIамадил ясалъул вас Алхасица.**



ХъахIабросулъа МахIмуд

Цо къоялъ дихъе кIалъан вачIана Унсоколо районалъул жамагIатчи, адабиятги тарихги лъалев ва гьеб бокьулев, ЦIатIанихъа Чанил вас Бигиш. Гьес бицана ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъикъияб сурат батун бугин жиндир гIагарав чиясдаян. Халгъабидал гьеб сурат бугоан некIсияб фотоаппаратальъ къвакIараб кагътида бахъараб, нахъе цIунун хутIараб, жеги гIелмуялъе пайда босизе, халгъабизе бегьулеб куцалъ.

Бигишица бицана сурат батанин мунагьал чураяв ЦIатIанихъа Набиев Халилил вас Алхасида Буйнакск шагьаралда кIудияв инсул, МахIмудил гьудуласул, ЦIатIанихъа Сулиманил МухIамадил архивалдаян. Алхасил эбел Рукъигат ккола Сулиманил МухIамадил яс.

Нижее гьеб букIана кIудияб рохел. Дица сурат босана компьютералде, лъуна интернеталда, (www. fatiha.ru) гьаруна гIемерал копиял, щвезаруна ХъахIабросулъеги, мугIалим ГIазизов СагIидица, гьеб сураталъулги бицун, Сулиманил МухIамад Рихьунисаян чIезавун вугоан. ЦIатIанихъа жамагIаталъе гьеб хабар рекIее гIун гьечIоан. ТIубан хIакъикъат лъалалде, нижеда цIехрехги гьабичIого, газеталда бахъунги бугоан гьеб. Заман гIемераб индалха, гьесдаги гIайиб гьабизе бегьуларо, ригь араб мехалъ, кинабго жо чиясда ракIалда чIоларелъул.

Дагъистаналъул ГIелмияб централъул МацIалъулги, адабияталъулги ва искусствоялъулги институталда гIелмиял хIалтIухъабаз лъикI халгъабуна сураталъухъ, пикру гьабуна Сулиманил МухIамадилги МахIмудилги тарих-бухьеналъулги. Цере росана МахIмудил киналго суратал, гьел данде ккуна МахIмудил инсул Анасил МухIамадил сураталгун.

Академик ХIамзатил ХIажияс гьадин бицун букIана жиндирги ЦIатIанихъа Сулиманил МухIамадилги букIараб дандчIваялъул хIакъалъулъ: «МахIмудил нусго сон тIубаялъул юбилеялда КПССалъул Унсоколо райкомалъул тIоцевесев секретарь, ЦIатIанихъа Гьиматил МухIамадица гьабуна нижер лъайхъвай. Гьев вугоан жеги лъикIаб гIакълу-лъаялдаги вугев, саламатав херав чи. Сулиманил МухIамадица бицана МахIмудгун цадахъ жал Хъвадарухъазабазул союзалдеги, Дагъистаналъул ГIелмияб централдеги, къуна МахIмудил адабияб ирсалда тIад хIалтIулел шагIирзабихъвадарухъабазухъеги. Щвезабуна журналист мунагьал чураяв ПатахIов МухIамадихъеги, дицаго гIурус мацIалда интернеталда лъураб текстги хъван, магIарул мацIалда дуцаго рекъезабун хъван, киса-кин бачIарабали бахъеян гьарун. Нижер гьариги букIана, гIедегIичIого, кIудияб ахIи-хIур гьабичIого, цин халгъабун, борца-къотIун хадуб, газет-журналазда бахъеян абураб.

МахIмудил ирсалда тIад хIалтIулаго гIемерал росабалъе щварав Лаваша районалъул ЧIугIлиса тIоцебесеб Дунялалъул рагъда гIахьаллъиялъул хIакъалъулъ». Хадуб ХIажияс абуна гьаб сураталдаги Сулиманил МухIамад релълъарав вугин, гьесул цоги суратал ратани, цIех-рех гьабизе ккелаанилан.

ЦIатIанихъа Бигишица бицана сураталъул гьадинаб тарих: «Сулиманил МухIамадица бицун бугила, сурат бахъулаго, МахIмудидаги жиндаги асхIов вахъун чIун вукIарав чи (цIар ракIалда гьечIо) лъеберабилел соназ ккун вачун (репрессировать) анилан. Хадуб дунгоги МахIмудги тун сурат къотIаниги, жиндаги, хIукуматалъул хъулухъалда – органазда хIалтIулев чиясда, хIинкъараб заманги букIун, гьеб сурат гIадамазда бихьизабизе кIвечIо», - ян. Сулиманил МухIамадги 1977 соналда къадаралде щун нилъедаса ватIалъун вуго. ЖакъалъизегIан къватIибе бахъичIого суратги хутIун буго.





Сулиманил МухIамад ва МахIмуд

МахIмудилги Сулиманил МухIамадилги буго рагъулаб ретIа-къай, погоназда ругел хъвай-хъвагIаял ратIарахъизе лъалел руго. Гьел руго Дагъистаналъул кIиабилеб полкалъул гIаламатал. Гьеб полкалда рукIарал дагъистаниязул архивал цIунун ратизеги бегьула.

Нижеца дандекквеялъе гьанир лъолел руго МахIмудилги гьесул эмен Анасил МухIамадилги суратал. МахIмудил фондалъ, адабият бокьулезе баркалаги кьолаго, цIехрех гьабулеб буго гьаб сураталъулги МахIмудил хIакъалъулъ биценазулги. Лъида щиб лъалеб батаниги, гьарула нижехъе (dagistani@ya.ru) яги редакциялде хъваян.

***М. ХIАСАНОВ,***
***МахIмудил фондалъул президент***

## УЛБУЗУЛ ХIУРМАТАЛДА

# РакIалдаса араб къо букIунаро



**Хьонохъ росулъа СВОялда вас накълулъарай Закариева Зайнабихъе щвана У. ГIалибегова ва М. ГIабдулкъадирова.**

Шамил районалда, Эбелалъул къоялда хурхун, тIоритIана батIибатIиял тадбирал.

Масала, райадминистрациялда данделъун рукIана районалдаса СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал ва жакъа гьенир хьулухъ гьабулел ругел гIолохъабазул улбул.

Данделъиялда кIалъана районалъул бетIер М. ХIасанов, руччабазул советалъул председатель У. ГIалибегова, «Инсан» фондалъул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев Ш. ЗайнулгIабидов, КЦСОНалъул вакил М. ГIабдулкъадирова.

Районалда гIуцIун бугеб «Кинабго фронталъе» абураб фондалъул рахъалдасан щиялъе кьуна анцIаза-азар гъурущ.

Гьенире рачIине рес ккечIел улбузухъе сайгъаталги росун росабалъе щвана КЦСОНалъул хIалтIухъаби ва руччабазул советалъул нухмалъулей.

***С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

## ВЕТЕРАНАЗУЛГУН ДАНДЧIВАЙ

# ГIолеб гIелалде кьолеб кIвар

Унсоколо районалъул спорталъул ветеранал дандчIвана Шамилхъала поселокалъул школалъул цIалдохъабигун. ДандчIвай гIуцIана Дагъистаналъул миллияв БахIарчи, спортшколалъул директор ТIагьир ТIагьировасул ва районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун.

ДандчIваялъул аслияб мурад букIана, Спорталъул ветеранасул къоги кIодо гьабун, гIун бачIунеб гIелалъул спорталде рокьи куцай.

ЦIалдохъабигун дандчIвана Олимпиялъул чемпион МухIамад Бадрудинов, ТI. ТIагьировасул тренерлъун вукIарав, РСФСРалъул мустахIикъав тренер, МахIачхъала шагьаралъул ШВСМалъул директорасул заместитель МухIамад ХIайбулаев, эркенаб гугариялъул рахъалъ Дунялалъул чемпион ГIабдула ШагIбанов, Гиннессил чIчIелазул тIехьалда 64 нухалда цIар хъварав ГIумар ХIанапиев, шахматазул рахъалъ спорталъул мастерлъиялде кандидат АхIмад Тумалаев ва спорталъулгун захIматалъул ветеран Сулейман МухIамадов.

ГI. ХIанапиевас рихьизаруна гьунарал. ЦIалдохъабазе тарбия кьеялъул бицун кIалъана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев М. МухIамадов ва спорталъул отделалъул нухмалъулев М. МухIамадов.

ДандчIваялъул ахиралда райадминистрациялъ спорталъул ветераназе кьуна Баркалаялъул кагъталги.

***Сулейман МУХIАМАДОВ,***
***Унсоколо районалъул Херазул советалъул председатель***

# ШайтIаналъул макру

**Щивав бусурбанчиясда тIадаб ишлъун ккола цогидазе бажарараб лъикIлъи гьаби ва лъикIал гIамалал нилъеда малъулезул хIурмат гьаби. Гьединго бусурбанчи цIунаравлъун вукIине ккола квешал гIамалазде нилъ ахIулездасаги квешлъи гьабиялдасаги.**

**Амма нилъ квешлъи гьабиялде тIамулеб тушман буго, Аллагьас Жиндир рахIматалдаса бачахъараб, шайтIан. Къуръаналда буго: «ШайтIан нужее тушман буго, нужеца гьеб тушманлъунги кквe», - ян.**

**Цо-цо чагIаз цIехола кинин шайтIаналдехун тушманлъи гьабилебин абун. Гьелдехун тушманлъи гьабула Аллагьасе тIагIат гьабиялдалъун, мунагьаздаса рикIкIалъиялдалъун, ихлас цIуниялдалъун. Имам Гъазалияс хьван буго: «Инсанасул рекIел мисал, хъалаялъ-ул мисалалда релъълъун буго. Аллагьасул тушман - шайтIан, кидаго хъаравуллъи ккун букIуна, гьеб хъалаялъубе лъугьине ва гьелда кверщел гьабизе. РакIлъун кколеб хъала цIунизеги шайтIаналъул вас-васал нахъчIвазеги кIоларо, гьеб жанибе лъугьунел нухал лъан гурони», - ян. Гьел нухал цIакъго гIемер ругониги, нилъеца гьезул бищунго машгьу-рал, свалат-салам лъеяв аварагас нилъее баян гьарурал рехсела.**




ХIадис буго кIкIарадул кваркьиялъул багьаяб жо гьаб дунял гурилан абураб. Гьайгьай, гIакълу бугез, пикру гьабулез абадиялъ жидеего батулеб гьабичIого толаро. Амма гIакъилзабийин жидедаго ккарал хвезегIан хутIула рекIелъ жахIдагун, рокьукълъигун, рахIатхвейгун кIкIарадул кваркьиялъул багьаяб гьечIеб дунялалда хадур хачадилел.

## Ццим бахъин

Ццим бахъиналъ инсанасул гIакълу жагь-ал гьабула ва гIакълу дагьлъидал шайтIабаз гьужум гьабизеги байбихьула. Авлиязул цояс илбисалда гьикъун буго Адамил лъи-мералда тIад дуца кин кверщел гьабулебин абун. НагIана батаяб илбисалъ жаваб кьун буго, дица инсан кверде восулин ццим бахъ-иналдаги шагьват багьариялдаги аскIобилан абун.

## Чехь цIезаби

ГIорцIиялъ инсанасул шагьват цIикIкIи-набула ва рекIелъе къасават лъугьинабула. Гьеб шагьватги шайтIаналъул бищун кутакаб ярагъ ккола.

Цо нухалъ ЯхIя аварагас илбисалда гьи-къула:

- Дуда дие гьабизе кIолеб жо бугищ? - ан.

Гьелъ жаваб гьабула:

- Цо-цо гIорцIараб мехалда дица мун Ал-лагь рехсеялдаса машгъул гьавула, - ян. Гьес нахъеги гьикъула цоги жо бугищилан абун. Илбисалъги абула гьечIин. Цинги ЯхIя ава-рагас абула:

- Дун Аллагьасул цIаралдалъун гьеду-ла, дир чехь тIокIаб тIагIамалдалъун цIезе гьечIо, - ян.

## Сабру гьечIолъи

Свалат-салам лъеяв аварагас абун буго: «Хехлъи, гIедегIин шайтIаналдасан буго, гIодоре риччай, сабру гьаби Аллагьасдасан буго. Хехлъиялда аскIоб шайтIаналъ инсана-сул рекIелъе квешлъи рехула», - ян.

## Дунял бокьи

НагIана батаяб шайтIаналда инсанасул ду-нялалде бугеб рокьи бихьидал, гьелъ жеги хIаракат бахъула гьев чи дунял къачIазе тIамизе. Гьев мискинасулги кьойидаса-кьой-иде дунялалдехун цIайи, гьаваялда нахъ-вилълъин цIикIкIуна ва жиндаго лъачIого шайтIаналъул «лагълъун» лъугьуна.

## ХьантIи, ракI хъублъи

Инсан хьантIиялдаги ракI хъублъиял-даги вугебгIан мехалъ, шайтIаналъ гьев гIинкълъизеги беццлъизеги гьавула.

Аллагьасул салам лъеяв НухI авараг гами-да вукIаго, гьесда вихьана илбисалъ херав чи. НухI аварагас гьесда гьикъана: «Мун гьаниве сундуе гIоло вачIарав», - ан. Херас жаваб гьа-буна: «Дур гьудулзабазул ракIал дидего цIазе, гьезул чурхдул мунгун цадахъ тезе вачIана», - ян. Цинги НухI аварагасда бичIчIидал гьеб инсанасул сураталда бачIараб илбис букIин, гьес абуна: «Гьаниса къватIибе бахъа, Алла-гьасул рахIматалдаса бачахъараб тушман», - абун. Илбисалъ гьесда абуна: «Щуго жо буго дица гIадамал гьалаг гьарулеб, дица дуе гьез-дасан лъабгояб бицина, кIигояб бицинаро», - ян. ТIадегIанав Аллагьас НухI аварагасде вахIю гьабуна: «Гьеб лъабабго дуе хIажат гьечIо, хутIараб кIиябго цIехе», - абун. Ава-рагас гьеб кIиялъулго гьикъидал, илбисалъ жаваб гьабуна: «Гьеб буго ракI хъублъиги хьантIиги. ХIасад гьабиялдалъун Аллагьас дие нагIана кьуна ва рахIматалдаса бачахъ-ана, хьантIиялдалъун Адам аварагас гьесие гьукъараб гьотIодаса кванана ва БетIергьанас гьев алжаналъуса къватIиве вачана», - ян.

***И. МУХIУМАЕВ***

# РорчIа макьидаса

РорчIа нуж макьидаса, тIолго диналъул вацал,
Ракьулъе тIерхьун унеб бащдаб дунялги бугин,
Рагъарулел ракьалги, чIунтулел улкабиги,
Ралъдалъан цунамиял, гьорол, лъадал балагьал,

Гьеб гIечIелъуб горо-цIер гьегъ гIадин тIаде балеб,
ГIинкъал, беццал гурелъул, кантIуларел нилъ кинал.
Улкаялъул загIиплъи – лъавукъал хIакимзаби,
Лъай кьолел идараби халкъалъул тушбабийищ?

Лъай гьечIев учителас, гьунар гьечIев тохтурас,
Сахаб жамгIият гIуцIи батIулаб амру буго.
Ричун дипломал росун, ришваталъ хъулухъ босун,
Рахъарал хIакимзабаз пайда кьелищ халкъалъе?

Доб гIащтIиги басиги историялде анин,
Гьанже хIалтIулеб тIагIел – «Мерседесги» долларги.
Гьезие гIадлуялъе гIуцIарал идараби,
Полициялъул гIуцIи, прокурорал, судиял,

Гьелги мекъи хьвадани, балагьал рещтIинарищ?
Гьан цIунизе цIам балин, цIам махIцани щибилеб!
Нуж киналго гьединал ругилан абулев чи,
ТIубарав гIабдал вукIин, щаклъи гьечIеб жо буго.

Кинниги нужеда гьорлъ тIибитIараб рак унтуй,
Дару нужедагIан лъикI цогидазда лъаларо,
ХIалихьаталги чIаран, цIуне нужерго къадру,
Гьезул баркат гьечIолъи нужедего щвелалде.

Сауналгун борделал, сардие кьолел рукъзал,
Гостевой домалилан саяхълъиялъул рукъзал,
Гьал ночной кулубалги, кафеялгун баралги,
Балагьал рещтIиналъе сабабаллъун кколарищ?

Гьурилъун тIиритIулел жинсцоязулгун ригьнал,
ЛутIил къавм гьалаглъизе гьеб гурищ сабаблъараб.
Нужеца къачIан тарал хIакъирлъиялъул рукъзал,
Нужерго наслабазе рогьоялъе ратила.

Аллагьас нужей кьураб бечелъиги гьунарги
Аллагь разияб хIалалъ хIалтIизабе, бахIарзал.
Гьелги гьезда релълъарал гIасилъабаца гурищ
Гьаб халкъалде балагьал тIаде рещтIунел ругел.

Сирия, Палестина, Турциягун, Иранги,
Гьал гIасилъабаз гурищ балагьалде рехарал.
Органал, хIакимзаби, хIал бугел идараби,
Квербакъун бажарулел тIолго диналъул вацал,

Мунагьазул кIалгIаби къазе тадбирал гьаре,
Къагьгьарасул щцин бахъун балагьал рещтIиналде.
Щукру гьабичIеб нигIмат тIаса ин хIакъаблъидал,
Бичас кьураб эркенлъи битIун хьвадизе гьабе.

ЦIуне, вацал, наслаби, цIуне, вацал, миллатал,
ЦIуне, вацал, Дагъистан, цIуне, вацал, дин-ислам!
Гъафурун РахIимасул гурхIел-рахIму букIаго,
Щукру-рецц гIемер гьабе рахIму-цIоб даимлъизе.

АлхIамдулиллагь РахIман, исламалда ратидал,
ЦIуне, Аллагь, Дагъистан, гурхIа бусурбабазда.
Хадуб свалатгин салам хирияв ХIабибасде,
Умматлъун ниж гьаридал, АлхIамдулиллагь Аллагь!

***МухIаммаднаби ГIАБДУЛАЕВ,***
***ТIелекь росу***

## НасихIат

Нилъер кIигъуждузде тIаде бегулеб щибаб масъа-ла буго гIумруялъ нилъеда речIчIулеб гамачI. Амма речIчIанщинаб ганчIида тIасанги рахун церехун унел ругони, нилъеда кIола бокьараб гIор бахине. Гьебго за-маналда кIочене бегьуларо, дунялалдаги ахираталдаги нилъее пайдаялъе батулеб щуго жо:

**1.** Бачахъе рекIелъа рокьукълъи - ракIхун рукIанщи-наздаса тIаса лъугьа.

**2.** Бачахъе рекIелъа рахIатхвей - гьезул гIемерисел ра-тула щибго пайда гьечIел.

**3.** Гьабе гIадатияб гIумру, бугеб хIалтIизабе цIуна-къан ва гьелъул къимат гьабизе лъай.

**4.** ЦIикIкIун кье, цIикIкIун бикье.

**5.** Дуего дагь щвезе букIиналда ракIчIун вукIа.

ХАБАР

# ГьитIинав чанахъан



*(Байбихьи 46-абилеб номералда)*

Гъураб бакIалда гудур батичIо Мусада. Гьеб букIараб бакIалда бихьана гIицIго гьитIинаб гвенд. «ВахI, щибги ккун, кибедай ана гудур?» - ан хъатикь тIилги ккун, лъалкIда хаду-хадув валагьун ана Муса. «ТIирикI-тIирикIилан» кIетIолеб букIана гьесул ракI. «Цощинаб, цер гуреб, бацI ккун батани, щибдай дица гьабила?» - ян ракIалде ккана гьесда.

Гьеб лахIзаталда Мусада бихьана ракьул гIеркъиль бахъараб картIиниб кьерун, бахчун чIараб жанавар. ЛъикI хал-шал гьабидал, гьесда лъана гудраца ккураб жо цер букIин. ГьитIинав чанахъан аскIове гIагарлъанагIан, гъанчделеб букIана цер. Цере рехун рукIана хъухъадироялъул гIадал гьелъул гажал. КIалалъ букъулеб букIана гудур. ГIемер вохиялъ Мусада кIочон тана царада кIалги кIалдир гажалги рукIунеблъи. Бохги ккун, цер къватIибе бехъерхъизе къасдалда, гьес квер картIинибе бегьана, ва цараца хапараб кIалалъ гьесул килищ борлъана. Чанахъанасда лъачIо гьелъул унти, гьесда бихьичIо чвахулеб би. Танкан тIасаги бахъун, Мусаца цараде тIаде рехана квасквасги лъун, эбелалъ гьабураб «куртка» ва, къан гъванщаги ккун, цер къватIибе бехъерхъана. Гьебин абуни батана, цер гуреб, царал тIинчI. «Бокьани, цер букIа, бокьани, тIинчI букIа, цер буго – цер. Гьанжеги ккеян абе дун махсараде кIодоэбелалъ!» - ян абуна жинцаго жиндаго. Нужеда бихьизе лъикIанха, лъимал, Мусал букIараб рохел! Гьес, тIасаги бахъун, чанго нухалъ эхеде рехана тIагъур.

Бухьун кIалгун, гарбида рахасги бан, школалде бачун бачIана Мусаца царал тIинчI. Гьелъухъ балагьун гIемер кеп босана школалъул цIалдохъабаз. Киназго баркала кьолеб букIана гьитIинав чанахъанасе. ГьабсагIаталдаги школалъул «чIагояб бокIоналда» буго Мусаца ккураб чан. Гьайгьай, гьанже гьеб кIудияб гIун буго. ГIуниги щиб, гьанже лъималаз гьелда сихIирабилан абуларо. СихIираб букIарабани, гьеб Мусал гудракье ккелааницха.

Гьеле гьединав машгьурав вуго дир гьудул ва мадугьал Муса.

***ХIусен ХIАЖИЕВ***

ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

## Хасел щвана

Хасел щвана, гIазу бана,
Гьеб мугIрузда гIодоб чIана.
Херав кIудил бетIер гIадин,
Гьезул тIогьал хъахI рельана.
Доле магъилъ ссанал руго,
Саву ккарал кьунсрул гIадин,
Гьел кьунсрузукь иццал – берал,
Бакъуда гъоркь нур ссун гIадин.
Иццал – берал, иццал – берал,
Гьезул канлъи дагьлъун гуро,
Квачалдаса цIунизейин
ЦIороберал гьез ран ругел.
Хасел щвана, квач цIикIкIана,
ЦIорода гъоркь лъар кьижана,
Хераб мугIрул адаб гьабун,
Гьалагаб гIор гIодобцана.
Хасел щвана къеда бараб
Календаралда гуреб,
Гьеб нижехъе ахир-къадги
БачIун буго унго-унго!

***МухIамад ХИРИЯСУЛАЕВ***



МАСЪАЛАБИ

1. Салиматица гIумру гьабулеб буго ункъабилеб тIалаялда, рокъое унаго гьелъ бахуна 60 болъо. Саният йиго кIиабилеб тIалаялда. Чан болъо бахъине кколеб Саниятица жиндихъего рокъое щвезе ккани?
2. Къаси сагIат 12-ялда цIад балеб бугони, рес бугищ 72 сагIаталдасан бакъ щун букIине?
3. Мурадиеги Камилиеги босана цо-цо коробка конфетазул. Щибаб коробкаялъуб буго 12 конфета. Мурадица жиндиргоялъуса квана чанго конфета, Камилицайин абуни квана жиндиргоялъуса Мурадил коробкаялъур хутIаралгIан конфетал. Чан-чан конфета хутIараб кIиясулго коробкаялъуб цадахъ?
4. 10 кг ва 2 кг борцунел гирябазул кумекалдалъун кин цIазе бегьулеб 3 кг гIечул?

РАГIИКЪОТI



**ГIебеде:** 1. Цо чанго хъап. 4. Сургуялъ бахъулеб цIулал хъал. 7. Попугаязул цо тайпа. 9. Бихьинчиясда цIар. 10. ГIисинаб сас. 11. ВачIана (антоним). 12, 13. ЧIужугIаданалда цIарал. 14. Лага. 15. Хасало ретIуна… 16. Рагъухъан. 17. ЧвахунцIад байдал лъугьуна. 18. Гумбет районалъул росу. 19. ЦIер къотIулеб алат.

**ГIодобе:** 2. ВатIаналъе ритIухъай гIадан. 3. РахIатхвей. 4. БежтIа участокалъул росу. 5. Дарвинил гIелму. 6. Континент. 8. Футболалъул каву цIунулев чи.

ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

## Нуралъул кIамури лъугьунеб куц



Нуралъул кIамури лъугьуна чвахун, цIад бан хадуб, гвангъун бакъги щвараб, дунялги роцIараб мехалъ. Гьеб заманалда зодихъ рукIуна гIемерал гIисинал лъаббокIонал къатIраби. Гьел гIисинал къатIраби бакъул чIораз кунчIизарун лъугьуна нуралъул кьерал. ГьединалгIо кьерал лъугьуна бакъвараб гIазул хIуралда тIад бакъул чIорал чIвараб мехалъги. Гьелго кьерал кенчIола рогьалилъ харде ккараб щубил гараздe бакъ щведалги. ГIадатияб цIорол лъаббокIонаб призма гвангъараб чирахъалъул канлъухъе ккуниги лъугьуна гьелго нуралъул кьерал. Гьединлъидал нуралъул кьерал бокьарав васасда яги ясалда цIакъ бигьаго гьаризе кIолилан абуни, нилъ мекъи ккезе гьечIо.

БукIуна гьадинги. Дуда гIорда тIасан лъураб нуралъул кьо бихьула. Амма гьебго заманалъ гьебго бакIалде цоги рахъалдасан валагьарав чиясда гьеб бихьуларо. Гьеб бихьизе ккани, бакъ букIине ккола дур мугъзада нахъа. ЦIадал къатIраби рукIине ккола дуда церехун. Хьолбохъан яги бакъуда данде балагьараб рахъалда вугесда гьеб бихьизе гьечIо. Зоб бакьулъ бакъ бугеб мехалъги лъиданиги нур бихьуларо. Гьединлъидал нуралъул кIамури лъугьуна яги радал гIужалъ, яги бакъанимехалъ. Радал нуралъул кIамури бихьани, гьелъул магIна ккола дагьаб цебе бакъбIерхьудехун цIад букIанин абураб. Бакъанида нуралъул кIамури бихьани, бакъбаккудехун цIад бан букIуна.

ТIабигIаталъул гьеб балъголъи рагьизе аза-азар соназ ургъана инсан. Амма хутIун руго жеги нилъ хадургъоларел хIикмалъаби.

* * *

Амазонка гIоралда тIад дандчIвала виктория абулеб тIегь. Гьелъул тIанхазул диаметр бащалъула цо метралда, гьелда кIола 25-30 килограмм бакIлъи баччизе.

* * *

Бамбук ккола тIабигIаталда бищунго хехго бижулеб гьветI. Югалъулаб ва Бакъбаккулаб Азиялда сордо-къоялда жаниб гьел рижула 75-90 сантиметралъ борхалъиялде.

***Гьумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.***

# Ремонт гуро хIоралъе хIажат бугеб...



*Шамил ГIАБДУРАХIМАНОВ*

Хъвалеб буго нужехъе Хунзахъ районалъул МочIохъ росулъа СВОялъул гIахьалчи, Суворовасул медалалъе мустахIикълъарав батальоналъул штабалъул начальник ГIабдурахIманов Шамилица. Гьаб кагъат нужехъе хъваялъе гIиллалъунги ккана росулъа бачIараб пашманаб хабар.

Нижее тIабигIаталъ кьураб гьайбатаб МачIхъадерил хIор жидерго къаймилъиялде бачине къеркьолеб буго «Дагмелиоводхоз» абураб идара. ГьанжельизегIан хIор букIана тIабигIаталъул памятниклъун, гьанже гьеб сверизабун буго лъим цIунулеб бакIалде. Сундуе лъим цIунулеб бакIалде гьеб сверизабураб? Цо къатIрацин лъел тIинкIичIо «Дагмелиоводхозалъул» кумекалдалъун лъилниги ракьалде.

9 миллионгун 400 азарго гъурущ гIарац биччан буго хIоралъе капиталияб ремонт гьабизе. Щиб ремонт гьабизе кколеб тIабигIаталъго нижее кьураб хIоралъе, гьанжелъагIан кир гьел рукIарал? Гьанже туристал рачIине лъугьиндалищ ракIалде щвараб хIор?

Нижер росдал гIолохъабаз гьенир рагIалда ран руго туристазе киналго квегIенлъаби ругел рукъзал. ХIукуматалъул программаги буго росаби чIаго гьариялъул мурадалда хIалтIизе биччараб. Гьанже нижер росдал гIолохъанаб гIел росулъ чIезе бугеб рес теларилан лъугьине бегьилищ?

Нижер гьитIинаб росулъа 18 гIолохъанчи вуго СВОялда. Гьел киназулгоги диргоги рахъалдасанги кIудияб гьари буго Дагъистаналъул бетIер Меликовасде, тIабигIаталъ нижее кьураб хIор, гьанжелъагIан букIахъе теян абураб. Гьениса, туризмалъул кумекалдалъун, росдал гIадамазе бачIунеб хайиралдаса махIрум гьаруге. Хьул буго СВОялъул рагъухъабазул гьари нужеца тIубалин абураб.



# Устав-законалда хиса-басиялищ яги...

Цебе росабазул советазул хIалтIи гIуцIулаан цереккунго лъагIалие рахьарал ва росабазул депутатазул сессиязда къабул гьарурал планазда рекъон. Гьенирго тасдикъ гьарулаан росдал депутатазе кьурал тIадкъаялги, советалъул минаялъуб, киназдаго бихьулеб бакIалда чIван букIунаан гьезул сияхIги. Щибаб моцIалъ ахIулаан депутатазул сессиял, хIажалъи бугони гьениве ахIулаан районалъул цо-цо идараялъул нухмалъулев, гьенир гIенеккулаан росдал учреждениязулгун организациязул хIалтIул хIакъалъулъ бицунел докладазухъ, депутатазе кьурал тIадкъаял тIураязул хIакъалъулъ баяназухъ. Щибаб сессиялъул протоколал (кIиго экземпляр) тIалаб гьабулаан райисполкомалде, гьенисанги рехсарал гIунгутIаби тIуразе заманги цIан, ритIулаан иш тIаде кколел районалъул идарабазде ва гьел тIураялъул яги гьезда хурхун гьарурал хIалтIабазул рехсей гьабулаан хадурккунисел сессиязда. Кварталалда жаниб цо нухалдагIаги (хIажалъи ккани цоги заманалдаги) тIоритIулаан росдаего кIвар бугел суалалгун жамагIаталъул собраниял, районалъул нухмалъулелги гIахьал гьарун. Гьеб рахьалъ кидаго кIочонареб лъикIаб лъалкI тана, мунагьал чураяв, ЧIиркъатIасa ХIажил МухIамадица районалъул бетIерлъун хIалтIулеб заманалда. Районалъул щибаб идараялъул нухмалъулевгун яги жавабияв хIалтIухъангун вачIунаан жамагIатазул собраниял тIоритIизе.

Жакъа республикаялъул Халкъияб Собраниялда, районалъул депутатазул собраниялда ругел абиларо, росдал депутатал цIехани, къанагIатав чиясда лъалел ратуларо, лъаларо ругищ гьезие кьурал тIадкъаялалиги. Гьел данделъаби ахIаниги ахIичIониги, гьечIо районалъул нухмалъулезеги ургъелго.

Цо кинаб бугониги цIилъи билълъанхъизабизе ккани, дир хIисабалда, пикру гьабизе ккеларищ цебесеб къагIидаялъул рукIарал квешал, гIоларел рахъазул. Масала, лъай кьеялда баккараб ОГЭ, ЕГЭ. Кибалиго гьадин гьабулеб рагIулинги абун, гьебго къагIида гьаниб хIалтIизабизейищ кколеб?

Халкъалъе хъулухъ гьабизе тарал цо-цо гIуцIабазул хIалтIулъ рилълъанхъизаризе байбихьарал цIилъабиги, тIадчагIазда берцин рихьулел ратаниги, гIадамазе кваlквалалъе, ургъичIого гьаруралльун тола дица. Цебе щибаб росдал администрациялда гьабулаан хъвай-хъвагIай гьабураб лъимералъулги, ригьиналъулги, хварав чиясулги, гьенирго хъван хIажаталщинал документалгун, унаан гIадамал кколе-кколелъуре гьел кьезе районалде. Щибаб моцIрол ахиралда хъварал бланказул хIисаб ва гьарурал хъвай-хъвагIаял ритIулаан районалда вугев ЗАГСалъул нухмалъулесухъе. БичIичIуларо, щиб гIунгутIи букIараб гьеб къагIидаялъулали.

> Жакъа республикаялъул Халкъияб Собраниялда, районалъул депутатазул собраниялда ругел абиларо, росдал депутатал цIехани, къанагIатав чиясда лъалел ратуларо, лъаларо ругищ гьезие кьурал тIадкъаялалиги. Гьел данделъаби ахIаниги ахIичIониги, гьечIо районалъул нухмалъулезеги ургъелго.

Гьанже, цин цебе гьел документал (свидетельстваби) росизе ине кколел руго районалде, хадур гьезул хъвай-хъвагIай гьабизе росдал администрациялде ва гьениса къваригIунел документалги росун районалде.

Цебе, тIоцебе паспорт босизе районалдеги ун, гьелъул прописка гьабизе рачIунел рукIана росдал администрациялде. Гьанже пуланав чияс паспорт босун букIин лъалеб буго гьев чи чанго моцIидасан яги соналдасан къваригIелалъ росдал администрациялде вачIиндал.

Щиб гIунгутIи букIараб паспорталда чиясул миллат бихьизабиялъул? Инсанасул ихтияралцIунулелин абун ратани, паспорт кьолаго гьесие гьеб бихьизабизе бокьилищ яги бокьиларищ абун цIехезе бегьилаан.

*Магьди ГIАБДУРАХIМАНОВ,*
*Игьали росу*

# «Накъиталъ» вачана дун аххалъуде



РакIалде щвана колхозалъул азбаралда, подклассалда цIалулеб мехалда, учительница Асиялаcул ЖугьаратицахIадур гьарун, нижер классалъул лъималаз 1 маялда бихьизабураб «КIудада, кIодоэбел ва талган» абураб пьеса (басня). Дица хIалеб букIана кIудадал роль. Бахъун талгангун (кIудияб макет) дица хъвагIун ана ботIродаса нахъе ва дие «кумекалъе» рачIун рукIарал рухIчIагольабазул ахиралда чIун букIараб «гIонкIкIол» ботIролъ щвана гьеб. ДаитбегIодов ккана. БукIараб релъи, чан сордоялъ макьилъ бихьараб!

«Гъуниб» газеталъул юбилеялде ячIарай «МагIарулай» журналалъул редактор МухIидинова Бахуца дие сайгъат гьабуна жиндирго инсуца хъвараб баснябазул «Накъит» абун цIар лъураб тIехь. Рокъове щведал байбихьана цIализе, хадуб цIалана дирго гьитIичазе. РакIалде рачIарал пикраби хъвалел руго кочIодалъун.

**«Накъит» цIаларабго, макьилъ бихьана,**
**Чанго соналъ цебе подклассалда**
**МагIарул мацI лъазе ругъунлъараб куц,**
**Маргъаби, басняби хIалай чIараб куц.**

**Цого-цо гьаб «Накъит» цIалани гIела,**
**ГьитIич гьеб цIализе ругьунлъанани,**
**МагIарул мацI гьесий рахьдаллъун ккела,**
**Гьелда дун божана, тIехь цIаларабго.**

**ГIанхвараби, кутул сверухъ ругелъул,**
**Бецлъун унел берал «Вацапаздасан».**
**Наушникалги ран гIинкълъарал гIундул,**
**Гьел «хIутI-хъумураца» сахлъизарила.**

**ТIехь цIалун лъугIизе сордо-къо бана,**
**Дида лъалел «хъурмал» гьенир ратидал.**
**Амма рокьи ккана дур суратазухъ, -**
**Уммагьан, Умагьан – гьай Умагьани!**

**Цоги-цоги нухалъ дица цIализе,**
**ТечIо дихь гьеб «Накъит» гIисин наслуялъ.**
**Цоялъ цIалулаго, релъула цадахъ,**
**Цоялъ цIацIалаго, гIодула цадахъ.**

**Щибаб ошколалда, подклассазда,**
**Цо моцIалъ гьеб цIалун, гьелъухъ балагьун.**
**МагIарул росабалъ, гьал шагьаразда,**
**ГьитIичалгун хIалтIе нуж, мугIалимал.**

*Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН*
*(1956 соналда подкласс лъугIарав)*

## ГьотIода тIад цоги гъветI

Италиялда бугеб туталъул (кари) гъветIалда тIад бижун буго цоги гъветI, ай жагадул.

Абулеб буго жагадул пурчIун (гага) ккун батизе рес бугин тутил гьотIол рохтиялъубе ва гьедин бижараб гъветI гьебги батилин абун.



# АхIулгохIалъул аманат – адабияталъул асаразулъ

Имамасул васасул Россиялда букIараб гIумруялъул хIакъалъулъ гIемерисел баяназулъ ритIухълъи гьечIо.

1839 соналда, АхIулгохIда рагъул кор боркьараб заманалда имам Шамилица гIурусазухъе аманаталъе кьурав гьесул цIикIкIарав вас Жамалудинил къисматалъул бицун буго гIемерго машгьурлъичIев гIурусазул хъвадарухъан Евгений Вердеровскияс «Шамилихъ асирлъуда» абураб къисаялда. Къисаялъул авторас бицунеб буго 1854 соналда Кахетиялде гьабураб чабхъеналъул хIасилалда асирлъуде росарал гуржиязул гиназаби - гьеб заманалде хун вукIарав генерал-майор Орбелианил ва подполковник Чавчавадзел хъизамазухъ Жамалудин хисиялъул хIакъалъулъ. Гьенир гIахьаллъараз бицаралъул кьучIалда Вердеровскияс хъвалеб буго, къо-лъикI гьабун ратIалъулаго, полковник Лазаревас пачаясул аскаразул корнет Жамалудине жиндирго хвалчен сайгъат гьабунилан. Полковникас гьесда абун буго: «Дуца гьалъ нижеразул гарбал къотIуге», - ян. Жамалудиница жаваб кьун буго: «Я нижергоязул, яги нужеразул гарбал къотIиларо», - ян.

Гьел гуржиязул бикаязда ва гьезул лъималазда цадахъ Цинандалиялдаса хъамун йикIана, гьелго гIадин Даргъоялда асирлъуда хутIана ва ахиралда Жамалудинихъ хисулезда гьоркьое ккана Парижалдаса гIолохъанай парангай Анна Дрансе. Гьей йикIана Чавчавадзел хъизамалда лъималазул тIалаб гьабизе тIадкъарай, гьезул хъулухъчIужу. Асирлъудаса хвасарлъун хадуб гьелъ Парижалде нух бахъана ва гьениб къватIибе биччараб гьелъул тIехьалдаги бицунеб буго Жамалудинил хIакъалъулъ. Гьелъ хъвалеб буго Шамил имамасул вас Жамалу-



динихъ хисун жал асирлъудаса хвасарлъанила 1855 соналъул марталда.

Аманатлъун Россиялда гIезегIан соназ хутIарав ва хадув ватIаналде тIадвуссине рес ккарав Жамалудинил хIакъалъулъ нилъеда батула Америкаялдаса хъвадарухъан Лесли Бланшил «Алжаналъул хвалчен» абураб тIехьалдаги:

- 18 августалда цIакъ пашманго ва ракIкъварилъун разилъана Шамил къабихIал капурзабазухъе гьитIинав Жамалудин аманаталъе кьезе. Вас гIодулев вукIинчIо; инсуца ва эбелалъ гьесда малъулеб букIана тушманасда цебе къадру цIунейилан. Ахиралдаги эбелалъ васасда абуна киданиги кIочон тогейин мун магIаруласул, Шамилил ва Дагъистаналъул имамасул вас вукIин, - ан.

2010 соналда Парижалда «Плон» издательствоялъ басмаялда бахъана парангазул хъвадарухъан Александра Лапьерил «Бихьиназул тIолабго яхI» абураб роман. Гьелъ аслияб кIварбуссинабун буго имамасул васасул Россиялда букIараб гIумру бихьизабиялде. Гьелъ хъвалеб буго пача Николай ТIоцевесес гьев жиндирго васазда цадахъ хьихьанилан.

Амма гьаниб баян гьабизе ккола, пачаяс Жамалудин жиндирго васазда бащад гьавуниги, гьесие изну кьечIо инсулгун хурхен кквезе. Кагътал хъвазе изну букIана, амма Шамилихъе гьел ритIуляроан. 1847 соналда Жамалудиница инсухъе хъвараб кагътида руго гьадинал рагIаби:

- Нилъ цоцадаса ратIалъаралдаса хадуб араб гьаб микьабго соналда жаниб дида лъалеб гьечIо мун кин вугевали. Гьедин мун вуцIцIун чIеялъ дир цIакъ рахIат хвезабун буго ва рекIелъе кутакаб пашманлъиги лъугьинабулеб буго. Цоги нухалъ гьарула дуда, дихъе цо чанго мухъгIаги хъвайилан…, - илан.

Александра Лапьерица хасго цIикIкIун хъвалеб буго гиназабазул тухумалдаса яс Елизавета Оленинаялъулги гIолохъанав магIаруласулги букIараб битIккечIеб рокьул хIакъалъулъ. Авторалъ бихьизабулеб буго гьеб киналъулго хIакъалъулъ баянал ралагьизе жинца Санкт-Петербургалъул, Москваялъул ва Тбилисиялъул архивазда ругел документал хьирщанилан. Ахиралдаги рехсон буго жиндихъе щванила Россиялда инкъилаб ккелалде цебе 87 соналъул гIумруялде яхарай Елизавета Оленинаялъул жиндирггоги Жамалудинилги букIараб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ ракIалдещвеял.

Гьаниб суал бачIунеб буго: «Гьеб битIараб батани, гьел ракIалдещвеял кире тIагIарал, щай гьел басмаялда рахъичIел?» - абун.

Парангазул хъвадарухъаналъ, гьайгьай, чIужугIаданалъул гIакълупикруялъул асаралда гьоркь, Жамалудиниде гIайиб гьабулеб буго йокьарай ясги рехун тун анин гьев инсухъе, дандельизе гьес тIалаб гьабичIин абун.

Нилъеда лъала декабристазул руччаби гьезда хадур Петербургалдаса Сибиралде щвезегIан араллъи. ГIолохъанав магIаруласухъ, пачаясул аскаразул корнетасухъ, рокьи ккарай гьей гьесда цадахъ Дагъистаналде ячIине бегьулей йикIинчIищ? Бегьилаан бусурбанаб дин босизеги. Гьедин гьабуна асирлъуде ккун хадуб Шамилил лъадилъун лъугьарай эрменияй Анна Улухановалъ-ШугIайнатица. Эмен хадув вачIаниги, нахъе инчIо гьей, жий имамасул лъади йигинги абун.

***МухIамадкамил ГЬИМАТОВ***

# АхIулгохI тушбабазухъе щвей

21 августалда пачаясул аскаразул микьго батальоналъ цадахъго гохIде гьужум гьабуна. Гьезда данде рагъизе гIурал бихьинал гохIда хутIун рукIинчIо, гьединлъидал цебесеб кьерда гIемерисел руччаби рукIана.

Гьужум нахъчIвазе гIураб къуват гьечIеблъи бихьидал, имамас амру гьабуна киналго Нух гьечIеб гохIде рахаян. КIварас кIвараб жоги босун, кварил кьодасан руччабиги лъималги гьеб гохIде унел рукIана. Гьел къояз лъедерлъарал мугIрул бахIарзаз тушбабазул анкьнусгогIан чи чIвана. АхIулгохIда я гьекьезе лъим, я кваназе квен хутIун букIинчIо. Къиямасеб къо чIун бугилан кколеб хIал букIана. Каранда хахулел лъимал улбузда кIочон толел рукIана. Свакан тату хун, ракъи-кьечалъ загIиплъизарурал гIадамал шагьидлъаразда бахиллъун рукIунаан. Гьез Аллагьасда гьарулеб букIана жидееги шагьидаб хвел кьейилан. Дунялалъул гIумруялдехун гьезул рокьи лъугIун букIана.

Цо къоялъ Шамил имам, гьитIинав ГъазимухIамадги накалда ккун, тушбабазда вихьулеб бакIалда гIодов чIун вукIана. Гьес гьарулеб букIана: «Я дир Аллагь, гьаб лъимер буго дунялалда дие бищун хирияб рижи. Диеги гьаб дир лъимералъеги Дуца гьаб бакIалда хвел кье», - ян.

Чанги къоялъ, жакъаниги чIаго тIадвуссинарилан хьулгун, цебесеб кьерда вагъулев вукIана имам. 22 августалъ гохIда хутIараз гьужумалъ рачIунезул 500 апшероналълав чIвана. Имамасул амруялдалъун лъукъаралги руччаби-лъималги НухгьечIеб гохIде ана. Кварил кьодасан рахас гьабун унел гьезде гIурусаз гIарада бана. ГIемерисел руччабилъимал кьурулъа гьоркье кIкIалахъе рехун хвана. ГIарададул гьугьайги кьурулъа гьоркье рортун унел руччаби-лъималазул гьаркьалги гьорлъ журан рукIана. Гьединаб хIалалда рукIаго, Унсоколоса ТIагьирица имамасда гьикъана гьанже щиб гьабизе бугебилан. «Гьанир хвезе руго, - ян абуна имамас, – амма нахъе къазе гьечIо». Гьелда данде ТIагьирица абуна: «Имам, дур хвелалъ тушбаби рохизаризе руго. Хадурккунисел ишазе мунго цIунун лъикI гурищ?» - ан.

Жеги кIиго къоялъ щибаб нохъо цIунун рагъулел рукIана чIаго хутIарал муридзаби. ГохIда хутIарал хералги, руччабиги, лъималги асирлъуде ккана. АхIулгохIдаса НухгьечIеб гохIде бухьараб кварил кьодул бакьулъги чIун, сверухъ лъугьунебщиналъул имамасухъе баянал кьолев вукIана ЧIикIаса цо багьадур. АхIулгохI толаго имамас Генуса СалихIиласде амру гьабуна, тушманасухъе щвечIого букIине, жиндир цIахIилаб чу чIваян. Гьев аскIове щведал, чу гIамал хисун, хIихIидизе лъугьана. ГурхIарав муридасда, чу чIвазе кIвечIо, жибго тана. ХутIарал муридзабиги руччаби-лъималги НухгьечIеб гохIде рахиндал, солдатал хадур рачIинчIого рукIине, кварил кьо къотIун бортизабизе кколаан. ТIасан ругел кварал къотIаниги, гьоркьан ругел квараздаги бан, щулаго чIун букIана кьо. Бигьагьабун кьурулъеги лъугьун, кварал къотIизе заманги букIинчIо. Кодоб ханжарги ккун, кьо бухьараб бакIалде кIанцIун ана ГьоцIалъа цо гIолохъанчи. Кьо бухьараб кварги къотIун, кIкIалахъе вортун, шагьидлъана гьев.

### Имам муридзабигун нохъоде лъугьин

22 августалъул къаденахъе гIурусаз АхIулгохIда тIад кверщел гьабуна ва жидерго байрахъ чIвана. Амма 29 августалде щвезегIан гьезда данде къвагьи къотIичIо. ТарихчагIаз хъвалеб буго, ахирисеб къоялъ чIварал солдатазул къадар анлънусго чиясде бахананилан. Руччаби-лъималги чIаго хутIарал муридзабиги НухгьечIеб гохIда гьоркьа, ГIандигIурул рагIалда къуруль бугеб нохъоде лъугьана. НахъбакIалъул гIолохъабаз имамасда абуна жидеда цадахъ нохъоде лъугьун лъикIилан. Гьенир рукIана имамасул чIужу ПатIиматги вас ГъазимухIамадги. Лъукъ-лъукъун рукIана нахъе хутIарал муридзаби. Шамил имамасул черхалдаги букIана чанго ругьун. НухгьечIеб гохIда гьоркь нохъода лъукъарал муридзабиги руччаби-лъималги рахчун рукIин лъайдал, гIурусаз хIалбихьана гьенибе тIаде балагьараб кьуру, каратIги бахъун, квагьизе. Жидедаго тIад хIосил дванки рагIидал, цIакъ рахIатхун рукIана мугIрул бахIарзал. КъваригIун вукIана гIурул дандбитIараб рахъалдеги вахун, кьуру борлъулесде ишан босулев чи. Дунял рукIкIиндал, кьурулъа гьоркьеги лъугьун, ГIашилтIаса Дарбишилав абулев имамасул гIужихъан, гIорги бахун, чIиркъатIисезул рахъалде ана. 15-20 метралъ борхалъуда бугеб кьурулъеги вахун, гьес вахчизе санагIатаб бакI гьабуна. ХIосги босун, кьурул рагIалде вачIарав солдат, Дарбишиласул гуллаги щун, кьурса гьоркье вортана. Чан солдат кьуру борлъизе лъугьаниги, гьединго Дарбишилас гьоркье вортизавуна. Солдатал, кьуруги жибго тун, нахъе ана.

***М. ХIАМЗАЕВАСУЛ***
***«Имам Шамил» тIехьалдаса***

## ЗИГАРА



Дагъал церегІан къоязда нилъедаса ватІалъана Хунзахъа машгъурав тарихчи, мугІалим, газеталъул божарав гъудул ГІалибег Хъазанбиев.

ГІалибег Хъазанбиевасул квербакъиялдалъун Хунзахъ росулъ рагъана республикаялъул даражаялъул тарихияб музей. ГІемерал соназ гьелъие нухмалъиги гьабуна гьес.

ГІалибегил хъизамалда, гІага-божаразда ва ракьцоязда зигараги балаго, нижеца Аллагьасда гьарула хварасул мунагьал чурагийин, нахъе ругезе сабру кьегийин абун.

*«ХІакъикъат» газеталъул коллектив*

* * *

МахІачхъала шагьаралъул №1 больницаялъул администрациялъ, профсоюзалъул комитеталъ ва тІолабго коллективалъ, рехсараб больницаялъул бетІерав тохтур ХІажимурад Маллаевасда зигара балеб буго, лъади Башарат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Ахират лъикІаб кьун батаги.

* * *

«ХІакъикъат» газеталъул редакциялъ зигара балеб буго МахІачхъалаялъул №1 больницаялъул бетІерав тохтур, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХІажимурад Маллаевасда лъади Башарат къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тІойитІун ятаги.

## КИЦАБИ ВА АБИЯЛ

Хвараб бацІица гІи чІваларо.

Хварав чидай молода вугев, чІагоявдай?

Хварал чІегІер ракьулъ, чІагоял багІар бакъукь.

ХинкІ босарас тІор босе.

ХинкІазде щвартІихалат, хурибе рагІадхалат.

Хиял букІанила хераб гІанкІудул, ханал гьарилилан, къинлъарилилан.

Хоб тІупанагІан ракІ тІупулеб.

Хунздерил гІадат хвани, гІандалазул балъ холеб.

Хур бухІани, бакъ, рукъ бухІани, цІа.

Хур гуккуге, гьолъ мун дагьавги цІакъ гуккизе гурин.

Хур гъоркьехун лъикІаб, рукъ тІадехун лъикІаб.

Хурги дуцаго бекье, гьабихъеги мунго а.

## ФИЛВОРД

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А | А | С | А | ГІ | А | Л | А | Т | ТІ |
| С | С | Л | Л | М | А | И | Л | ГЬ | А |
| И | ГІ | А | Н | А | Н | Б | У | И | Р |
| Б | М | У | ГІ | П. | А | А | Ш | Н | е |
| А | Ж | М | А | Х | Н | Д | А | У | С |
| ХІ | Д | А | Р | А | Н | И | П | А | Р |
| ХІ | Д | А | А | А | ХІ | А | Н | Н | И |
| А | М | Н | И | Ж | И | Х | С | У | М |
| Д | И | А | Я | Л | М | А | Д | Д | А |
| И | Д | Р | И | С | У | Р | Д | А | М |

**Гьал филвордазда жанир къурал хІарпазул рагІаби лъугьинаризе ккола гІебеде, гІодобе, тІасагъоркье, гъоркьа-тІадеги рачІун (бокІон къотІун рачІинчІого).**

**Гьаб филвордалда руго магІарулазул бихьиназул цІарал. Гьанир къурал киналго цІарал битІун хъванани, хутІарал рукъзабахъ ругел хІарпал тІаса гъоркье лъугьине ккола магІарулазда гьоркьоб бищун хирияб, машгъураб цІар.**

***ГІуцІана Магьди ГІАБДУРАХІМАНОВАС.***

**46-абилеб номералда лъураб рагІикъотІалъе жавабал:**

1.Хабар. 2.Галигин. 3.Галан. 4.ЧІанда. 5.Вабаъ. 6.Амазонка. 7.Ортопед. 8.Кафе. 9.Атаман. 10.Тувадахъ. 11.Асадула. 12.Маймалак. 13.КъаламтІар. 14.МихІмар. 15.Масъала. 16.Къасд. 17.Пальто. 18.Орангутанг. 19.Хьоп. 20.Мавлид. 21.Рапорт. 22.Трактор. 23.АхІмакъ. 24.Азали. 25.ХІамза. 26. Микьир. 27. Индигирка. 28.ТуманкІ. 29.БагІари. 30.Алазан. 31.Маузер. 32. МагІна. 33. Абакан. 34.Баобаб. 35.Жулам. 36.ГьанаркІо. 37.Этика. 38.ШагІир. 39.Рохти. 40.ТІала. 41.ХІарим. 42.Васигат. 43.Сорт. 44.Къара. 45.ГІурумухъ. 46.Омоним. 47.НагІадала. 48.Юрмала. 49.Мерго. 50.Романс. 51.Ялта. 52.ГІандарак. 53.Регламент. 54.Сапар. 55.ХаратІ. 56.ХІара. 57.ТІабигІат. 58.Меринос. 59.Макру. 60.АнсалтІа. 61.ГІучІалтІам. 62.Хазина. 63.Накку. 64.Карачел. 65.МартІ. 66.Гъансито. 67.Рахчирукъ. 68.Махно. 69.Харал. 70.СалахІ. 71.Варис. 72.Наслу. 73.Давла. 74.Неца. 75.Карамат. 76.ЦІарагІ. 77.Тахта. 78.Армия. 79.СологІучІ. 80. ХІамам.

ХІАКЪИКЪАТ

**БетІерав редактор**
ХІАСАНОВ Темирхан МухІамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухІамадхІабиб МАХІАТІОВ

**Отделал: Информация, политика, гІелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГІалисултанова

**РухІияб хазина**
Редактор:
**ПатІимат ГьитІинова**

**Адабият ва тарих**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магІишат**
Редактор:
**ГІабаш ГІабашилов**
МухІамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор:
**ПатІимат МухІамаева**
ПатІимат СултІанмухІамадова

**ЦІалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГІайшат ХІалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухІамадкарим ХІамзаев
Мадина ХІажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахІачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватІибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахІачхъала Пушкинил къватІ, 6
«ХІАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГІУЦІАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гІахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагІалие)

Багьа 15 гъурущ

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХІалтІулел чагІи», «БагІарал мугІрул», «МагІарул мискинзаби», «МагІарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагІарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагІараб байрахъ».